Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



ИНХОСА ГIали-хIажи - гIакълудал ралъад

1/2020
январь - февраль



**ГIАБАСИЛ МахIамад**

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

# 1
# 2020

**январь - февраль**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## НОМЕРАЛДА РУГО


**ИНХОСА ГІАЛИ-ХІАЖИЯС 175 СОН ТІУБАЯЛДЕ**

**ХІ. ГІизудинил.** Авар мацІалъул эмен, миллат ккураб цо хІуби.............................3
**Инхоса ГІали-хІажияв**. КучІдул.................................................................................6

**ТАРИХИЯЛ ХІУЖАБИ**

**М.ХІамзаев.** Шамилил кагътал.................................................................................14

**МУХІАМАД ХУРШИЛОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 115 СОН**

**М.Хуршилов**. ГІандалал............................................................................................22

**ПЬЕСАБИ**

**М.ЗайнулгІабидов.** Сангар.......................................................................................36

**РЕКІЕДА БУГЕБ КАГЪТИДЕ**

**Т.Зургьалова.** Ахираб заманаги авар адабиятги.....................................................54

**НИЛЪЕР НЕКІСИЯЛ ГІАДАТАЛ**

**А.ИсламмухІамадов.** Цебе магІарулазул ретІел кинаб букІараб?.........................58

**ХАРБАЛ**

**Р. ГІалисултанова.** КватІун батараб талихІ.............................................................67
**С.ХІасбулаев.** Чадил хІакъалъулъ къисса................................................................72

**НИЛЪЕР УМУМУЛ**

**ХІ.ХІажил.** Нахъаколоса КІудияв ХІажи...............................................................76

**ЦІАЛДОЛЕЗУЛ ПИКРАБИ**

**Н.Гъазиев.** РагІи бегІерав шагІирги магІна берцинав инсанги.............................81

**ГІАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

Чедги мусралги..............................................................................................................86

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**

**ЦІ.ХІамзат.** Васги ясги..............................................................................................92


---


Журналалъул хъвай - хъвагІай гьабун буго хъвай-хъвагІай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хІакъалъулъ. РФялъул закон цІуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография:** **ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №1 2020 г.**
*январь - февраль*
*На аварском языке*

Выход в свет 2020 г.
Тираж экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## АВАР МАЦIАЛЪУЛ ЭМЕН, МИЛЛАТ ККУРАБ ЦО ХIУБИ

2020 соналда магIарулазул машгьурал рагIул устарзабазул юбилеял руго. ШагIир, гIалим, гIакъил, аваразул ва Дагъистаналъул адабияталъул классик Инхоса ГIали-хIажияс 175 сон тIубала исана.

Мадинатул наби, нур бараб шагьар…

Инхоса ГIали-хIажи ккола магIарул халкъалъул гIаламатазул цояв, унго-унголъунги халкъияв, нилъер миллаталда жиндир асарал рекIехъе лъалев шагIирги гIалимги. Кинидахъ рагIана тIоцере ГIали-хIажиясул мухъал. Гьел назмаби ракIалдасан ахIулаан жиндир хIал алжаналъуб батаяй кIодоца, СагIадуллагьил ПатIиматица.

**Мадинатул наби, нур бараб шагьар,**
**Щвезе гIагарлъидал, гIамал хисана.**
**Хирав ХIабиб вугеб ХIарамалъул ракь,**
**Дуда хIетIе чIедал, дун хIайранлъана.**

Гьел ва цогидалги ГIали-хIажиясул асаразул мухъал гьитIинго риун тIуна рекIелъе ва ботIролъе.

Гьедин халкъалъул хазиналъун, миллаталъул рухIияб бечелъилъун лъугьиналдаса кIудияб даража кинаб букIинеб шагIирасе.

**Рагъул дангъва чIвараб Дагъистаналъул**
**Салам бугин абе имамасдехун**

Гьанир тIадехун рехсана Инхоса ГIали-хIажияс мукъадисаб Мадина шагьаралда хъварал мухъал. Гьединабго камилаб мацIалда ва гъваридаб пикругун къалмиде босараб къасидат ккола «Макка бахъиялъул туркиги». Шамил имамасул ва цогидал магIарулазул бахIарзазул хIакъалъулъ хъварал гьесул асарал ккола Дагъистаналъул адабияталъул борхалъи, хасаб лъугьа-бахъин.

Гьаб заманалдагицин жинда бугьтанал лъолел цо-цо руккелал камичIев, Кавказалъул миллияв чIухIилъун ва диналъул багьадурлъун кколев Генуса Шамил имамасул сипат рагIа–ракьанде щун бахъун буго Инхоса ГIали-хIажияс. Гьеб поэмаялъул байбихьудасанго КIудияб Кавказалъул рагьги гьелъул гIахьалчагIазул бахIарчилъиги цере лъун рихьизарулел руго шагIирас:

**Гьаб Дагъистаналъул гъажалда лъурал**
**Рагъул чинал руго, чидай щоларел.**
**Чанги магIна бугев магIаруласул**
**МугIрузде биччараб чIухIи бихьулищ?**

**ЧIван хвейги гIид буго гIолохъабазе,**
**ГIалам урхъараб цIар нахъе бугони.**
**Берал къанщунилан, къадру холаро,**
**Халкъ бахилаб гьунар бицаде тани.**

**Балагьалъул къояз къирарал цаби**
**Къалмаллъун рахъуна нахъе ругезе.**
**Рагъда гьунар тIокIал гьудулзабаца**
**Гьал мугIрузда чIвана чIухIун байрахъал…**

**Тушбабазул рагъаз ругънал гьарураб**
**Дагъистан къачIазе къотIи босана**

Хадуб ГIали-хIажияс бахъулеб буго аваразул нартасул – Шамил имамасул сипат-сурат:

**Рагъда къо хIехьолев, хIалхьи лъаларев,**
**ХIал-зулму рихарав, хвалчен лебалав,**
**Гьал шурутIал чIарав щулияб кьуру –**
**Шамил имам тезе тасдикъ гьабуна.**

**Тушбабазул рагъаз ругънал гьарураб**
**Дагъистан къачIазе къотIи босана…**

**ВатIан гьитIинасе, гьунар тIокIасе**
**ТIолго улкабазул баркала щвана,**
**Шавкат кутакасе, кумек дагьасе**
**Дандиял къулулел къиматал щвана.**

**МагIарул чияли чанги вагъарав,**
**Чол кьолода жаниб жемун мусругун.**
**Чанги бахIарзаца рухIал ричарал,**
**Чорокаб къавмалда дандеги рагъун.**

Тарихиял поэмабазул жанр, щвалде щун, заман, бакI, гIадамал ва рукIарахъин рагьун, цебе лъолеб куцалда кьун буго ГIали-хIажияс.

**ХIижаз гIарабиязул кIиго кьибил букIараб,**
**Цояб – бану бакрулал, цинги – хазагIатилал.**
**КIиябго кьибилалда цо-цо гьудул вукIарав,**
**Цоцазде, мех-мех бихьун, хьвади гIадатлъун ккарал.**

Гьединаб къагIидаялда цIалдолезда некIсияб гIасруялда гIараб ракьалда букIараб ахIвал-хIал цебе чIезабулеб буго шагIирас. Гьеб кIиябго кьибилалда гьоркьоб кьал ккеялъулги хадуб Маккаялда ислам тIибитIизабиялъулги мухIканго рехсолел лъугьа-бахъиназда гьорлъ гIахьаллъарав чияс гIадин, хъван буго Инхоса ГIали-хIажияс.

**ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас…**

Инхоса ГІали-хІажиясул ва гьесул рухІияб ирсалъул хІакъалъулъ хъвана тІахьал, гІелмиял хІалтІаби, художественниял асарал. ШагІирасул рухІияб нахърател бакІариялъе кІудияб хІалтІи гьабуна Инхоса ГІусман-хІажи МухІамадовас. ТІоцебе ГІали-хІажиясул тІехь къватІибе бахъана Дагъистаналъул халкъияв шагІир, драматург, прозаик ГІабасил МухІамадица. Диниял асарал гьукъараб советияб заманалда гьеб мажмугІ биччай букІана ГІабасиласул гьунар, бихьинчияб иш, республикаялъул адабияталда цебе гьес борхараб цоги тІадегІанаб борч.

ГІали-хІажиясул ва гьесул асаразул асир ккола Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагІир МухІамад АхІмадовги. Гьес классикасул хІакъалъулъ хъварал асарал рахъана батІи-батІиял тІахьазда, таржамаби гьарун, къватІисел улкабаздагицин басмаялда къабуна гьел.

Дагъистаналъул Муфтияталъул хІаракаталдалъун щуазарго экземпляргун къватІибе биччана ГІали-хІажиясул асарал рахъараб ва гьесул гІумрудул бицунеб тІехь. Гьединго «Гумбет» басмаялъул жигаралдалъун, федералияб Геннадий Тимченкол цІаралда бугеб грантги бергьун, цІалдолезухъе щвана МухІамад АхІмадовас хъвараб «ГІакълудул ралъад» абураб мажмугІ.

Филологиял гІелмабазул доктор Чакар Юсуповалъ басмаялда бахъана «Инхоса ГІали-хІажи. ГІумру ва асарал» абураб тІехь. ШагІирасул щибаб юбилеялде тадбирал гьаруна гьесул гІураб росулъ, районалда ва МахІачхъалаялда. Инхоса ГІали-хІажиясул цІар кьун буго Бакълъулазул районалъул аслияб библиотекаялъе, Хасавюрт шагьаралъул къватІалъе, ТІад Инхо росдал гьоркьохъеб школалъе.

ГІали-хІажи мустахІикъав вуго жеги цІикІкІараб хІурматалъе ва адабалъе. Гьесул кицабиял алпазал цІакъ рокьула магІарулазе. Лъида лъаларел гьесул машгьурал рагІаби:

**ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,**
**БекьичІого, лъилъе, нилъ гьечІого, хур.**

ГІажаибаб къисматалъул, къадруяб хасияталъул, гъваридаб пикруялъул, бацІцІадаб гІамалалъул, камилаб иманалъул инсан вукІана Инхоса ГІали-хІажи. Нилъее киназего тавпикъ кьеги гьесул асарал цІализе ва гьезул магІна босизе. Амин.

## ИНХОСА ГІАЛИ-ХІАЖИ – МАГІАРУЛАЗУЛ ХІИКМАТ

**Инхоса ГІали-хІажи – магІарулазул хІикмат,**
**ГурхІулев БетІергьанас халкъалъе кьураб нигІмат,**
**ГІелмудулги кочІолги кунчІи лъугІулареб бакъ,**
**Бакълъулазул рахъалъул байрахъги, рухІги, яхІги.**

**МухІаммад расуласул ирс босарав дагІватчи,**
**РагІул багьадуразул багьа бергьарав игит,**
**Авар мацІалъул эмен, миллат ккураб цо хІуби,**
**ХІакъаб къваригІаразе къарнабаз тараб хІужа.**

*ГІИЗУДИНИЛ ХІамзат*



**Инхоса ГІАЛИ-ХІАЖИЯВ**

## Х В А Л И Д Е

**Сордо бачІун, къо бачІун, къоял тІагІунел руго,**
**ТІагІаталъе кІарчамлъи щайзе, мискин, гьабулеб.**
**Рии бачІун, хасел щун, хвел гІагарлъулеб буго,**
**ГІадада къоял риччан кидаллъигІан рукІинел.**
**Кодобго букІунареб дунял гьабулеб буго,**
**Дуй гьечІого гІолареб ахират рехун тоге.**
**Ахирги мун вуссунев мун вижарав Бичасде,**
**Бечед рекІелъа камун кидаго мун вукІунге.**
**Хвалил хиял гьабуни, черхалде гІенеккани,**
**ГІакълу камилас дунял дандего гьабиларо.**
**Огь, байтулман дуниял, дудасан гьечІеб пайда,**
**Гьабулаго гІумру ун, гІазаб цІикІкІин гурони.**
**Ахир дуца кьолеб жо – гьаби сурараб гурде,**
**Бохса-тІаса бухьараб, тІасаго бахъулареб.**
**Ахиралда бугеб рукъ гІанкъра-борхьазул цІураб,**
**КъватІисан канлъи гьечІеб, тІаде чи вачІунареб.**
**Исрафилас Сур пуйдал СиратІалде рачуна,**
**Сверун ЖужахІ лъугьараб байданалде къотІула,**
**ЦІагин бакъ гІагар гьабун, гІаданиб нах гьалула,**
**Гьабураб мунагь бихьун гІетІулъ жанир тІерхьуна,**
**ТІаса унеб дуниял, дин тун, тІаса бищуге,**
**Аллагьасде ахІулин, ХІабибасде рачунин.**
**Нечеялъул цІакълъиялъ турун гьурмал ротула,**
**Толарин гьикъичІого гьабурабщинаб гІамал.**
**ГІадада гІумру тоге гІибадат гьабичІого,**
**Кьунщинаб нигІмат рикІкІун бадибчІвай гьабулебин.**
**Гьарунщинал квешлъаби кагътида хьван ратула,**
**Кинабго гІамал хъварал кагътал кодоре кьола.**
**ХІабибгун асхІабзаби рихьичІого хутІани,**
**ХатІиятал гІемерлъун гІазабазулъ тІамуни,**
**ГІайиб черхалде гьабун кверал кІалъазе гурин,**

Как-диналъе кIвахIаллъи, воре, ккезе биччаге.
Чанги чIухIарав ахIмакъ чIарбида лъун туранин,
Тоге нужеца хIел-хIел хIалимав Аллагьасде.
ГIамал гьечIеб къаркъала къанабакь гьалаглъулин,
Гьаваялда хьвадуге, гIакълу бугеб батани.
Аллагь, рекIел пашманлъи, гьабичIеб гIамалалъухъ,
ГIадада къоялги ун, къадаралде щвелилан.
Къварилъи дир ракIалъул, гIамалалде балагьун,
ГIазабалъул агьлулъун Аллагьас гьавилилан.
КIвеларин, мискин, дуда чIегIераб цIа хIехьезе,
БухIараб магIу бачIун гьарде мун Аллагьасде.
ТIагIунебин дур сабру, сунареб цIадаб жаниб,
ЦIуни гIемераб гьарун, ритIе эхеде кверал.
Радал тIаде вахъине, воре, мун кIохIаллъуге,
ЛахIтуялда дуе нур къваригIун батанани,
Къойил жуз Къуръаналъул камизего биччаге,
Мункар-Накирасдехун жаваб кьезе бокьани.
Жаниб гIазаб гIемераб гIадамал лъолеб лахIду,
ГIамал кодоб бугезе гIакъуба букIинаро.
ГIанкъра-борохь гIемераб чIегIераб чIарбил кIалтIу,
ЧIового вачIарав чи цо хIалалда толаро.
БецIал сардал кьижун ун, канал къоял гъапул ун,
Къиямасеб къоялде кидал нилъ къачIадилел.
БахIарлъи хIалтIуда ун, херлъидал дин хараблъун,
Хун тун тIаде рахъиндал, щиб босун нилъ рилълъинел.
Къиямасеб къоялъул къварилъабиги рицун,
Къойилго гаргадулин Къуръаналъул аятал.
Аллагьасул гIакъуба гIамал гьечIезейилан,
ГIалимзабаз бицунин, щайзе нилъ кантIуларел?
ТIолабгоги халкъалъе хIисабилан гьардолев,
ГIаршалде гъоркье лъугьун, суждаялда жив чIолев,
ТIаде ворхайин абун Аллагь жинда кIалъалев,
БухIараб магIуги тIун, накаби чIван гьардолев,
Гьев хирияв Авараг щайзе пашман гьавулев?
Нилъ сабаблъун гIакъуба черхалъ тIаде босулев,
ТIоритIе умматилан СиратIалъул кьо кколев,
Квешлъи-лъикIлъи цIалелъул, цIадиразухъ вукIунев,
Жиндирго черх, агьлу тун, умматилан гьардолев,
Гьев Авараг разилъи, воре, тIалаб гьабея!
СиратI бахун рахъзегIан гьечIеб нилъее хIалхьи,
ХIабибасул суннатал, воре, нужеца тоге.
ХIакъав Аллагь разилъи дуе бокьун батани,
Чорхол гьава рехун тун, вусса БетIергьанасде.

**Дарман тIагIун, къо бухIун, къойил мун гьарданиги,
Бичасул гъапу гуреб квер базе бакI щвеларо,
ЦIа рекIун керен бухIун, хIалуцун лъугьаниги,
ХIабибасул гIадинаб квербакъи батиларо.
Жиндир загIипаб уммат хIисабалде ахIидал,
АхIун малаикзаби сверун лъвинеги гьарун,
Кваранаб рахъ – Микаил, квегIаб рахъ ГIизрагIил тун,
Нахъехун Жабраил тун, живго цевеги вилълъун,
Зикру бачеян абун умматалдаги абун,
Умматги хадуб гьабун Халикъасде вилълъунев,
Халкъалдаса вищарав хирияв ХIабибуллагь,
ХIайран тоге дуца ниж хIисабалъул къоялда.
ХIабиб дуй хиралъиялъ, шафагIат кьун вищарав,
ХIавузгин Кавсаралъул кверщел кодобе кьурав,
Киналго анбияаз нафсийилан ахIидал,
Нафс тун, уммат гьаризе гьунар кьун жив вижарав.
Гьев ХIабибасе гIоло, ХIасан, ХIусений гIоло,
ПатIиматие гIоло цIуне жужахIалдаса,
Гъафуру рахIимилан РахIманасул цIарлъидал,
Дирни хьул къотIуларо, Аллагь, Дур цIобалдаса.
Чара бухIарасул хIал Дудаго лъикI лъалелъул,
Дарман тIагIарав дида гурхIа, рахIмат гIатIидав.
ЧIового зигардулев загIипав дун вихьидал,
Дур рагьтIаса вачахъун, лъил рагьтIе дун вуссинев?
ГIамалалъулъ кIарчамав, гIумру гIадада арав,
ГIазабалъе хIакълъарав ХIажил дагьал рагIаби,
Диналъул агьлуялъе насихIатлъун букIине.**

## ХЪАХIАБ РАС

**РакIалъ цIакъ яхI гьабун, дун вугониги,
ЯхI-къо рехун тана къванщил расаца.
Рокъов жанив вахчун, черх цIунаниги,
КъватIив чIвазавуна ботIрол караца.**

**Замана сверула, сагIтал тирула,
Сон хехго бачIуна – херлъун ватула.
Херлъун, чучун унеб черх бугониги,
Черхалда кIалгьикъун, ракI бахIарлъула.**

**РакI бахIарлъунилан черх цIилъуларо,
Чорхол лугбузул гьан гургурун хадуб.
Горбол щекI цIабуцIун, мугъ битIуларо,
Мугъзал гьод къулараб къо бачIун хадуб.**

Хошгелди, хъахIаб рас, хабар жо, гьобол,
Дир изну гьечIого, мун кин бачIараб?
Къванщида квалквадун, каранда рещтIун,
Дун хIинкъизавуни, хIакъ букIинарищ?

Божильъуда бачIун, къванщилъ рещтIине,
Берцинай ясальъул расинищ ккараб?
Расги нечечIого, каранде лъльуйне,
Кеке бугиланищ хIисаб гьабураб?

Ясал рокьизе мун вас гурев лъала,
Дирго кIальай буго ракI чучиялъе.
Мехго щвечIониги, мун бачIинаро,
Гъоркь бакI къачIачIелъул, дун къварид вуго.

Гьобол чIалгIарасул чIваги хIабибат,
Рокъоб хIал гьечIелъул, дун хIинкъун вуго.
Гьалмагъ рихарасул хваги халилат,
Бахчараб бихьизе дун нечон вуго.

Хванщинаб бакIалда рещтIунеб бумат,
Щайдай бусен лъураб бачIун дир расулъ?
Щалай къанщиналъуб къинлъарулеб руз,
БачIун тIад рещтIиндал, дир щаклъи ккана.

Гьодриниб бахчараб расхIереница
ХIакълъун чIван рехана чIегIераб нухъа.
ХIанчIакьа лъутулеб ракIтамахица
Боржине гьабуна босноса гьеду.

Дир бетIер цIунараб чIегIераб нухъа
Рузица чIван хвараб ахир замана.
БотIрода бусен лъун букIараб гьеду
Боржун къватIиб араб къиямасеб къо!

Дир магIарда рещтIун цо гIузру буго,
Я гIазу лъаларо, я руз лъаларо.
Гъоркь букIараб нухъа боржун ун буго,
Я нахъбуссина гьеб, я буссинаро.

Гьанже магIардаса гIазу инаро,
МугIрул къуват хвараб къоялъ гурони.
ГIазу бианиги, руз билиларо,
Бусен хараблъидал, хадуб гурони.

ГIазуги лъаларо, рузги лъаларо,
Хъулбузда хьвадулев хъахIав хан вуго.

Жиндехун къец бугел къиралзабиги
Къанккун ритIун унев азнавур вуго.

Гьобол рещтIун вугин хъаладул тIохда,
ХъахIаб чеддай кьела, чайдай гьалила.
Чай гьекъон, чед кунев гьобол гьев гуро,
Хвалил чапар вуго черхалде щварав.

Барзахалъул болъе мун лъугьайилан,
ХIакъав назир вуго дуй хIинкъи кьолев.
Чанги назир вуго, чанги хан вуго,
Ханзабазулги хан – ХъахIав хан вуго.

Киназулгоги хан Мухтарасулги
Халикъ – Аллагь вуго, алхIамдулиллагь!

## КЪАЛАМ, ДУЦА ШУРЕ

Къалам, дуца шуре щакъиялдехун
Щвараб гьаб хIалалъул хIайранлъиялъул.
ХIасрат, мунги угьа, ургьибго бичIчIун,
Араб гIумруялъухъ, гIажизлъиялъухъ.

ГIелмуги гIамалги гIодилел руго,
ГIадада рогьарал гьарзаял сардахъ.
Сардалги къоялги къварилъун руго:
РукIкIанин, рогьанин, багьа гьабичIин.

Бакъул гIадат гьечIо, гIадилав Аллагь,
Дир гIищкъу ккунилан гIодоб рещтIунеб.
Дирги хIал кIоларо, хIалимав Бечед,
ХIасрат загьирлъунин зодой вахине.

Кверзада рахсал ран асир гьавизе,
Дидасан бергьараб мунагьгIаги щиб?
Дунялалъул гудур гарбидаги бан,
Гвангъарал къоязул къотIана канлъи.

Канлъуда ругьунал берада цебе,
БакIаб хъазан гIадаб заман бачIана.
ХъахIил зоб гIуцIулел цIвабиги хьихьун,
Хьулазде щвечIев дун щай угьуларев.

Араб гIумруялъухъ ракI бухIарав дир
БахIарлъи чучизе чара букIинчIин.
Чорхол ургъелаца гьвелдарулев дун
Гъалдиберлъун кьуна кьолон хIалтIизе.

ХIатIида рухьен бан, вухьун чIаниги,
ВорчIун киве инев кодов вугев дун?
Гьаб дир гIадаб цIаялъ цIеги гьал мугIрул,
ЦIураб дир гьиралъе дару лъаларел,
Дир гIадаб унтуца турайги росу,
Турун бугеб рекIел кIвар гьабуларел.

Гьадинаб гудракье габур ккелилан,
Ккарал рихьаниги, божун вукIинчIо.
ВорчIизе кIоларел кIичIалги хIебтIун,
ТIогьол гIумру холин хиял букIинчIо.

РакIалъул чIаголъи чIунтизе кьолеб,
КьучIаб дару буго бертадул тепси.
ТалихI-икъбалалъе къавуда гIадаб,
Къокъаб рохел буго байрамалъул тIутI.

ТIадагьаб черхалда чармил гудраца
Чанги гор бахъила, нахъе хутIани.
Хехаб гьури гIадал гьал дир соназе
Сабаб гьечIеб гIазаб гIемер бихьила.

Беразе, гIундузе гIазаб гурони,
ГIищкъу-гьаваялъул гьунар лъаларо.
Гьинал ракI чурхъулев, чурхдул зурулев,
Залимав хан гьале – гьагал хиялал.

Гьанже дир кьерилал кьаллъун чIаниги,
Кьурабалъ чучила лачен гIадинан.
ГIадан-дунял ургъун мугъ свераниги,
Магъилъ ватун кквела тIавусалъ гIадин.

Дидасан гирараб дуниялалде
Данде ккараз бице берцинаб салам.
Бицун чIалгIунареб чIагояб гIумру
ЧIалгIинчIого индал гIодулин берал.

Хинлъизе рекъарал къоязда жаниб,
Къалъи тIубалелде, тIерхьун ана бакъ.
ТIогьол завалалъул заманаялда,
Зодил тIири щвана щибаб логоде.

Щобде гочунаго чабхилъе ккараб
Чанил тIинчI гурхIила аб дир хIалалда.
ГохIде бахунаго хIарщулъ хутIараб
ТIинчIаб най гIодила дир гIумруялда.

**ГӀодор рукӀаниги ракӀалъул хьвади**
**Хьухьгун цадахъ буго цо–цо чиясул.**
**Чарх гӀадаб гӀедераб дуниялалда**
**Дунни божиларо болжал щвезегӀан.**

## ЯСАЛ, ГӀИНТӀАМУН БИХЬЕ

**Ясал, гӀинтӀамун бихье, гӀажамалда кӀалъазин,**
**Гіоркьилал, пикру гьабе, пасихӀаб кечӀ ахӀизин.**
**Илагьияб рокьул тӀехь нужеего цӀализин,**
**ЦӀер гӀадин балаялъул вагӀза-хабар бицинин.**

**Берцинал мусудузул диваналде ваккизин,**
**Ясазе гӀакълуги кьун, намусалда кӀалъазин.**
**Къоролзаби кантӀизе кӀиго рагӀи абизин,**
**Рокьи ккарал руссине, сангар меседил лъезин.**

**Лъухьун гӀарцул кьо лъезин, гӀолохъабаз цӀунизе,**
**ЦӀияб гӀадлу гьабизин, гӀолил ясазда гьоркьоб.**
**Гьал нилъер умумузул гӀадат батун лъаларо,**
**ГӀолохъабигун ясал мекъи хьвадулел руго.**

**Берал чалухлъун руго, чурхдул узданлъун руго,**
**Ясаз, лъабго гурони, вокьулев кколев гьечӀо.**
**Микьго-ичӀго гурони, гьудул вукӀунев гьечӀо.**

**Лъадильун ячине къасд цоясул ккананиги,**
**Цогидав тӀадги вахъун, гьабула дагӀба-рагӀи.**
**Берцинай гӀаданалде цояв балагьун хадув,**
**Лъабго-ункъояв гӀола гӀолохъабазул хадув.**

**Хъубал гьабзазул гӀадаб къагӀида буго нужер,**
**КъватӀ-къватӀазда чанги къан, чияр ясал толареб.**
**Тохаб гӀелму щун буго гӀолил ясазе гьанже,**
**ГӀолохъабаз бицараб хабаралда божулеб.**

**Гьез гьабураб рокьуда барахщунги дун гуро,**
**Ясал басра гьаризе рекӀее бокьун гьечӀо.**
**Загьратгун цадахъ тезе барахщарал мусудул,**
**Васаз гуккулел рукӀин рекӀее гӀолеб гьечӀо.**

**ГӀаршалъул тахбакӀида тезе рекъарал ясал,**
**Рокъорго херлъун руго, росасеги инчӀого.**
**Булбул хӀинчӀ чанги буго чабхил лъим щоларого,**
**Чаргъедо гӀемер буго гӀаршалде тӀаде бахун.**

ГIадлу лъезе ккун буго, жамагIатги бакIарун,
Диван лъезе бегьила, росуги данде ахIун.
ГIолохъабиги ургъун, мусудулги тIад рекъон,
Рокъой гIурай яс йигес росасе кьеян абе.

Ясал квешезе чIани, умумул къватIир чIвалин,
ЧIван малгун рехе ясал рокьи ккаразда хадур.
Къан хIободаги рухьун, нахъа рокъор таниги,
Толаро гьез вокьулев, ракьанде вачинчIого.

ГIолохъанчи вас вугел эбел-эмен ругони,
Ургъел бикье васасде, дуца щий ячинеян.
Васас квер битIаралъуй витIе дибир гьаризе, –
Умумузул гIадатги гIадамазул низамги.

Гьарун яс кьей – кьурди-хьат, кьурун яхьи – зулму-хIал,
ХIисаб гьабун балагье гьал дир рагIабаздехун,
Пикру гьабе киназго кIалзул гьал жугьабазул,
Жагьилзабазе гIураб гIелму-калам бугин гьеб.



# Тарихиял хIужаби

## ШАМИЛ ИМАМАСУЛ КАГЪТАЛ

*Араб соналъул ахиралда къватIибе бачIана Дагъистаналъул халкъияв шагIир, ДРялъул Пачалихъалъул премиялъул лауреат МухIамад ХIамзаевас данде гьарурал, Шамил имамас хъваралги гьесухъе хъваралги кагътал жанире рачараб тIехь. Гьеб тIехьалъулгун лъай-хъвай гьабиялъул дандеруссин букIана Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб республикаялъул миллияб библиотекаялда. Гьелда гIахьаллъана тарихалъул гIалимзабиги, хъвадарухъабиги, жамгIиялгун политикиял хIаракатчагIиги, цогидал нилъер тарихалъул къимат гьабулелги.*

*Нижеда лъикIаблъун бихьана МухIамад ХIамзаевасул цеберагIигун цадахъ, гьеб тIехьалде унел Шамилил цо-цо кагътазулгун журнал цIалулезул лъай-хъвай гьабизе.*



## ЦЕБЕРАГИ

Заман анагIан, рикIкIалъулеб буго кIудияв Шамил имамасул нухмалъиялда гъоркь Кавказалъул халкъаз гьабураб бахIарчияб рагъул тарих. КигIан гIемерал тIахьал имамасул, Кавказалъул рагъазул, гъазаватазул хIакъалъулъ хъваниги, жеги балъголъилъун хутIулеб буго доб заманалда хурхараб гIемераб жо. Жакъаги ратулел руго Кавказалъул рагъазде гьоркьоблъи бугел цIи-цIиял документалги, тарихиял асаралги, кагътги. Шамил имамасда цадахъ гъазаватазда гIахьаллъарал гIалимзабаз хъварал асаралго гIадин, бищунго къиматал тарихиял документазул цояллъун ккола Шамил имамасул кагъталги. ГьанжелъизегIан гьел кагътал цо бакIалде ракIарун, гьезул рагIа-ракьанде щвараб гIелмияб цIех-рех гьабун букIинчIо. Имамасул кагътал жеги цIунун ратулел руго батIи-батIиял улкабазул гIелмиялгун культуриял центразда ва музеязда, Дагъистаналъул гIелмияб централъул Тарихияб, этнографияб ва археологияб институталъул кверазъ хъварал документазул фондалда ва цо-цо гIадамазул рокъор.

ГIелмияб ва тарихияб рахъалъ Кавказалъул рагъул хIакъикъат рагьулел, кIвар цIикIкIарал ва кIудияб къимат бугел нугIзаллъун ккола имамасул кагътал. Гьел кагътал руго доб бахIарчияб заманалда гIумру гьабулел рукIарал, ватIаналъе, диналъе, эркенлъиялъе гIоло гъазаваталде рахъарал Кавказалъул батIи-батIиял халкъазул, жамагIатазул, хасал гIадамазул гIумруялъул хIакъалъулъ бицунел хириял документаллъун. Гьезул кумекалдалъун рес буго магIарул халкъалъул, Шамил имамасул, гьесул наибзабазул ва сверухъалъиялъул къисматалъул хIакъалъулъ гьанжелъизегIан нилъеда лъалел рукIинчIел, балъгоял хIужаби рагьизе.

Шамил имамасда хурхараб хъвавулаб ирс – кагътал данде гьарулаго, аслияб масълалъун букIана гьес хъваралги, гьесухье хъваралги кагътал данде гьарун, гьел магIарул мацIалдеги руссинарун, хасаб тIехь басмаялда бахъизе. Ахир-къадги¸ БетIергьанасул кумекалдалъун, гьединаб тIехьалда дунял бихьизе хъван батана. Гьанир ругел гIемерисел кагътал цIалараб мехалда цебечIолеб буго инсан, рагъухъан, гIалимчи, муъминзабазул амир хIисабалда кIудияв имамасул гIумруялда хурхараб цIакъ батIияб дунялалъул къисматал ва шаргIалъул къанунал цIунизе гьес бахъулеб букIараб хIаракатги, имаматалда гъорлъе унел рукIарал вилаятазда гIадлу-низам чIезабизе гьес гьабулеб букIараб сиясатги. Гьединго гьениб бихьулеб буго доб заманалъул гIалимзабазда камилго лъалеб букIараблъи гIараб мацIги, ислам динги, Къуръан-хIадисги. Кагътаз цебечIезабулеб буго халатбахъараб рагъул ахIвал-хIалги, магIарул халкъалъул захIматаб гIумруги, гIагараб ракьалде нилъер халкъалъул букIараб хIасратаб рокьиги.

Кагътал хъван руго 1836 соналдаса 1886 соналде щвезегIан заманалда жанир гIараб мацIалда. Гьел магIарул мацIалде руссинарун руго эркенаб къагIидаялъ.

Гьаб тIехьалда лъурал кагътал щвана батIи-батIиял бакIаздаса: Дагъистаналъул гIелмияб централъул Тарихалъул, этнографиялъул ва археологиялъул институталъул кверазъ хъварал документазул фондалдасаги, турказул Ялова шагьаралда гIумру гьабулев Гьандихъа НабилмухIамадил ГIабдурахIманихъаги, ГIуркIачIиса Алданов МухIамадихъаги, ГIахьалчIиса МухIамаднурил МухIамадихъаги, Гуниялдаса Къебедил АхIмадихъаги, гьединго гIагараб халкъалъул тарих ва къисмат хириял

цогидал гIадамазухъаги. Аллагь разилъаги гьездаса. ТIехьалда лъолел руго «ТухIфатул заир фи маасиригьи амир «ГIабдулкъадир абураб Алжиралъул амир. ГIабдулкъадирил вас МухIамадица инсул хIакъалъулъ хъвараб ва 1903 соналъ Александриялда бахъараб тIехьалдаса росарал Шамил имамасул кагътални.

Гьаб басмаялда жанир ругел малъичIого, жеги нижехъе щун буго Шамил имамасда хурхараб кIинусгогIаги кагъат. Аллагьас хъван батани, ракIалда буго гьелги цогидалги кагътал данде гьаризе ва тIахьал басмаялда рахъизе. Гьединлъидал, гьаб тIехь цIаларалщиназде буго кIудияб гьари: Шамил имамасухъе хъваралги, имамас хъваралги, имамасул хIакъалъулъ хъваралги кагътал кодор ругев чи ватани, гьаб адресалда нижехъе ритIеян: magomed.a@mail.ru.

Кагътал нужехъго тезе бегьула, нижее гьезул копия бугони гIола.

***Шамил имамасул баракат щвеялде ва тIехь цIаларазул дуягIаялде хьулгун МухIамад ХIамзаев.***

## Шамил имамас Гъумекиса МухIамад-Мирза-ханасухъе хъвараб кагъат.

ТIадегIанав Аллагьасул цIобалде хьул лъурав лагъ Шамилил рахъалдасан хирияв амир, кIудияв сайид, сайидзабазул наслуялъул вас МухIамадмирза-ханасухъе. Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагь. Аллагьасул саламги Гьесул рахIматги нужее даимлъаги. Амин.

Цинги. Дица, дирго яцалъул васги духъе гъоркьлъалие кьун, гIурусазулгун ракълилаб къотIи-къай гьабулеб буго, гьел жалго рукIараб бакIалде тIадруссиналъул шартIалда. Дун дицаго гьабураб къотIуе хилиплъизе гьечIо, дица гьеб хвезабизеги гьечIо. Дун вуго чIунтун букIараб шаригIат чIаго гьабиялъе гIоло рухI кьезеги сун араб суннат билълъанхъизабизеги БетIергьанасе гIоло хвезе къотIи гьабурав чи. Дудаги лъала ракълилаб къотIи биххизе гьаби нилъер БетIергьанасул шаригIаталъул нух кколареблъи ва гьединго нилъер Арагасул (с.т.гI.) суннаталдаса гьечIеблъиги. Дуца гьезда абе, дун тейин дицаго къотIи гьабураб жо рагIалде бахъинабизе ва тIаде босараб иш тIубазабизе. Теларин абун гьел чIани, жидеего бокьараб ва жидедаго берцин бихьараб гьабейилан абе гьезда.

Кинабниги дир иш дица Аллагьасде тIамун тола. ХIакълъунго Аллагь Жиндирго лагъзадерил пишаби рихьулев вуго.

## Шамил имамас КIаратIаса ГъалбацI-дибирасухъе хъвараб кагъат

Шамилил рахъалдасан рекIее вокьулев тIулил вац ГъалбацIиде. Аллагьасул саламалги Гьесул рахIматалги баракаталги лъеги дуда.

Цинги. Дида лъикI бихьулеб буго, дир вац, мун гьеб бакIалда (ГIандив) къадилъун чIей. Щайгурелъул, мун гьенив чIечIони, бакълъулалгун гIандадерида ва балъхъадерида гьоркьоса къосараб шайтIаналъул нух ккурал чагIаз, цоцалъ рекъон ва, цоцазе кумек гьабун, унелъулги рачIунелъулги нилъее нухал къалел руго. Мун ГIандив (къадилъун) вугогIан мехалъ, гьезул агълу (ай гIандисел) цогиялгун цолъулелги гьечIо ва, гьел цолъичIони, гьезул хутIаралги цоцалъ рекъон рукIунел гьечIо. Мун ГIандив

вукIиналъулъ исламалъеги гьелъул агьлуялъеги кIудияб маслигIатги буго ва исламалъул тушбабазеги гьезда нахърилълъаразеги кIудияб заралги буго. ХутIараб жо дуе гьаб кагъат босун вачIарас баян гьабила.

Вассалам, 1255/1839 с.

### Шамил имамас Сугъралъа наиб МухIамадихъе хъвараб кагъат

Шамилил рахъалдасан сугъулдерилги гьезул сверухълъиялъулги наиблъун вугев вац МухIамадихъе. Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагь.

Цинги. Дихъе хабар щвана нужеца, тIаде рачIунел гьалбал гIемерлъулел ругин абураб жоги гIиллаялъе бачун, гIадамазе нужергун даран-базар гьабизе гьукъулеб бугилан. Кинниги дун гьел харбазда божичIо. Амма нагагьлъун гьеб иш дида рагIухъе батани, нужеца мискинзабазеги гьезул хIажатал тIураялъеги квалквал гьабизе кинго бегьиларо. Даран-базар гьабизе дица нужееги гьукъулеб гьечIо. Нуж дие хилиплъуге.

Вассалам.

### Шамил имамас Даниял-султIанихъе хъвараб кагъат

Муъминзабазул амир Шамилил рахъалдасан жиндирго хирияв вац Даниял–султIанихъе. Аллагьасул саламал лъеги дуда.

Цинги. Нилъер хирияв вац МухIамадтIагьир, дур тIадкъаяздасаги эркенлъун, хIалтIиги тун, рокъов чIун вугилан рагIидал, дица гьесухъе кагъат битIана, дида аскIове вачIаян абун. Дуеги  балъгояб жо гуро, ниж кидаго гьесде хIажатал рукIин. Щайгурелъул, нижер мажлис буго киналниги дагIбаял ва гьединго хIукмупатваби руссунеб бакI. Гьединлъидал, дица дуда амру гьабулеб буго гьев нижехъе витIеян абун. Гьалдалъун тана

Вассалам.

Хамиз къо, 1262 соналъул 12 шагIбан/1846 соналъул 4 апрель.

### Шамил имамас Буртунаялдаса Гьайирбегихъе хъвараб кагъат

Муъминзабазул асир Шамилил рахъалдасан дир вац наиб Гьайирбегихъе. Ассаламу гIалайкум.

Цинги. Нилъеда цеве шагьидлъарав нилъер вац ЦIобокьа Давудбегил лъимал дуца жидерго росулъ рокъоб бугеб къайиялдаса пайда босизе те. Нужер низамалде гъорлъе гьел ккечIониги ва гьезда релълъарал нужеца гьединаб иш гьабиялдаса нахъчIвалеб гIадат бугониги. Щайгурелъул, шаргIалъул къагIидаялда рекъон, щибаб гIаммаб жо хаслъула. Гьединаб къагIида буго. Нилъеца АхIулгохIалда рукIарал чагIиги гьезул лъималги тIадегIан гьаризе ккола, гьел кIодо гьаризе ккола, нилъер Аварагас (с.т.гI.) Бадругун УхIудалъул гъазаваталда гIахьаллъарал асхIабзаби кIодо гьарулел рукIарал гIадин. Щайгурелъул, бищун захIматал къояз гьез дие кумек гьабуна. Гьединлъидал, гьанже нилъ гIатIилъиялда ругел мехалъ, нилъеца лъикIлъи гьабизе мустахIикъал руго гьел. Щайгурелъул, нилъ къварилъиялде ккараб мехалъ, гьез нилъеда цадахъ къварилъаби-захIмалъаби раччана ва гьел хIехьана.

Гьалдалъун тана. Хадубги дуца гьезул налъулазда амру гьабе гьезие кколеб налъи нахъбахъичIого тIадбуссинабеян  абун.

Шамат къо, 1260 соналъул 22 жумадулухра моцI/1847 соналъул 6 июнь.

### Шамил имамас ЧIохъа ГIинкъав ХIажихъе хъвараб кагъат

Муъминзабазул амир Шамилил рахъалдасан дир вац ГIинкъав ХIажихъе. Ассаламу гIалайкум.

Цинги. Дихъе дой Мирзал МухIамадил яс ГIашура ячIун йикIана жиндаго кодоб бугеб байтулманалъул хуралда тIасан гIарзалъ. Дица дуда абулеб буго дуца гьеб хур гьелда кодоб теян ва нилъеца сангарал гьариялдалъун хвезарун рукIарал, нилъер вацал чIахъадерил хурзалги рукъзалги рецIеян байтулманалъул рукъзаздалъунги ракьаздалъунги. Доб МикагIилил гохIда букIа ялъуни ГIали Маматил гохIда букIа, яги цоги бакIалда букIа. Дуца гьел гьезие хисун кье. ХIакълъунго БетIергьан Аллагьасул букIуна щибаб цебе араб жоялда хадуб бачIунеб жоги, тIаса араб жоялъе хиси букIуна.

Гьалдалъун тана.

Вассалам.

Талат къо, 1266 соналъул 17 ражаб/1850 соналъул 28 май.

Гьединго дов нилъер вацасе байтулманалъул хурзал кье, ужра-мухьги босичIого.

### Шамил имамас ГIахъушалиса Абубакарихъе хъвараб кагъат

Муъминзабазул амир Шамилил рахъалдасан дир вац наиб Абубакарихъе. ВагIалайкум салам ва рахIматуллагь.

Цинги. Дов чIварасул боцIи–буголъиялда тIасан дуца хъвараб кагътие жаваб дица цебеккун кьун букIана. Нухал къачIаялда тIасан жаваб дуе гьаб кагъат босун вачIарав ХIажи-ТIагьирица бицине буго. Мун гьес бицунелъухъ гIенекке.

АрбагI къо, 1271 соналъул 6 ражаб/1855 соналъул 2 март.

### Шамил имамас барон Николаихъе хъвараб кагъат

Муъминзабазул амир Шамилил рахъалдасан гIурусазул чIахIиязде, генерал-гиназасде ва барониде.

Цинги. Дихъе хабар щвана, нужеца ЧIаралъул вилаяталде бетIербахъиялъе рачIарал Анкьракьалъул мухьалъул пакъирзаби ва гьезул хъизанал, дандеги гьарун, ккун чIезарун ругин абун, нижеда кодор ругел нужер асиразухъ хисизе къасдалда. Гьеб нужее кIудияб рогьо-нич щолеб иш буго. (Гьединго) Нужеца гьанжеги цереккунги Сибиралде ритIана асирлъуде ккарал нижер мугьажирзаби. Нужеда лъай, гьел ишаздалъун нуж нижеда тIад гурел, нужедаго тIад релъанхъулел рукIин ва гьединал къабихIал пишабаздалъун нужеца нужерго асирал хабалъе ритIулел руукIин. Нужер Сибир батани, нижер хабалалги руго.

ПалхIасил, нужеца Баширидасан байбихьун, нужехъе асирлъуде ккарал нижер мугьажирзаби риччан те яги нижеда лъазабе нужер рагIияталда ругел халкъазул нужеца кIвар гьабулеб гьечIолъи ва гьезул нужее гьечIеб ургъел. Ниж абуни, гьабсагIаталда нужер рахъалдасан жавабалъухъ ралагьун чIун руго ва, нужеца кинаб хIукму тIасабищаниги, нижее гьелъул кIварги гьечIо. Кин батаниги, нужеца жаваб нахъбахъичIого битIе.

1271 соналъул 8 рамазан моцI/1855 соналъул 24 май.

### Шамил имамас наиб Гьонодаса МухIамадаминихъе хъвараб кагъат

Муъминзабазе квербакъулев Аллагьасул цIаралдалъун байбихьула. Шамил имамасул рахъалдасан дир вац МухIамадаминихъе. Дуда, Къиямасеб къо чIезегIан, Аллагьасул камилал саламал лъеги.

Цинги. Дихъе вачIана нилъер вац ГIабдулатIип. Гьес кагъталги нужер хIакъалъулъ харбалги росун рачIана. Гьес дида цо-цо нужер ахIвал-хIалалги рицана, нужер рахъалда ругел¸ нилъее квербакъулел чагIазул хIакъалъулъ гьанжелъизегIан нижеда рагIичIел цIиял харбалги лъана. Гьел харбаздасан ккола Аллагьас жиндир гуч Къиямасеб къо чIезегIан даим гьабеяв кIудияв султIан ГIабдулмажид-ханас (гIурус пачаясулгун) ракълилаб къотIи гьабун букIин. Амма гьеб жоялъ капурзабазде ва нилъеда данде къеркьолел мунапикъзабазде бугеб нижер ццим цIикIкIинабун гурони, тIокIаб батIияб жо гьабичIо. Гьеб хабар рагIидал, дица гьаб хадуб рехсараб магIнаялъул аят цIалун тана: «Нилъ киналго Аллагьас рижарал лагъзал руго, нилъ ахир-къадги Гьесухъе руссинеги руго…»

Нижехъ исана чанги лъугьа-бахъинал ккана, гIемераб жо бихьана. Кинабго рахъалдасан капурзаби нижеда сверун лъугьун рукIана, гьелгун гIемерал тунка-гIусиялги рагъалги ккана. «Кинниги ТIадегIанав Аллагьас гьел нахъчIвана ургъалабазул ва ццидал цIун, щибго гьезул ракIазда лъикIаб жоги бихьичIо, ва Аллагьас муъминзабаздаса рагъ тIаса босана. Аллагь вуго киналдасаго тIадегIанавги, сундаго хIалкIолевги». Бокьарав чи тIадегIан ва гIодовегIан гьавизеги, мунпагIат ва зарал гьабизеги ихтияр бугев Аллагьасе рецц буго. Аллагьас захIмалъиялда хадуб бигьалъиги гьабила.

Дуца дирги агьлу–хъизамалъулги ахIвал-хIал цIехани, ТIадегIанав Аллагьасе рецц буго, ниж сах-саламат руго ва щибаб хIалалъ капурзабигун рагъулел, БетIергьанасул тушбабигун къеркьолел, гъазават гьабулел руго.

Хадубги, щаклъи гьечIо гьав (ГIабдулатIип) диналъе квербакъулев чи вукIиналда, гьединго гьаб заманалъул чагIазда гьоркьов ракIбацIцIадав, ихлас бугев чи вукIиналда. Гьев вуго хиянат гьечIев чи, гьал гIадамазда гьоркьов жиндие лъикIлъи гьабизе мустахIикъав чи. Дуца гьесул бегьараб хIурматги гьабе, гьесдехун лъикIаб бербалагьиги ккве.

Гьалдалъун тана.

Вассалам.

1272 соналъул 24 сафар моцI/1855 соналъул 4 ноябрь).

### Шамил имамас сугъулдерил жамагIаталъухъе хъвараб кагъат

Аллагьасде хIажатав лагъ Шамилил рахъалдасан тIасарищарал ва дие хириял сугъулдерил гIалимзабазде, гIакъилзабазде, чIахIиязде, гIисиназде, тIолабго жамагIаталде. Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугьу. Аллагьас нуж цIунаги жиназулгун-инсазул сайидлъун вугев, кIиябго ХIарамалъул имамлъун вугев, халкъалдаса тIасавищарав, жинда ТадегIанав Аллагьасул свалатгун салам лъеяв МухIаммадил (с.т.гI.) хIурматалъе гIоло.

Цинги. Нужер рахъалдасан бачIунеб хабаралъул бакъан (къил-къала) дир гIинзуниб къотIунгутIиялъ, дица нужехъе тIасарищарал гьалмагъзабазул

кIигояв витIана. Гъел ккола ГIамирхангун МухIаммад-апанди. Нужер бугеб мурад хал-шалги гъабизе, гьелъул цIех-рехги гьабизе. Нужеца калам мухIкан гьабе ва ракIалда бугеб чIванкъотIун бице. Гьелда гьоркьоб бугеб рагIи дандеккунгутIиялъул балагь нужедаго хъвачIого букIине, гьелдалъун тушбабиги рохунгутIизе ва гьудузабазулги ракIал квешлъичIого рукIине. Гьалдалъун тана.

Вассаламу гIалайкум.

*1275 сон, итни сордо 1858 сон.*

**Шамил имамас киналго вилаятазул руччабазухъе хъвараб кагъат**

Гьаб кагътил бетIергьан Шамилил рахъалдасан намус цIунарал яцазде, киналниги муъминал руччабазде. Аллагьасул саламал, Гьесул рахIматалги баракаталги лъеги нуж киназдаго.

Цинги. Нужер росабаз жидерго чилъи (мурuват) мугъалда нахъе рехун тедал, доб гъираталъул бакIалда панкъалги тIасарищидал, дун нужехъе кIанцIизе ккана. Дун нужер кумекалдеги хIажалъана. Гьединлъидал, дица нужехъе чапар витIулев вуго гьаб кагъатги босун, нуж гъазаваталде рахъайин абизе. Щайгурелъул, гьеб парзул гIайн – (щивасул тIадаб налъи, борч буго) бихьинав вукIа, цIуяй йикIа, батIалъи гьечIого. Гьединлъидал, нужеда Аллагь гурхIаял, нуж къватIире рахъа, нужеде тIаде ккараб парзги тIубай. Нужеца абуге, дол бану Исраилав Муса аварагасда абураб жо: «Мун дурго БетIергьангун а вагъизе, ниж гьанир гIодор рукIун чIела», – ян. Нужеца къватIире рахъине хехлъи гьабе. ГьабичIони, нуж нужерго хабалалъан къватIире рахъине руго лахIчIегIерал гьурмалгун, беццал бералгун, кьучIал хIадисаз гьедин бицунеб буго.

Гьединго гьаб дир кагъат кодобе щваравщинав гIалимчияс гьеб бахчун, загьир гьабичIого, хIарп-хIарпккун, жидерго росдал руччабазе цIаличIого тани, гьесде Аллагьасулги, малаикзабазулги, киналниги гIадамазулги нагIана рещтIаги. Амин.

Вассам.

**Шамил имамас Гьонодаса МухIамадаминихъе хъвараб кагъат**

Пакъирав лагъ, гьал мухъазул бетIергьан, асирлъуде ккарав Шамилил рахъалдасан дир вас МухIамадаминихъе. Аллагьасул саламги, рахIматалги, баракаталги дуда тIаса унгеги. Амин.

Цинги. Хирияв, кинабго жо Жинда лъалев Аллагьасул къадаралдалъун дун капурзабазул кверщаликье ккана. ХIакълъунго, къадар хисулеб жо букIунаро, гьеб цIодорлъиялъги нахъчIваларо. Кинниги гьал гIурусаз, дие къварилъабиги гьарун, дун гьазда кодове щвеялъе сабаблъун ккарал дир тушбабиги хIасадчагIиги рохизе гьаричIо. ТIаде жоялъе дун гьез кIодо гьавуна ва дир кIудияб хIурматги-агъазги гьабуна, хIатта гьеб бералда бихьичIез тасдикъ гьабулареб ва гьелда божулареб хIалалъ.

Гьав кIудияв падишагьас, дие щибаб соналъе азарго туманги бихьизабун, дун Калуга шагьаралда паракъат гьавун вуго. Гьес дие халичабаз цIурал, рорхатал, гIатIидал рукъзалги кьуна, кинабго рукъалъе хIажатабщинаб жоги кьуна. Дунги паракъат, рахIаталда вуго. Хадуб, дида гьал гIурусазда гьоркьоб

хабар рагIана, дур вилаяталда ругел асирал захIмалъи-къварилъиялда ругин абун. Кинниги дица гьеб тасдикъ гьабичIо. Амма, хIакимасдаса изнуги босун, духъе гьаб кагъатги битIана, гьеб хабар духъе ккезабизе. Гьеб гьереси батани, дир мурад гьеб буго. Гьедин батичIони, дуда тIадаб буго гьездехун лъикIаб бербалагьи гьабизе, гьел сабаблъун мунго гIайибалъукье ккечIого вукIине. Хадубги, дица рабигIулавалалъул 26 къоялъ дирго васал ГъазимухIамадги МухIамадшапигIги дир хъизан гьанибе Калугаялде бачине ритIана, дунги гьел рачIиналъухъ валагьун чIун вуго.

Вассалам.

1273 соналъул 26 рабигIулахир/1860 соналъул ноябрь.

Дица гьаб кагътида гъоркь мугьру чIвачIо, щайгурелъул, гьеб дов ГIамирханида кодоб хутIана, гьесги дие хиянат гьабуна. Хьул буго, гьеб тIадбуссун ГъазимухIамадица бачIинин абун.

## Шамил имамас Алжиралъул муъминзабазул амир ГIабдулкъадирихье хъвараб кагъат

ГIадамазда гьоркьов машгьурав, гIемерал берцинал тIабигIатаздалъун халкъалда гьоркьоса ватIа вахъарав, багъарилалде цебе питнаялъул цIаги свине гьабурав, шайтIаналъул бетIералда релълъараб тушманлъиялъул гъветIги кьолболъа бахъарав, дие вокьулев, хирияв ракIбацIцIадав (мухлис) сайид ГIабдулкъадириде. Ассаламу гIалайкум.

Цинги. Дида рагIана рагIизе рокьукъаб, тIабигIаталдаги рихараб хабар. Гьеб бакIалда бусурбабаздаги гьелгун ракълил къотIи-къаялда ругел насранияздаги гьоркьоб исламалъул агьлуялдасан лъугьине рекъечIеб иш лъугьун бугилан. Гьединаб жоялъ гьаб ракьалда Аллагьасул лагъзадерида гьоркьоб бегьулареб ва рекъолареб тушманлъи халатбахъиналде рачуна. Гьеб рагIидал, дир тIомги букIкIана, гьумералъул бахьинлъиги ана, ва дицаги абуна: «Ракъдадаги ралъдалъги гIадамазул квералъ гьабураб жо сабаблъун пасалъи загьирлъана», – ян. Дица цIакъ гIажаиблъи гьабула, гьел тIадтарал чагIиги гьеб кIудияб питна багъаризе лъугьарал чагIиги гьаб хадуб рехсараб Аллагьасул Аварагас (с.т.гI.) бицараб хIадисалде гIинкълъун рукIиналда: «Бусурбабазул къотIи-къаялда вугев чиясда зулму гьабурав, яги гьев жиндие кколеб хIакъалдаса махIрум гьавурав, ялъуни гьеб тIаса ккезе гьабурав, ялъуни гьесда хIалкIолареб жо баччизе гьабурав, ялъуни досие бокьичIого ва досул ракIалъ къабул гьабичIого, досухъа щиб бугониги бахъарав чиясул дагIбадулавлъун дун вукIине вуго Къиямасеб къоялъ», – абун. Гьаб кьучIаб хIадис буго.

Хадубги, дуца дол чагIазде гурхIел-рахIмат загьир гьабунин, ТIадегIанав Аллагьасул гIорхъаби хвезаризе лъугьарав чиясул квералги кьабунин ва мунги рецц-бакъалъул байрахъалъе мустахIикълъанин абун рагIидал, дун дудаса цIакъ разилъана. Лъималаз яги буголъиялъ пайда гьабулареб къоялъ (ай Къиямасеб къоялъ) ТIадегIанав Аллагьас мун рази гьавеги. Щайгурелъул, мун Аллагьас халкъалъе рахIматлъун витIарав Аварагасул (с.т.гI.) рагIабазда нахъвилъилъарав чи ккола. Дуца гIодовегIан гьавуна Аварагасул (с.т.гI.) суннатал тезе ва гьезда данде вахъине «бахIарчилъи» гIурав чи. Нилъ Аллагьас цIунаги Гьесул гIорхъаби, ай шаргIалъул хIукмаби тарал чагIаздаса. Дица гьаб кагъат духъе хъвана, дирго разилъиги дуе загьир гьабун.

Вассалам.

*Хъвана 1277 сон/1860 сон. Дунги апараглъуде ккарав Шамил.*

# МухIамад Хуршилов гьавуралдаса - 115 сон



*Дагъистаналъул машгьурав хъвадарухъан МухIамад Хуршилов гьавуна 1905 соналда Гъуниб районалъул Сугъралъ росулъ. ЦIалун лъугIизаруна Темир-хан-Шураб (Буйнакск) реалияб училищеги, хадуб росдал магIишаталъул коперациялъул тIадегIанал курсалги.*

*МухIамадица жиндирго асарал хъвалаан аварги, лъарагIги, гIурусги мацIазда. Гьесул тIоцересел харбал араб къарнуялъул лъеберабилел соназда рахъана газетаздаги гIахьалал тIахьаздаги.*

*КIудияб ВатIанияб рагъул соназда, Дагъистаналъул цогидалги хъвадарухъабиго гIадин, М. Хуршиловги цеве вахъунаан рагъулал частазда, радиоялдасан, «ВатIаналъе гIоло церехун», «Рагъулаб хIадурлъи», «ВатIаналъ ахIулел руго» абурал армиялъул газетаздасан. 1942 соналда гьес хъвана магIарулаз Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул бицараб «ГIандалал» абураб къиса. Хадуб гьелъул спектакль гьабун, жидерго сценаялда лъуна лъарагIазул театралъ. КватIичIого гьебго театралъул актераз бихьизабуна хъвадарухъанасул «Асир» абураб спектакльги. Гьединго М.Хуршиловас хъвана «Надир–шагь», «ЗахIматалъул къоял» абурал пьесабиги. Гьезда рекъон лъурал спектаклал рихьизаруна аваразул театральги. Лезгиязул театралъ жидерго сценаялдасан бихьизабуна «Сулахъалъ нугIлъи гьабула» абураб пьесаялда рекъон лъураб спектакль.*

*МухIамад Хуршиловасе унго-унгояб машгьурлъи щвараб, гьесул аслияб асарлъун ккола «Сулахъалъ нугIлъи гьабула» абураб роман. Гьеб тIехь къватIибе биччана 1943 соналда. «Сулахъалъ нугIлъи гьабулаялъул» кIиабилеб басма бахъана 1950 соналда.*

*М.Хуршилов гьавуралдаса 115 сон тIубаялда бан нижеца бахъулеб буго хъвадарухъанасул «ГIандалал» абураб къиса, дагьаб къокъги гьабун.*

## ГIАНДАЛАЛ

*«Шагь гIадаллъун ватани, Дагъистаналъул халкъалде данде рагъде виччанте».*

**Ираназул аби.**

### «ДУНИЯЛАЛЪЕГО ХIИНКЪИ КЬОЛЕВ»

1742 абилеб сон лъугIулеб букIана, МахIадерил габурлъухъ гьитIинабго расалъиялда, сверухъ вазирзабиги церехъабиги ракIарун, сапаралъул тахида гIодов чIун вукIана «дуниялалъего хIинкъи кьолев» Ираналъул шагь Надир. Гьесул мугъзада нахъа эхетун букIана Иранaлдаса бахъараб Дагъистаналъул гъазигъумекдерил ракьалде бидул нух хвалчаца ва цIадуца бахъарал, рикIкIун хIалкIоларел аскаразул кIудияб къуват.

Гьиндустаналъул берцинал ясаз угьун къачIараб чилайдул хинаб халгIаталда жанивги гъваридго хъувухъун, квачарал кверaлги лъулъалаго, Надир гьадинал пикрабазда вукIана:

«ЦIакъго некIсияб заманалдаса нахъего шагьзабазул анищлъун букIараб жо, Аллагьасул изнуялдалъун, дуниялалъего хIинкъи кьолев дица, лъидаго нахъе чIвазе кIолареб къуваталдалъун, тIубазабуна. Ираналъул гIорхъабаздаса Дагъистаналъул мугIрузда Гъазигъумекдерил ханлъиялде щвезегIан ругел халкъал дир бергьарал рагъухъабазул агъалда гъоркь тIамун руго. Хераб Дербенталъул сиязда ва хъулбузда тIад гьанжеги Ираналъул шагьасул гучалъул байрахъ парпадулеб буго».

Пикрабалъ бигьаяб бергьенлъиялдаса кепги босулаго, ургъунго гьеб лазат халат бахъинабураб гIадин, гIандалал минатахъ щущазаризегIан цин цебеккун, жиндаго цере Аваристаналъул хъахIлъараб расалъул чапарзаби, тIасалъугьаян, накалда хъурщун рачIунел рихьизе бокьун букIана гьесие.

Къо лъугIулеб букIана, чIегIерал накIкIазул парчабазда гьоркьосан загьирлъулеб бакъ мугIрузул гIазул цIурал тIогьаздаса нахъе щинкIулеб букIана, амма я гIандалаздаса жаваб босун чапар, я Аваристаналдасан вакилзаби рихьулел рукIинчIо.

Къаси мехалъул бецIлъи, чIегIераб мусру гIадин, мугIрузда жемун букIана. ЦIваби рихьулареб зодисан цIадал къатIраби цIерлъун гIодоре рачIунел рукIана. ТIад пахьул хьагал лъурал цIаязда сверухъ хъудиялда гаргадулаго ва яргъил чвархъи бахъинаблаго, чармил къолдаби ретIарал Надирил рагъухъаби гIодор чIун рукIана. Гьезда цере батIи–батIиял тIутIал рукIана. ХъахIал шаршавазда тIад, пахьул чIахIиял хIарччазда жаниб гIиял рельарал къулагIаби ва гьелда рекъараб щиб-щибниги жо букIана. Чара-гъарал Китай чинидул чIахIиял гIертIазда жаниб полоп бан букIана чIагIа. ХъантIараб куцалда бералги чIваркьизарун, къажараз кIиябго квераль ккун кваналеб букIана магIарулазухъа тала гьабураб боцIул бежараб гьан, цабзаз гьеб тIутIун балеб букIана, хъатал цIун пулав кIалдиб бугIулеб, тIаде чIагIа гьекъолеб букIана.

Нахучирахъазул чIораз къалъун гвангъизарурал, бечедаб куцалда къачIарал чадразухъ Надирил ва гьесул церехъабазул гъаравашаз, берцинал ясаз, кочIохъабаз ва хъулухъчагIаз, щербет гьекъон гурелги, кеплъизарулел рукIана. Хъалияналъул гьуинмахIаб кIкIуйдул накIкIида жанив вукIана кIудияв хан. ХIайваналъул гIадаб хъубаб шавкъ багъарарал къажаразул хъачIал квеpазда

гъоркь угьи-зигараялда рукIана асир гьарурал мугIрузул ясал. Гьезда нахъа бидул гIоразда росун рукIана тала гьарурал ва рухIарал Дагъистаналъул росаби. Къасде бецIлъухъе гьел басра гьарурал мугIрузда нагIанаялъул гьаракь ва шагьасул хъачагъазул руккелаз басра гьарурал улбузул, яцазул, руччабазул ва лъималазул къисас босеян абулеб ахIи рагIулаан.

## Шагьасул чапар

РахIатхвараб росдал годекIаниве, яргъил чвархъи бахъинабулаго, полпилъан баккараб юргъа чуялдаги рекIун, гьурилъун воржун вачIана шагьасул чапар. ГодекIанир хъуялда данделъун рукIарал гIандалазул рагъухъаби рекIарасухъ кьурун ралагьана ва цо лахIзаталда жаниб, хунжрузде ва хвалчабазде квералги регьун, кьварараб куцалда кьунсрулги рукIкIинарун, сас къотIун чIана. Чапар, юргъаялда бачIунаго квачIи-квачIид бахъунеб бугеб, нахъисел хIатIазда чIараб хIалалда букIаго чодаса тириго гьелдаса гъоркье рещтIана ва, гьел сан гьаричIел гIадин, ахIун абуна:

– Салам гIалайкум, гIандалазул жамагIат. ТIадегIанав Аллагьас гIакълу кьеги нужее.

Цересел мухъазда чIун рукIарал хъахIлъараб расалъул рагъухъабаз, къолденалда жанив щулаго вугев рекIарасе, рахIатхвараб куцалда, ботIродасан ахаде щвезегIан берги речIчIизабулаго, жаваб гьабуна:

– ВагIалайкум салам, шагьасул чапар. Бице, лъикIаб хабар босунищ мун нижеде щварав, ялъуни чIегIераб хабаргунищ вачIарав?

– Шагьас Къебудаса квер гьечIев Сурхай асир гьавун вукIин, Надирил аскаразе ниж тIагIинаризе бокьун букIин хIакъаб жойищ?

Жавабалъул бакIалда чапарас, михьалги кьурулаго, рачлихъа бахъун бачIана мащуялъуб лъураб гурараб кагъат ва, кколеб хIурматалда бетIерги гIодобе къулун, хасияталъухъ балагьун гIандалазул бетIер ватилин жиндаго ракIалде ккарав цо рагъухъанасухъе кьуна гьеб кагъат.

Чапарасул рагъа-рачариялда жаниб сан гьаричIолъиги бичIчIун, жанисан ццидаса роринарурав Галас, тIуртIудулеб кверал босана чапарас цебе ккураб кагъат, аскIов гIодов чIун вукIарав херав чиясухъе гьеб кагъатги кьун, сабруялда абуна:

– Мирза, мая, тIолго халкъалъе цIалун бихье, шагьас щиб хъвалеб бугоян гIенеккизин.

Гьеб заманаялда халкъ, шагьасул чапар вачIун вугилан хабар рагIун, цо–цоккун ва къукъаби гьарун, тIолго росулъан годекIанире ралагьун рачIине лъугьана. Рукъзабазул гIагардигIанасел ва рикIкIадигIанасел тIохазде, кисан раккарарали лъачIого, руччаби ва лъимал данделъана. Гьеб заманаялде щвезегIан гьеб рахъалда кидаго вихьун вукIинчIев шагьасул рагъухъанасухъ рахIатхвараб куцалда балагьана гьел.

*«Дун вуго Аллагьасул ракьалда вугев вакил, хIалкIолъи цIикIкIарав Шагьин-шагь, дица гIандалазда буюрулеб буго квалквал тун махIадерил габурлъухъе, дир чадир бугеб бакIалде, росабазул хIурмат бугел гIадамаздаса ракълие кIалъазе вакилзаби ритIеян, тIолго гIандалазул бодасан бакIарараб ярагъги босун. Ракьалда цохIоцин гIалимчиясда рикIкIине хIалкIоларебгIан гIемераб дир аскаралъе нужеца гьединго гIиязул рехъаби, юргъачуязул бищун лъикIал илхъаби цере къотIун рачеянги буюрула дица нужеда. Дир церехъабазе ва*

*бади-кIалдисел гIадамазе хъулухъалъе, берцинал рихьун, ясалги ритIе… Метер радал бакъ баккилелде гьал дир тIалабал тIуразаричIони, дир аскаралъ нужер росаби рахъулъун лъугьинаризе руго».*

Данделъараб бодул руккелалде тIад ццинбахъиналъул хъуди багъарана:

– Гьеб басралъи нижеца баччиларо, нич тIагIарал къажарал!

– ГIадан хутIичIого ниж жаназабилъун ракьалда регила,

Амма ниж рижарал мугIрузда тушманасул цохIо галицин чIезе биччаларо!

Ццидахараб гъалбацI гIадин, хIалуцарав херав Галав, бахъун ботIрода тIад хвалченги хьвагIезабун, ахIдана:

– Ле, гIандалал! Къо тIаде щвана. Чуял кьолой, чарамул хвалчаби чархида кква! БахIарчияб куцалда тушбабазде данде лъугьинин!

Ццидаца гьалдолеб бугеб халкъалъ гьесул кIалъай ритIухъ гьабуна. ГIемер кватIичIого росулъа рахъ-рахъазде балагьун сухьмахъаздаса гIебеде чIорал гIадин тириял гIолохъаби гьороца паркъезарулел чирахъалгин хьвадизе лъугьана. Эркенлъи бокьулел гIандалазул мугIрузда, щобазда, кIкIалазда, росабалъ ахIиялъул гьаракь зваргъулеб букIана.

– Ле, гIадамал! Эркенал мугIрузул херал гIадамал ва гIолохъаби! Балагьав тушманас нилъер кавудухъе гали бегьулеб буго! ЯхI-намус бугевщинав чи цокIалго тушманасда данде вахъа абе!

## ГIандалаз хIукму гьабулеб буго

Нахул чирахъаз гвангъизабураб расалъиялда сордо хъегъон букIана. Дора-гьанир рекъезарурал ганчIазда тIад, михъ-мегежги лъухьулаго, гIадат билълъараб кIкIалахъ мех гуреб заманалда данделъарал яргъид гIуцIарал магIарулал гIодор чIана. ХIатIихьада риччарал чуял свертIа-сверун пунхулел рукIана.

ГамачI бикIун гьабураб хьонбакIида, гъалараб буртинаги ретIун, гьединабго бахараб тIагъурги лъурав, хъахIаб расалъул херав чи кьварараб куцалда гIодов чIун вукIана. Сабруяв херас, надалде тIагъурги хъубухъун, данделъарал церехъабазда тIад пикруялда бер билълъанхъизабулеб букIана, гьезул пикруялде жаниве лъугьине бокьарав гIадин. Дагьа-макъаб канлъи речIчIараб цо рахъалде кIичIараб мегIералъул цо магIаруласул бахIарчияб сурат бихьун, херав чиясул берал гьесда тIад лъалхъана. ЛъарагIазул шамхалзабазе ва гуржиязул чиназе чабхъеназдалъун хIинкъи ва сороди щвезабурав мегIеркIичI Чупаласул тIолго Аваристаналда цIар тIибитIун букIараб куц!

Тушбабазде бищун кутакал ва хIинкъарал чабхъеназда жаниб гьес къого соналъ тIатIала, гьоркьоса къотIичIого, цебехъанлъи гьабун букIана. Гьесул рагъухъабазда «нахъехун» абураб рагIи кIочонтун букIана, тушманасда кидаго гьезул мугъ бихьун букIинчIо, чуязда кинабгIаги сангар лъалароан. ЦIоб тун хьвагIараб хвалчаца хиянатчагIазул бутIрул тIаса роржинарун унаан. Кьвагьараб цIохIоцин гуллаялда тушман алхунароан. Анлънусавго рагъухъанасул лъабго ва цIикIкIун нухалъ лъукъичIев чи цохIоцин вукIинчIо. Щибав чIарав жидерго рагъухъанасе гIоло гьез тушманасул анцI-анцI рухI бахъулаан. Цо нухалъ тушбабигун чIвадарулеб заманалда Чупаласул васасул кIалдиб щун букIун буго гулла. Бидуца белъараб васасул гьурмал куц бихьараб мехалъ, хIинкъи кьолеб куцалда, инсуца гьаракь гьабунила:

– ЧIамун къватIибе тун биччай!

ГIолохъанаб заманалда гIадин гьесул бидурихьазда жаниб бахIарчиясул би гьалдана, берал кенчIана. Херлъараб кквералъ, тIуртIудулаго, хвалчадул гIоркь дандекъана. Кьурулареб къасдалъул цIун букIана гьесул гьайбатаб гъумер.

Циндаго гьесул пикрабазул рахас тIезабуна бецIлъудасан рачIунел, рихьуларел чуязул тIваркъиялъ. Цо лахIзаталъ гъапуллъараб хераб цIум гIадин, гьев тIуркIана ва, нахул чирахъалъул канлъи тIад речIчIараб сухъмахъалдеги балагьун, бигьа гьабун абуна:

– Аллагьас щивдайха тIаде вачун вачIунев вугев?

Херав чияс жиндирго пикраби цойиде ракIарун лъугIилелде сухъмахъалда рекIаразул суратал лъана. Ругьунал чуял жидерго бакIазде ралагьун унел рукIана, тIад рекIарал гIадамал кидаго рачIун чIолеб бакIалде ана. Щибаб росдал вакилзабазул гьеб кIкIалахъ гьабулеб данделъиялда, батIияб, лъицаго кколареб хасаб даимаб бакI букIана. КватIарал вакилзаби, саламги кьун, чуяздаса рещтIун, жидерго бакIалде лъугьана. КIкIалахъ гьанжеги саскъотIи тIибитIун букIана, зама-заманаялъ гьеб саскъотIи биххизабулаан чуязул хIихIидиялъ. ТIадагьаб хIули гIадал гIазул зарраби нахул чирахъазул цIадул мацIазда сверухъ женжедулел рукIана. Вакилзаби гIодор чIун хадуб, пикруялда вукIарав Галав хIурматалда херасде аскIове вачIана ва гьадин кIалъана:

– Эркенаб бодул тIолго росабазул вакилзаби рачIун руго, ишалде байбихьизе бегьула.

Жанире гъваридго рортун арал бералги къапезарулаго, бахараб хъахIаб расалъул букIкI-букIкIараб гъумералда тIад квер бахъана херас. Цинги, кIичIараб хвалчаде хIалги биччан, гIодов чIаралъуса тIаде вахъана ва цIаял кунчIулел ругел мугIрузул тIогьалги данделъарал гIадамазда рихьизарулаго, гьадин кIалъазе байбихьана:

– Эркенлъи бокьулел гIандалазул церехъабазул мажлис! Доба махIадерил ракьалда балагьалъул гьурилъун вачIун чIун вуго бидухъ гIащикъав тушман. Гьев нилъер вакилзабазухъ валагьун ругIула. Бакъ баккилелде гьел вакилзаби тIаде щвечIони, гьес нилъер росабазде аскар багъаризабизехъин буго. РачIаха, гIакълу дандбазин. ГьанжелъизегIан киданиго вихьичIев гIадав гучав тушманасда дандчIвай гьабизе хIадур ругищ нилъ? ТIолго авар халкъалъул боязде ритIун арал нилъер вакилзаби, ахIуд ритIун арал гIадамал, Хунзахъа, Гьидалъа, ГIандиса, Къарахъа ва цогидалги бакIаздаса жеги тIадруссун гьечIо. Щиб ккелебали лъаларо, амма радалиде нилъеца жаваб кьезе ккола. Ялъуни мутIигIлъизе ккола, ялъуни – ахIичIого рачIарал гьалбадерида данде мустахIикъаб куцалда рахъине ккола. Жалго ragъухъабазе рагIи кьезе ккола.

Яргъил чвархъи бахъинабун, вакилзабазул хъуди бахъана:

– КIалъай, Чупалав, дур кIалдисан цIодораб гIакълу рагIизе бокьун буго нижее.

– Галав кIалъан лъикI.

Гучаб къаркъалаги битIа-бищизабулаго, херав чияс ишара гьабун, Чупалав бакьулъе вачIана ва вакилзабиги руцIцIухIун чIана. ХъахIлъараб хIеренаб расалъул михьалги кьурулаго ва туманкIул ххарица чIурхIарал кьунсрузда гъоркьан данделъарал гIадамаздеги балагьулаго, цокIалаб гьаракьалдалъун гьес гьадин байбихьана:

– Дир гIолохъабазул чуял кьолон руго, тункIал цIун руго, хвалчаби чархида ккун руго. МутIигIлъарал гIандалал Надирида рихьиларо. Бадиса-бадибе шагьасул боде данде дирго гIолохъабиги рачун ина дун. ХицIиб

магъилъ гъел ракьалда регизарила нилъеца. Хадуса, гъоркьчIалидасан къажаразда тIаде жиндирго цIумалгун Галавги вачIа абе. Гьениб нилъеца гьезул къаркъалабаз кIкIалал цIезарила, гьезул чIегIераб бидул гIорал риччала.

МегIеркIичIил кIалъай гьоркьоб къотIизабулаго, кинабго рахъалъан гьеб ритIухъ гьабурал гьаркьал рагIана:

– БитIун буго, битIун буго!

– Валлагь гьородахъ риччала нилъеца гьел къужрул!

ХIал хьарав херас бетIер гьанкIезабуна.

Вакилзаби хъудулел ругеб заманалда, гьоркьове лъугьун вачIана гьоркьохъеб лагаялъул, буртинаги ретIарав, кисан ваккаравали лъачIев цо чи. СихIирго къапезарулел бералгин гьев магIарулазде валагьана ва, кIиябго килщица мегежги бикь-бикьизабулаго, хIинкъадго абуна:

– ХIурмат бугел гIадамал, гIенеккея дихъ, цIияб хабар бугин.

РахIат лъугIараб куцалда ракIалгун, вакилзаби руцIцIухIун чIана. НекIого Надирида аскIове лъутун арав хиянатчи ШагIманилги ХIамзатилги балъгого хурхен бугин вакилзабазда рагIун букIана.

Вакилзаби, кутакалда цабиги къерщезарун, буртина ретIарав чиясул харбихъ балагьун чIун рукIана. КIалъазе изну кьун херас ишара гьабуна.

– ГIандалал! Надиршагьасул аскар нилъеда рикIкIине хIалкIвеларо. Ираналдаса байбихьун нилъер мугIрузде щвезегIан гьесул бояз дунялго цIун буго. Шагьасул рагъухъаби чармил яргъилъ тIерхьун руго. Гьезул гъоркь рукIунарел чуяз махх букъулеб буго. Шагьасул аскаралда цеве чIезе кIолев чи цохIоцин гьечIо. Шамхалазул хан, хайдакъазул Уцуми, табасараназул Къади, гъумекдерил Сурхайхан Надирица асир гьарун руго, ярагъ эхеде борхинабунилан абун, гьезул гIадамал, лагъзаллъун лъугьинарун, Ираналде рачун ун руго. Нилъ руго гIандалал, анцIила кIиго росдал гIадамал, дангъура цIурал чагIи, хIалил-мадаралда нилъеда кIвезе бегьула анлъазарго рагъухъан къватIиве вахъинавизе. Бергьенлъи босараб нусазарилаб аскаралъе нух гьукъизе бокьун буго гьанже нилъее. Дица ракI-ракIалъ абулеб буго, нужеца гьабулеб иш гьагаб иш бугилан. ЦохIо Аллагьасда лъала Аваристаналдасан кумекалъе чагIи рачIунищали. Нилъее киназего машгьурав гIандалазул базарган ШагIман Надирил кваранаб квер вугилан абулеб буго, гьесги нилъее гIакълу кьолеб буго кватIилелде ургъун лъикIилан.

ГIемерисел вакилзаби руге-ругел бакIаздасан хехго тIаде рахъана ва, къватIире хунжрулги хвалчабиги цIан, киназго ахIун гьаракь гьабуна:

– ХиянатчагIи чIвай!

ХIакъирлъарав ХIамзат ханжар бахъизе рекIеда ватичIо. МегIеркIичIил хьвагIараб хвалчадалъун лахIзаталда жаниб гьесул лъедераб магжилаб бетIер херав цевехъанасул хIатIазда цебе гирун бачIана. ТIаса бетIер батIалъараб къаркъала, хьир-хьириялда щокъросан биги реIчIарулаго, цебе бортун бачIана ва тIвапан гIодоб речIчIана.

Вакилзаби гIодоре риччана, парахалъана ва, ХIамзатил балканаб къаркъалаги добегIан бехьерхъун рехун тун хадуб, хвалчаде тIадеги вегун, херас жинцаго бицунеб букIараб калам къотIизе течIого абуна:

– Гьале, гIандалазул росабазул церехъаби, эркенал магIарулазе хиянатав шагьас гьабулеб макру нужеда рагIана ва бихьана. РекIкI цIикIкIарав зулмучиясда ракIалде ккун буго тIолго дунял кодобе босизе. Ираналдаса нилъер гIорхъабазде щвезегIан гьесул аскараз нухдаса гIебеде росаби, шагьарал тала гьаруна, рекьарал бакIал цIа гъун рухIана, рехъаби ва илхъаби рачун ана. Руччаби басра гьарун руго, лъимал ва бихьинал гъурун

руго, цогидал лагълъиялде рачун ун руго. Тушман кутакав, маххулъ ва чармилъ тIерхьарав вуго. Амма тохлъукье чабхъенал гьаризе нилъ устарзаби руго. Чармилалдаса нилъер ракIал къвакIарал руго. Нилъер мугIрул, парсал, кьураби, кIкIалал, хъитIал нилъеца тушманасда тIаде вачIине кIоларел щулалъабилъун лъугьинаризе ккола. Нилъер щивав рагъухъанас тушманасул нус-нус бодуласе нух гьукъизе буго, иншаАллагь! Нилъер гьайбатал умумуз гьедин гьабун буго гури! ГIандалазул цIар арал бахIарзал МегIеркIичI, Галав, Мадилав ва цогидалги бахIарчиял рагъухъаби гьедин гурищ рагъулел? Дица нахъеги нужеда гьикъулеб буго: басралъи тIаде босун, тушманасе накуйищ чIвалеб, ялъуни мустахIикъаб куцалда гьесде дандейищ рахъинел?

Кисанго жавабалъул хъуй бахъана:

– БитIахъе хвалде тIаде ина нилъ!

– ЧIахIиялги гIисиналги, цокIалго, тушманасул ботIроде тIаде, гIазул гIанси гIадин, рортила нилъ.

– ЧIегIерал гIангразда тIаде риччан те ниж!

КIкIалахъ гIандалазул таваккалалъул цIурал гьаркьал гIемераб мехалъ гьоркьоса къотIулел рукIинчIо.

…Урдуялда кинабго рахъалъан бодул бутIрул сас къотIараб куцалда шагьасул чодрохъе хIалакун рачIунел рукIана. ШагIманги гьениве валагьана.

Кьунсрулги рукIкIинарун, гьорорал тIелхазда кверги бахъулаго, Надир чодрода гIагардахъ рахIатхун хьвадулев вукIана. Хьвадулаго гьес, аскIове вачIарав Гъулиханасда, Аваристаналъул рахъалде кверги битIун, хIакимлъиялъул нухалда гьадин буюрана:

– Бакъ баккулеб сагIаталда кинабго къуват дуца гIандалазде тIаде лъугьинабеян дица дуда буюрулеб буго. ЦIоб тун ракьалдаса кoriginalго хъвагIай. Гьезул гIалхулал бусабазда цIа гъе!

Гъулиханас бетIер гIодобе къулана ва жавабалъе гьадин абуна:

– Дуниялалъулго хIакимас буюрараб куцалда кинабго жо тIубазабизе буго.

Гъулиханасул мутIигIлъиялдаса разилъарав Надирица, жавабалъул бакIалда, гьурмада гьуинаб гьимиги ккезабун, разилъи бичIчIизабун, бетIер гьанкIана. Гъулихан хехго аскIоса ана. Цояб рахъалда ШагIманил хIелхIедулеб сурат бихьун, гьесде килищ битIун, ишара гьабуна. ШагIман, хIелхIедулаго, накалде ккана ва шагьасул хIатIазда баизе хъурщана.

– Ле гIандалав, дур халкъалъул къотIи гьабурал вакилзаби кирха дол ругел? – ян, гьев хIакъир гьавиялъул гьими кIутIбуздагун, гьесул ххенолел берал ШагIманида тIад речIчIана. – ГIункIкIазул къотеналде жаниве дун вачинецин гурищ дур ракIалда бугеб?

Шагьасул халгIаталъул квенчIелалдаги баулаго, хIинкъарав ШагIманица хIелхIедулеб гьаркьидалъун кIалги гьим-гьизабуна, абуна:

– Я тIолго дуниялалъул хIаким, дур нигIматалда гъоркьги вукIун, Аллагьасул рахIматаз цIурав дида рекIелъ гьединал пикраби рагъарулелдай? Дун вуго дур ритIухъав лагъ! Амма ракIалда букIараб цо анищ битIун ккечIо. ГIандалаз къаси дир бищун лъикIав гьудул ХIамзат чIвана, дирги гьез пара-пара гьабилаан. ГIандалаз гьабизе бегьулеб хIилла-рекIкIалъул рахъалъан дица гурищ, бетIерчIахъад, мун цIодор гьавун вукIарав. Жакъа рухI кьезе дун хIадур вуго, хIалкIолев хан, дур аскар дида цадахъ битIеян дурго амру гьабе.

Цо кинабалиго пикруялъ кантIизавун, Надир цинтIаго чIана, ва килищ гьесизабун хIинкъи кьолаго, цабзаздасан къватIире гьал рагIаби хьвагIун рачIана:

– Гьаб нухалъ дур рухI дица тархан гьабулеб буго, амма гIандалазул

бодул цевехъан МегӀеркӀичӀил бетӀер дуца босун дихъе щвезаби гьелъие шартӀ буго. Гурони, дудаго лъала, дуде бугеб дир божилъи хвезе буго, цо нухалъ дуца дурго халкъалъе хиянат гьабуна, гьебго жо дие гьабизеги мун нахъе къаларо.

Гъарзикъаб сураталда чӀарав ШагӀманица, Надирил хӀатӀазда цебе ракьалда бетӀерги чӀван, абуна:

– Гьай бетӀерчӀахъад! Дица гьедун рагӀи кьола дуе, бакъ тӀерхьиналде МекӀеркӀичӀил бетӀер дуда цебе букӀине буго, дир рухӀ дуца хвасар гьабе.

РакӀкъараб пикруялда вахъун чӀарав Надирица, лъугӀизегӀан ШагӀманихъги гӀенеккичӀого, кьурун гьумер добехун буссинабуна. ШагӀманги пашманаб ургъалида хутӀана.

## Тушман минатахъ виххизави

Чупалас ахӀичӀого рачӀарал гьалбадерие, гъалбацӀалъ гӀадин¸ гъоркьчӀел гьабун букӀана. Рахъ-рахъалде балагьун шагьасул рекӀараб аскар багъарун бачӀунеб нухде гӀемераб мехалъ балагьун чӀана гьев.

Бакъул чӀораз гьезул чармил къакъадирабиِ, бегӀерал такъияби ва хъалхъанал паркъезарулел рукӀана. Аскаразул цевехъанлъун, гъоркь чӀолареб чӀегӀераб чодаги рекӀун, чӀухӀараб куцалда вачӀунев вукӀана чӀегӀераб мегежалъул цо чи, паркъолел алмасаз берцин гьабураб меседил такъияги букӀана гьесда тӀад лъун, хьолбохъ кӀичӀараб хвалченги бан букӀана. КӀкӀалал кӀиябго рагӀалдасан аскараздаса цере–цере, кьурабазда ва хъинсазда цересан, ганчӀазда ва хъархъазда гьоркьосан рихьулел-рихьуларел гӀадин, хадур-цере хъурщун унел рукӀана чухъби ретӀарал цо гӀадамал. МегӀеркӀичӀил цӀодорал бераздаса щибго жо борчӀулеб букӀинчӀо. ГанчӀазда ва хъархъазда гьоркьосан хъурщун унел балъгоял гӀадамазда тамаша гьабун вукӀана гьев. ГӀалхул кутул гӀадин, гьел цо хьвараб бакӀалдаса цоги бакӀалде тириго рорчӀулел рукӀана, гьезул хъатикь хвалчаби паркъолел рихьулаан. РахӀатхварав МегӀеркӀичӀ ракьалда гӀинчӀван гӀенеккана, кӀкӀалахъа къватӀире раккулеб гонгиниб гъоркьчӀел гьабун, жиндирго рагъухъаби рахчараб бакӀалде кьурун вуссун балагьана. Тушманас гьабизе бегьулеб кинабго хӀиллаялъул ракӀалъ хӀисабги гьабун, хъурщун унел гӀадамазда тӀаса берги босичӀого, гьес жинцаго жиндаго гьадин щурун абуна:

– Вай, Аллагь, щалдай гьадалго – тушбабидай, гьудулзабидай?

Гьеб заманаялда, цинтӀаго МекӀеркӀичӀида бихьана цӀакъго гӀагардегӀан ганчӀида нахъа вахчун чӀарав, чухъаги ретӀарав шагьасул цо бодулас лъабцӀулго бахъун тӀагъур хьвагӀулеб, гьесда хадубго довегӀан вукӀарав цогиясги гьебго жо гьабуна. Балъгого хъурщун рачӀунел цересел хъаравулзабаз рахъун тӀагърал хьвагӀун кӀкӀалахъан бачӀунеб шагьасул аскаралда хабар лъазабураб мехалъ, аскараз чуял рагъаризаруна кӀкӀалалъул къварилъухъа къватӀире. МегӀеркӀичӀида бичӀчӀана нух эркен бугилан дол хъаравулзабаз лъазабулеб букӀин.

БахӀарчияв гӀандалазул цевехъанасул ракӀ бохиялъ тӀеркӀолеб букӀана. Гьесул рагъухъаби тушманасда рихьичӀого хутӀана. МегӀеркӀичӀида лъикӀ лъалаан, жиндир буюрухъ гьечӀого гьел гъоркьчӀалида ругел жиндир рагъухъабазул цонигияв щуруларевлъи. ЦӀорораб гӀетӀул гаралги гьурмадаса рацӀцӀунаго, жиндирго ракӀчӀараб иш битӀараб бугодаян балагьизе бокьун, гьев рахъ-рахъалде цӀодорго валагьана.

ГӀандалазул росабалъе нич тӀагӀараб куцалда багъарун бачӀунеб шагьасул аскар бихьарал, гъоркьчӀел гьабун ругел рагъухъаби, хунжрул, хвалчаби, цо-цоял кодор хучдулгун, рахӀатхвараб куцалда балагьун чӀун рукӀана цевехъанасул ишараялъухъ.

МегӀеркӀичӀ ургъунго сабруялда чӀун вукӀана.

Сундаго щаклъичӀого, чӀолорхъо чучун, чуялги риччан, бакъуца гвангъараб гонгинисан шагьасул аскарал хехго цере унел рукӀана. Гьале ччукӀизабун нух къотӀараб бакӀалде щвана гьел. ТӀатӀала къараб гохӀ лъугьун чӀун хутӀана.

МегӀеркӀичӀие къваригӀараб жоги гьеб букӀана.

– Мех щвана, – ян абуна гьес жиндаго аскӀов вукӀарав рагъухъанасда. Гьенир аскӀорегӀан рукӀарал рагъухъабаз хӀадур гьабун букӀараб кьурул гӀус, могороги бан, тӀаса гъоркье ччукӀизе гьабуна. Гьебго заманалда гьеб ччукӀизаби къватӀире рахъине гӀаламатги букӀана.

– ГӀандалал! ЦӀоб тун тушбаби гъуре нужеца! – ян МегӀеркӀичӀил зирараб гьаракь бахъана.

Цевехъанасул гьаркьил дандерижи кӀкӀалахъ тӀибитӀизегӀан, ракьулъан къватӀире раккун рачӀарал гӀадин, гӀандалазул бахӀарзал шагьасул аскаралде тӀаде ротана. ЦохӀо лахӀзаталда жаниб туманкӀул кьвагьиялъ, хвалчабазул чапиялъ, хучдузул хъухьиялъ, хунжрузул чанкиялъ, чуязул хӀихӀидиялъ, рагъухъабазул ахӀиялъ кӀкӀалго гъугълъизабун букӀана. Рагъул майданалда туманкӀул ххарил кӀкӀуй тӀад бетана. Бидул гӀор чвахизе лъугьана. Шагьасул тӀасарищарал нус-нус бахӀарзал гӀандалазул къисасалъул квераз ракьалда регизаруна.

Гьеб заманалда махӀадерил гохӀдасан дурнабазухъан валагьун вукӀарав Надир-шагьасда кӀкӀалахъ кколеб бугеб рагъул сурат бихьана. ГъоркьчӀалиде тӀаде ккарал рагъухъабазул мухъал риун лъугӀулел рихьана гьесда. Бецараб хӀалухъин гӀадин, хвалчабаз ва хунжруз гьесул аскар бецун лъолеб букӀана, кьурул парсаздаса гӀодоре роржун унел рукӀана. РухӀ бахъулел ругел аскаразул ва магӀарулазул тӀатӀала рарал къаркъалабазул цӀун букӀана рагъул майдан, рагъилан абуни, гӀодоцунеб букӀинчӀо, тӀадеялдаса тӀаде боркьулеб букӀана.

ТӀурараб гьой гӀадин ццидахун, шагьас жиндирго мегеж бетӀулеб букӀана, чӀечӀого гӀодор хӀатӀалги кьабгӀезарулаго, шагьас хвел тӀаде босун рагъулел ругел магӀарулазул гьитӀинаб къукъа мерхьине жиндирго цӀия-цӀиял боял тӀаде ритӀулел руго. ТӀарамагъада, къажаразул аскараз магӀарулал нахъе къазарулел ва гьабулаго рагъгун кӀкӀалахъан гьел нахъе унел рихьана Надирида.

– ХӀалчӀахъадал! – ан абуна гьес, михъалги кьурулаго. Амма гьебсагӀат ахӀвал-хӀал цинтӀаго нахъеги хисун ккана.

Гъулиханас кумекалъе тӀаде рачарал аскарал рагъде лъугьаралго, кисан бачӀарабали лъачӀого, гъоркьчӀел гьабураб бакӀалдасан, гӀор гӀадин, тӀаде чвахун бачӀана магӀарулазул цӀияб къуват. Рагъухъабазул бутӀрузде кьурабазул рагӀалдасан хӀур бахъинабун риччан рачӀана гьарчал. Надирил хӀатӀида гъоркь ракь гьалдолеб гӀадин букӀана. Гьесда ракӀалде ккана ганчӀал, кьураби ва мугӀрулгицин гаргадулел ругилан. Кьур-кьурарал, къваридал сухъмахъаздасан гӀандалазе кумекалъе мугӀруздасан цӀи–цӀиял боял рагъарун рачӀунел рукӀана. Ва амма гьеб кинабго букӀана гӀандалазул

руччабаз ургъараб хIилла. Бихьиназул ретIелги ретIун, шагьасул чадиралдехун ралагьун, рихьулелги рихьуларелги сухъмахъаздасан рачIунел рукIана гьел, гIандалазде тIаде кIкIалахъе унел шагьасул аскарал гуккизе.

Бергьенлъиялъул сагIат гIагарлъун бугилан лазат босизегIан цебеккун, Надирица, сородулеб квералъ берал рацIцIунаго, хIайранаб куцалъ гьадин абуна:

– Унго, цебетIамулеб жойищ гьаб жо, макьилъцин гуревищ дун вугев?

ХIалбачIарав чи гIадин, цо минуталдасан Надирица жиндирго хасаб аскар чIун букIараб рахъалде квер хьвана. Чармил къолдаби тIад ретIарал рагъухъабазда гъоркь чIоларел чуял шагьас ишара гьабурабго, цере рагъарана ва Надирил живго цIунулеб хасаб аскар, балагьалъул гьури гIадин, рагъул майданалде бортана.

ГъоркьчIел гьабураб бакIалдасан тIаде ртарал гIандалазул бахIарзал лъутIлъун шагьасул бода гъоркье лъугьана. ЦокIалаб лъаббокIонаб сангарлъун чIун, тушбабазде данде гьел цIакъ лебалго рагъана, тушбабазул мухъазда гьоркьоб рихха-хочи ва хвел тIибитIизабуна. ТуманкIул ххарил кIкIуялда гьоркьосан вахIшияб гIергIеди ва хъуй рагIулеб букIана бидуца мехтарал рагъухъабазул. ГIандалазул щивав лъаб-лъаб чиясде тIаде шагьасул анцI-анцI ва нус-нус рагъухъан тIаделъун вукIана. Бидуца багIар гьарурал хвалчаби, хучдул ва хунжрул чвархъиялда цоцалъ кьабулел рагIулаан. Кьурул рагIалазда гъорлъе журан рагъулел бодулазул цояс цоясул щекъер кколаан ва гьорчо гIадин, кьурулъа гъоркье гевегизавулаан. ТIад рекIарал чагIиги гьечIого, хIинкъарал чуял кIкIалахъан рахъ-рахъалде тIурулаан.

Бидуца белъараб гьумергун, МегIеркIичIица жинде тIаделъарал шагьасул рагъухъаби гъурулел рукIана, гьесул хIатIазда цеве анцI-анцI чIварав чи ракьалда вегун вугоан. ЧIегIер магжилав Гъулиханасда ботIролъ кьабизе гьес хвалчен хьвагIулеб лахIзаталда жаниб, вортун вачIун, цо тушманас гьесул каранзулъ хеч тункана… МегIеркIичIил хъатикь букIараб хвалчен цо лахIзаталда жаниб гьаваялдаго цIорон хутIана, амма буге-гьечIеб гучалдалъун гьев цеве гьункьана, дагьабги гъваридго хечалде тIадеги вегун, тирияб куцалда хвалчен хьвагIун, дандияв тушманасул бетIер къотIун рехана. Далдалун квералгун, рухI бахъараб тушманасул къаркъала ракьалда гIодоб ккана. ХвечIого ворчIарав Гъулихан нахъе къана. МегIеркIичIица жиндирго каранзулъа хеч нахъе бахъана ва жеги жинде тIаделъун рукIарал рагъухъабазда гьес гьебго хеч хъухьизе гьабулеб букIана. ГIандалазул цевехъанасул бахIарчилъиялда тамашалъун хутIарав Гъулиханас, рагъдаса довегIанги чIун, жиндирго бодулазде гьадин ахIана:

– Гьев гIандалав чIаго восизе ккун цвуго!

МегIеркIичIидаса жиндирго аскар бергьунареблъи бихьараб мехалъ, Гъулиханица МегIеркIичIиде гьадин ахIула:

– Ле, хIинкъи лъаларев багьадур, мунго дуцаго гьалаг гьавуге! Дун вуго Гъулихан, шагьасул цIаралдасан дица дуе гIумру ва эркенлъи чIобого кьела.

Ццидаххарав МегIеркIичIица, хъахI рахъинарун кIутIбигун, къватIибе биги тулаго, тушбаби дагьабги кутакалда пасат гьаруна. Рахъ-рахъалде гьунулел тушбабиги рецун лъолаго ва жанавараль гIадаб гьаракьги гьабулаго, гьес Гъулиханасе гьадинаб жаваб ахIана:

– Гьлае гьаб хвалчадалъун босила дица гIумру ва эркенлъи, хIалихьатав гавур!

ГІадамазул къаркъалабазул гохІа-гохІал лъугьараб кІкІалахъ цІоб лъугІараб, бидул гІорал чвахулеб рагъ тІадеялдаса-тІаде кутаклъулеб сураталда боркьун букІана. Кинабго рахъалъан магІарулаз данде къазарун, шагьасул руккелал нахъаса нахъе ине байбихьараб заманалда, гьезие кумекалъе тІаде гІунтІана Надирил тІасабищараб аскар. Гьел, гІасиял гьаркьалги гьарулаго, гІандалазул бахІарзазде тІаде роpтун рачІана. СвертІа-сверун тушбаби лъугьарав, бидуца велъарав Галас, жиндир тІарамагъадисеб гучалдалъун чІвадарулаго, хьирараб гьаркьидалъун, ахІун биччана:

– Ле, гІандалал, цохІо галицин нужеца нахъехун тІамуге!

Надирил хасаб боялъ нахъе къазарулел рукІарал гІандалазда жидерго цевехъанасул ахІи рагІараб мехалъ, цІияб гучалда гьел, гьадин ахІулаго, цере кІанцІана:

– Ниж рижараб ракьалда къажарал теларо нижеца!

Хвалчабазул чапиялъул, гІадамазул угьи-зигараялъул ва чІчІичІчІидиялъул хьуй цо гІажаибго ракІ букІкІинабулеб ахІи-хІурлъун лъугьана, дандерижиялъ тІадбуссун такрар гьабулеб гьел гьаркьал дагьалги гІасилъун рагъулел рукІана. Рагъул майданалдаса нахъе восун вукІарав хІал дагьлъарав МегІеркІич, сородулаго хІатІалгун, хІалица тІаде вахьана. ЧІортоялъ бухьараб каранзул ругъунги гъежалъ данде къалаго, надалда цояб кверги чІван, гьев тІад кІкІуй лъун бугеб рагъде валагьана. Рагъде лъугьине хІал гІоларев цевехъанасда гІандалазул мухъал лъедерлъун ругеб куц бихьана. Гьанже гуро гьанже тІаде гІунтІулел ругел шагьасул аскаралъул цІиял руккелаз гьел мерхьинехьин ругилан кколаан.

Рохиялъ ахІтІолаго, шагьасул руккелаз гІандалазул чІаго хутІун ругел бахІарзал росдал рагІалде цІакъго гІагарлъизарун рукІана. чупаласул бахІарчияб рекІелъ тІухьидул гуллица цІа бакизабуна, полоп барал гьесул бидул цІурал кІутІби сородулел рукІана. Беразда канлъи бихьулареб хІал лъугьана ва свертІа-сверун чІегІераб пардав бигъана… Данде къарал цабзазул къирщи бахьана ва кьер тІураб гьурмада щукІдул загьирлъана. Тала гьарурал росаби, басра гьарурал руччаби гьесда цере паркъун ана. Гьеле гьеб гІазабалъул захІматаб лахІзаталда жаниб гьесул рекІелъе бачІараб пикру бихьулищха. Кутакалда ругъунги данде къан, гьес керен цІуна хІухьел биччана, ва, вижараб росулъе гьумерги буссинабун, хІедулкьераб кверги кІутІбузда чІван, гьелъул зурмаги гьабун, гьадин ахІана:

– Ле, гІадамал, бахІарзал, улбул ва яцал! Нилъер бахІарзазул жаназабиги мерхьунаго, гьанжелъизегІан кидаго басра гьарун рукІинчІел нилъ рижарал бакІазде тушман вортулев вуго. Киналго, ки-на-ал-гоо къватІире рахъа!..

ТІураб гІатІ гІадин, цевехъанасул гьаракь гьелдалъун къотІун ккана. Дандерижиялъ рикІкІадасан гьаб ахІиялъул гьаракь такрар гьабуна:

– Ки-наал-гоо къватІире рахъа!

РухІ лъугІулев вугев Чупалав бигьа гьабун гІодов ккана. Цо лахІзаталда жаниб гьесул рухІ лъугІулев гьесда цере рачІана гІагаразул ва гІунтІаразул суратал…Хвалил мехталилъ вугев гьесул рекІее бокьараб цо жо букІана: гьесие бокьун букІана хвалдаса бергьине, минатахъ тушбаби щущазарулел рихьизе. Жиндирго ахираб сагІат нахъе бачахъулев вугев гІадин, гьев ццидаххараб куцалда хачадилев, къуват лъугІулел квераз, ганчІал ва ракь бухъ-бухъун балев вукІана. ГІатІидаб карандасан багІараб бидул чІчІва борохьлъун кІичІахъдун унеб букІана, гьесул бахІарчияб рухІ дагь-дагь ккун лъугІулеб букІана.

Росдада тIад цIахIилкьераб хIурул накIкIул пардав тIупана. ЧIегIерал кунтбиги ретIун, рачлихъ цояб рагIалги къазабун, гIандалазул руччабаз, гIетIулъ тIерхьун, росдал къватIал ганчIаз руччинарулел рукIана, гьитIинал картIалги тун рукъзазул гордал ва нуцIби ганчIаз рацулел рукIана. Росулъе щолел бакIазда херал чагIаз кIвараб куцалда цидурукъзал гьарулел, сухъмахъазда гъоркь гвендал рухъулел рукIана. Устарлъиялда гьел рахчун, тIаде чIар ва жеги лал тIамичIеб тIощалил гулал гьурщун ралел рукIана.

ТIаде щвараб хIинкъи бичIчIун, лъималги тириго ротанхъулел, чIахIиязе кумек гьабулел, гIертIазухъе тIун лъим баччулел, хIарщ буцулел, ганчIазул гохIал гьарулел рукIана.

Гьод къуларай кIодо ГIайшатица, букIкI-букIкIараб кIалги чIванкIезабулаго, руччабазул гъира бачIинабун, росулъе битIун тIилги хьвагIулаго, гьадин абуна:

– Ле, гIандадерил руччаби, нилъерго бахIарзазе хIал кьезе къо щвана! КIазал къан рухье, хъатикь ярагъ щулаго кквe.

КIкIалахъан бараб рагъул ахIиялъе жаваблъун гIагардегIанисел ва рикIкIадегIанисел росабалъан, щвараб ихх гIадин, кодор гIаштIалгун, чухъби, тIингъал, гужгатал ретIун, гIандалазул руччаби ва ясал рагъарун рачIана. Бищун цее ячIуней йигоан бахIаралъул ретIелги ретIун, йорхатай, мугIрул бис гIадай, берцинай цо яс. Гьелъ цIобтун жергъен бухулеб букIана ва борхатаб гьаркьидалъун кьалул кечI ахIулеб букIана.

ХIасратаб рекIел цIаялдалъун гьелъ яцазул ва улбузул гъира базабулеб букIана, бидулаб рагъда хIал дагьлъарал вацазе ва росазе кумекалъе гьел ахIулел рукIана. Ясаз ва руччабаз, ярагъги гьесизабулаго, ццидаххараб куцалъ гьадин жаваб гьабулеб букIана:

– Къажаразе гIажал кьела нилъеца!

Гьеб заманалда гIандалазул херав бетIерас, кисан ваккаравали лъачIого цевеги вачIун, росдал рагIалде рагъарун унел руччаби рихьун, квер борхун гьел чIезаруна. Хвалчаде тIадеги вегун, тIадеялдаса-тIаде росулъе гIагарлъулеб бугеб рагъул иш кин кколаяли балагьун, хъаравуллъи ккуна.

Гъоба гIодоб кIкIалахъ шагьасул боял бергьенлъиялдаса рохун рукIана. Щибаб ганчIида нахъа чIун рагъулел рукIарал бахIарзал шагьасул бояз, чи гIемерлъиялдалъун, нахъе къазарулел рукIана. Гьале лъарахъе щвана гьел, гIандалазул бахIарзазул жеги рухI бахъун лъугIичIел жаназабиги, гIалхул жанаваралъ гIадин, мерхьунаго, ганчIаздасан рахунаго, гьел магIарде ххарулел руго.

ГIандалазул херав чиясул ракI ццидаца гьалдолеб букIана. РекIедаса араб ццидал цIа бадисан пирхун ана. Ахирияб нухалъ рекIелъ бугеб хьулгун гьев магIардаса гIодобе бачIунеб сухъмахъалде балагьана. Аваристаналдасан рачIине кколел боял жеги тIаде щолел рихьулел рукIинчIо. Херав чияс бигьа гьабун хIухьел биччана ва вагъа-вачаризе жувана. Хъабарчадул къвалалги эхеде гурун, квенчIелалги рачлихъ рахъун, беразде тIагъурги хъубухъун, цебе ккара-ккараб ярагъ-матахIги босун данделъун ругел херал чагIазул пикруцин гьабичIого, гьес, хьвагIезабулаго хвалченгун, ахIун биччана:

– ТIокIалъ сабру гьабизе рес гьечIо! Мех щвана!

РохокъотIиялде ворхарав Чупаласда, рахьдалаб хIабургъиналда жанир ссун унел ругел беразда бихьана шагьасул боязде данде росулъан кодоб ярагъгун рагъарун унел руччабазул ва херал чагIазул жуба-гъубараб сурат. Гьезда нахъасан мугIрул сухъмахъалдаса гъоркье, пири гIадин, бортун

тIаде щолеб бихьана гIандалазе кумекалъе бачIунеб хунздерил бо. Гьеб лахIзаталда жаниб гьев къулчIизе гьанже гуреб гьанже хIадурлъун бугеб хвалица цевехъан теркIезавулев вукIана. Чупалав кин бугониги хIатIида вахъун чIана ва, гIандалазулги хунздерилги бахIарзаз гъурун ралел шагьасул аскарал цо хIабургъараб цIоролъан гIадин рихьараб мехалъ, хьир-хъирараб гьаркьидалъун гьес ахIана:

– Тушбабазул хIатIида гьоркь ракь багIаризабе! Рорта, рорта, цере рорта, магIарулал!

## Нилъер ракьалда тушманасе дуниял гьечIо

ЦIиял хабзалазул цIураб кIкIалахъ бугеб гохI рогьалил бакъуца гвангъизабуна. ТIад ярагъгун, бидул цIураб ретIелгун, МегIеркIичIил жаназа, гъалараб буртинаялда лъун букIана.

ТIоцебе балагьараб мехалда гьев чIаго вугилан ва захIматаб рагъдаса хадуб хIухьбахъулев вугин кколаан. ТуманкIул ххарица чIурхIараб магжида, михъазда ва ризал кьунсрузда бидул къатIраби ретун чIун рукIана. Сверухъе пашманал бахIарзалги чIун, бухъун къачIан бугеб хобалъ бихьизабулеб букIана цевехъан хун вукIин. ГIадат гьечIониги, бихьиналгун цадахъ, пашманаб куцалъ бетIерги гIодобе къулун, ярагъ борчарал гIандалазул руччабиги эхетун рукIана.

БетIерас къокъабго жаназаялъул как бан лъугIана, ункъо херав рагъухъанас бигьа гьабун буртинадул рагIалал ккуна, ва МегIеркIичI кьижаралъуса ворчIиларедухъ гIадин, бигьа гьабун гьесул жаназа хабалъе бегьана. Сверухъ чIун рукIарал рагъухъабаз тIаде ракь хъвазе байбихьана. Пашманаб куцалда эхетун рукIарал руччабазул бадисан магIил гарал гирун ана.

ГIандалазе ккараб зарал кIудияб букIана. Хоб бухъулеб мехалъ рагъухъабаз захIматго угьун хIухьел биччалел рукIана, гьезул пашманал гьурмазда щукIдул сородулел рукIана. РакI хIалуциналъ дуниял бецIлъун ккарав гIандалазул бетIерас, щокъробе бачIараб ахтуги бальгого къватIибе тун, хвалчаде вегун, хабал бетIер бугеб рахъалдехунги вачIун, кьварараб гьаракьалдалъун, пашманаб сихIкъотIи тIагIинабун, абуна:

– ГIандалал! Аллагьасул къадаралдалъун нилъеде тIаде щвараб балагьалде сабру гьабизе ккела. НилъедасаратIалъарал нилъер гьалмагъзаби талихI бугел чагIи руго. Гьезул рухIал тIогъол цIурал алжаналъул байдабахъ парахалъун руго. – ГьалбацI МегIеркIичI гIадав багьадур гьанже нилъеда гьоркьов гьечIо. Гьесул гьумерхъахIал ишал кидаго хвеларо ва наслуялдаса-наслуялде цоцахъе накълу гьабулел рукIина. Халкъалъул намусалъе ва эркенлъиялъе гIоло, нилъго рижарал мугIрузе гIоло рухI кьезе Аллагьас нилъееги насиблъун гьабеги. Жалго сах-саламатго рорчIизе хиялалда, Надир-шагьасул риххизарурал бояз месед, гIарац нухде гIодобе хьалеб буго, амма нилъер бахIарзаз, гьеб хIакъираб малги хIатIикь мерхьунаго, свак тун, хадур лъугьун, тушбабазул бутIрул къотIулел руго, нилъер рижараб ракьалдаса гьел нахъе хъамулел руго.

Ва амма нилъеда гьоркьов цо хиянатчи лъугьана, къабихIав ШагIман вижана. Надир-шагьасул урду пасат гьабураб мехалъ нилъер бахIарзаз гьев ккуна.

– Гьадале, балагье нужго, гьев вачун вачIунев вуго.

БетIерас килищ битIараб рахъалде киназго кьурун гьумер буссинабуна. Бихъ-бихъараб халгIаталъул квенчIелалги бохдузда жемардулаго, цо чанго рагъухъанас сверун ккун вачун вачIунев вуго ШагIман. Гьесул бегIукъаб гьумералда бицун бажарулареб хIинкъиялъул гIаламат букIана.

Данделъараб халкъ сихIкъотIун чIана. Рагъухъабаз хвалчабазда ва тунчузда кверал лъуна, руччабаз гIаштIазул гIоркьал щулаго ккуна. ТIаде вачIарав хиянатчиясде киналго ццидахун балагьана, гьесул черхалъул бутIа-бутIа гьабизе хIадур рукIана.

Жинда тIил кьабиялъухъ балагьун, тIепун чIараб гьой гIадин, гIандалазда цеве чIун вукIана ШагIман. Киве валагьаниги, раккун тIад речIчIизарулел бераздаса лъутун, гьес берал гIодоре руссинарун рукIана. ЦIукIаяб, хиянатаб ракI къисасалдаса хIинкъун къватIибе кIанцIулеб букIана. ГIандалазул ццидал чIорал гьесул бераз хIехьолел рукIинчIо ва хъатамасан гьев бетIерасда цеве накалда ккана.

– ГIандалазул гIакъилав бетIер, давла кьегийин дуе, цIуне дун! Месед кьела, гIарац кьела, дун бетIергьанабщинаб жо кьела.

Цевехъанас ШагIманиде мугъ кьуна ва хьартIан хвалчен къватIибе бахъана.

– Гьай ягъзинав хиянатчи, меседица гIайиб чуризе бокьунищ дуе бугеб? Тушманас вичун восарав хиянатчи вуго мун. Вижараб ракь лъица басра гьабураб, гьенире къажарал лъица рачарал? Аллагьасул цIар бахъун мун Надирие гьедана гьеб дур цIукIаяб квералдалъун МегIеркIичIил бетIер къотIилилан абун. Тухум, къавм, кьибил, эбел басра гьарурав мун – хIалихьат халкъалда цеве хвезе ккола.

Гьеб лахIзаталда жаниб данделъиялде гьоркьое, хIерххиялда, цо херай гIадан йортун ячIана.

– Эбел, хвасар гьаве дун! – ан цеве ккана гьелда ШагIман.

– Гьай хIакъирав хиянатчи! – ян ахIтIана кIодо. – Мун гьавураб къоялъе ва дирго каранзул рахь дуе кьураб къоялъе нагIана кьола дица. Гьале борхьида хахизабураб керен, нагIана батаяв мунапикъ! Дица гьел тIун рехулел руго ва дуда бадир речIчIула, ма, дурго меседихъ росе гьел!

ХIинкъиялъ хаган хутIарав ШагIманил гьурмада речIчIула гьелъ жиндирго карандаса къотIун рехараб бидул цIураб кесек.

БетIерас хиянатчиясул ботIролъ хвалчен кьабуна. Бидул цIураб хвалченги лъалиниб лъолаго, гьес гьадин хитIаб гьабуна:

– ГIандалазул бахIарзал! Нилъ рижараб эбелаб ракьалъул ракIкъана хиянатчиясул гьаб хъубаб къаркъала къабул гьабизе гьечIо. Гьав нахъегIанав хиянатчиясул къаркъала цIа гъун бухIизин ва рахъуги гьородахъ биччазин. Нилъер лъималаз бицине букIа абе – ватIаналъе хиянат гьабуралъухъ магIарулаз гьадин къисас босулилан, нилъер эркенлъиялде къасд гьабурал чагIаздасаги кутакалда къисас босулилан.

**Хирияб ватIаналъул намусалъе ва эркенлъиялъе гIоло рухI кьурал Аваристаналъул бахIарчиял васазул ва улбузул бидухъ къисасги босун, нижеца хIурлъун гьородахъ риччана Надир-шагьасул кутакал боял; гьанжеялдаса хадубги бидулаб хвалчен нилъеде бахъизе ракIалде кколелщиназе гьеб къо мисаллъун букIа абе; хадусеб наслу тушбабазде данде рагъде ахIулел лебалал магIарул рагъухъабазул хириял хобалги гьелъие нугIзаллъун рукIа абе!**

# Пьесади



МахсутI ЗАЙНУЛГIАБИДОВ

## САНГАР

**ГIАХЬАЛЛЪУЛЕЛ:**

**Прокофьев** – геолог, балеб ГЭСалъул начальник.
**Рогов** – ГЭСалъул бетIерав инженер.
**АхIмад** – cресткомалъул председатель
**ГIали** – АхIмадил вас.
**Ханзада** – ГIалил эбел
**БацIилав –** кулак
**Хадижат** – БацIиласул яс
**ХIабсат** – Хадижатил эбел
**Гьарун** – росдал дибир
**Беццав Муса** – мискинчи
**Чупан** – Мусал вас
**Сайгид** – ГIалил гьудул
**Гадай** – жасус
**ГIадамал.**

I.

*Хъвалтадерил къварилъи. Кваназе нухда чIарал эменги васги. ГIурул гьаракь.*

**АхIмад** (*хъитIаздехун кверги битIун*). Доле, дир вас ГIали, гьадаб нохъода чIван ватана дир гьудул ХIамид. Беркъай лъалароан гьеcда. Муслим Атаевас жиндир бищун бахIарчияв рагъухъанлъун рикIкIунаан гьев.

**ГIали.** Дудасаги бахIарчиявищха, дада, гьев вукIарав?

**АхIмад.** Нижее кьолаан бищунго захIматал тIадкъаял… Цо нухалъ ниж унаго, БацIиласул вац ккана нижеда данде…

**ГIали**. Цинги, дада?

**АхIмад.** Гьев кверде вачIинчIо. Бихьинал ратани цо-цоккун рачIаян чIана…

**ГӀали.** Мунищха гьесда данде вахъарав?

**АхӀмад.** Гуро, ХӀамид вахъана… Чвархъи халалъана хвалчабазул. Ахирги БацӀиласул вац, къотӀараб гӀаркьел гӀадин, гӀодове вортун ана чодаса.

**ГӀали.** ВахӀ! Гьедин батани, ХӀамид БацӀилас чӀван ватизеги бегьулагури, дада?!

**АхӀмад**. БацӀилав ригь арав чи ккола. КӀудияб церги вуго гьев. гьес жинцаго ХӀамид чӀваларо. Рохьазда рахчун руго, кквезе щвечӀел бандал. БацӀиласул гьезулгун божилъи букӀана. БацӀилас тӀамун чӀваялда щаклъи буго. Щаклъухъе щибниги гьабизе бегьуларо, хӀужаби рукӀине ккола.

**ГӀали**. Дада! БацӀиласул ясиланцин абизе бегьиларо гьадай Хадижатиде.

**АхӀмад** *(ццидахун*). Дуца дие гьесул ясалъул тӀокӀалъ цӀар бахъуге! БацӀил тӀинчӀ бацӀ букӀуна, кьегӀер букӀунаро!

(*Таманаб мех бала сихӀкъотӀун).*

**ГӀали** *(хъитӀниса гӀодове вачӀунев кӀигояв вихьула)*. Дада, дада! Доле дол – бандал!

**АхӀмад** (*хехлъи гьабун аскӀоб бегизабураб туманкӀги босун, ганчӀиде нахъе кӀанцӀула*). Вахче! Сас те!

*(ГӀалиги инсуда аскӀове кӀанцӀула).*

**ГӀали.** Нилъги рихьун рачӀунел ругодай, дада, дол?

**АхӀмад**. Жеги щиб лъалеб… ХӀамид гӀадин, дунги чӀвазе ритӀарал ратизе бегьула дол…

**ГӀали**. Доз дуде кьвагьилалде, речӀчӀун лъикӀ, дада, дозда…

**АхӀмад.** Валлагь буго дозухъ ярагъги. Рагъда дида бихьичӀеб тайпа. Нуж гӀадаз гурищ, хӀарамзадаби, дир гьудул ХӀамидги чӀварав гьанив! Гьанже балагьилин цо бацӀазухъ. Риччанте гьел нилъер хӀамиде аскӀорегӀан щвезе. Гуро валагь, кверде росизе ккола дол. ЧӀая цо, цин хӀинкъизарилин. *(АхӀмадица кьвагьула).*

**ГӀали.** Дада, бихьулищ, рахчана дол ганчӀида нахъа. Дун гӀорккун эхеде ун, гьезде гьарчал разе инищ?

**АхӀмад**. Унге!.. Мун росулъе а! Абе дозда инсуца бандал ккун ругилан, гьел кверде росизе кумекалъе рачӀаян. ВорхичӀого, вахун а.

**ГӀали**. Мун, дада?

**АхӀмад.** Дида гьеб тайпа лъикӀ лъала, ГӀали. А!

**ГӀали**. Дун тани щибан, дада, гьанив. Дица цо кьуризе теларо дол.

**АхӀмад**. КӀудияс малъараб гьабе дуца!

**ГӀали.** ЛъикӀ буго, дада. Дун ана. (*Уна).*

*(РуцӀцӀунчӀей).*

**АхӀмад.** ХъахӀаб байрахъ?! ЧӀая, чӀая!.. ХъахӀаб квербацӀцӀ бихьула бухьун тӀилида. Йохъ, гьединан дир бер бухьинареб нужеца.

**Цоясул гьаракь**. Горец, мы русские, русские! Ваши товарищи!.

**АхӀмад**. ВахӀ! ГӀурусал кисан гьанире ккарал? (*Лъалхъула).* Йохъ! Цо нухалъищ гуккарал рагъда нилъерал, гӀурус солдатал ругиланги абун. Нилъер хехаб божиялъ балагь дагьищ бАччараб нилъедего. Риччанте рачӀине аскӀоре… Выхьади, убит тебя ният я! *(Дагьавго ганчӀида нахъсан ваккула).*

**Гьаракь**. Только не стреляй, горец!

**АхӀмад**. Хьарашо. Оружие лежайт на земля делай!

**Гьаракь**. Горец, у нас нет оружия!

**АхIмад.** Я слепой нет, маленьки пушка видит есть.

**Гьаракь**. Это не пушка, прибор! Вот, пожалуйста, отложили.

**АхIмад.** Так нада. Сейчас суда иди делай.

(*Эхеде квералги рорхун кIиялго рачIуна).*

**АхIмад.** Руки верхь держи так! (*ТуманкIги гьазде битIизабухъе гьал рачIараб рахъалдехунги ун, теодолитги босун вачIуна).*

**Рогов** *(магIарул мацIалъ).* Ярагъ гьечIо нижехъ, кверал гIодоре риччай.

**АхIмад** *(теодолиталда хIинкъадго кверги кIутIун*). Гьереси щай бицунеб? Гьаб щиб тайпаялъул пулемет?

**Рогов** *(гьимулаго).* Сурат бахъулеб жо буго гьеб, хIурматияв магIарулав.

**АхIмад** *(нечон бетIерги кIибикIун).* Угь… МацIги лъалеб бихьула. Кинанха нуж гьал кьурабазуЛъе ккарал? Нуж щал?

**Рогов**. Дун вуго Рогов. Гьав ккола Прокофьев Андрей Алексеевич. Ниж руго инженерал, гьал кьурабазул цIех-рех гьабизе рачIарал чагIи.

**АхIмад** (*разиго*). Андрейищха? ВахI… ГIодор чIа, кверал гIодоре риччай. Андрей абулев гьудул вукIана дир цо, досие налъулав вуго дун. Дос хвалдаса гIемер хвасар гьавуна дун… ПарТизаналгун вагъулеб мех букIана дир доб.

**Рогов**. Нижги рукIана граждан рагъулъ Дагъистаналда. Мунго гIадал багIарал партизанал нижерги рукIана гьудулзаби. ГIадада гуреб дида нужер мацI лъараб.

**АхIмад**. Огь, Андрей, Андрей…

**Андрей.** Что, дорогой?

**АхIмад**. Что, что нет. Дица нуж бандал ругилан тун рукIана. Гьанир гIадамал чIвала бандазги кулаказги.

**Рогов.** Ругоха нижги бандитал.

*(АхIмадица туманкI каранде цIала).*

Амма нижер гьачагълъи буго гьугъуб гIор асир гьаби.

**АхIмад**. ГIор дуе гIаданищ асир гьавизе?

**Рогов**. МагIарулазул миллияв багьадур имам Шамилица гьаб къварилъидухъ бан букIинчIищ сангар?

**АхIмад**. Дос пачаясул армия гьанкъизабизе бан букIана гьаниб сангар. Гьеб киналго гIадамазда лъала.

**Рогов.** Гьанже гьабизе буго сангар-плотина.

**Андрей**. Да, да. Плотину будем строить. Мы ищем место, где можно построить плотину.

**АхIмад** (*хIикмалъун*). Щиб гьабизе гьеб сангар нужее? Гьанже гьанир гьанкъизаризе Дагъистаналъул тушман – пачаясул солдаталги гьечIин.

**Андрей.** Как вас величать?

**Рогов**. ЦIар щибила дуда?

**АхIмад.** АхIмад есть. Мусаев АхIмад.

**Рогов.** Гьелеха, вац АхIмад, гьаб гIоралъе каву къала нижеца. МугIрузул улкаялъе кьела канлъи, хинлъи. Рачина хIубаздаги рухьун росабалъе маххул кварал. Кваравдасан беразда бихьулареб цIа ина, рекIина гьеб щинасул рокъоб гургинал цIорол чирахъазда жаниб. КIкIуй гьечIеб, нарт хIажалъулареб гьеб «ток» абулеб цIа гьабизе буго гьоле гъоб цIорораб гIурул лълъедасан хассал машинабаз. Гьедин гьанкъизавизе вуго мугIрузул цогидав тушман – бецIлъи.

**АхIмад** *(тIадеги вахъун, кьабун цоцалъ хъаталгун велъанхъула, хадув гьев занкIан чIола).* Нуж тIасалъугьа, гьалмагъзаби…*(Дове-гьаниве хьвадун).* СогIаб гIумру бихьарал магIарулал революция ккедал гIурусазда божана. Щай божизе бегьулареб гьабсагIат дида рагIараб хабаралда?

**Рогов** (*аскIовегIан къан*). Гьеб токалъ канлъи кьей гуребги, чархида гIаштIи ккола, печь бакула.

**АхIмад.** ВахI…

*(БатIияб хIалалде ккун вукIуна АхIмад. ХIасратаб макьилъ гIадин гьимулев вукIуна гьев. гьеб лахIзаталда ахIи бахъуна. ТункIалгун, тIилалгун, хунжрулгун ГIалида цадахъ тIаде щола хъвалтал. Рихха-хочи. АхIмадица туманкI эхеде кьвагьула. Халкъ чIола).*

**АхIмад.** Ва дир росдал гIадамал. Дун мекъи ккана. Цо бицинегIан яхI гьабе. Гьал ратана нилъерго гьудулзаби, бандитал гуро гьал. Гьал руго Россиялдаса нилъее кумекалъе рачIарал чагIи. БагIарал партизаназда цадахъ рагъулел рукIарал багIар армейцал руго гьалги. (*Вихьизавула).* Андрей буго гьасда цIар. Рогов ккола гьав.

*(НахъегIан чIун рукIарал БацIилавги, Гьарун-дибирги, Беццав Мусаги церегIан рачIуна).*

**Беццав Муса** *(эхеде белги борхун*). Гьа, бицея АхIмад, гьел гьанире щиб гьабизе рачIарал чагIи?

**АхIмад.** Гьелъул бицинехъин вуго дун, Беццав Муса. ЯхI гьабе, гIинтIаме. Гьаз нилъее босун бачIун буго гьаб ракьалда киданиги букIинчIеб канлъи. Гьал руго нилъер вацал…

**БацIилав** (*тIад велъанхъулаго).* Гьебго кинаб канлъи? ГIурусаз босун бачIараб?! Кинал вацал гьел? Диналъул вацалгIагийищ?

**Сайгид.** БацIилав, мун вуцIцIун чIа. Виччан те АхIмад кIалъазе. ГIадамазда хIакъикъат лъазе къваригIун буго.

**АхIмад.** БацIилав, мун нохъабазда вахчарулев, ниж Дагъистаналъул эркенлъиялъе гIоло рагъулел ругеб мехалда нижер ругънал рухьарал вацал руго гьал. БичIчIанищ? Гьанже гьаз бачIараб канлъиялъул хIакъалъулъ бицинин, гьалмагъзаби.

**Сайгид.** Бицея, бицея, АхIмад.

**АхIмад**. Къаралазул гIорги гьаб къварилъухъ чIезабун, гьаниб «Гес» абулеб жо базе буго гьаз. Гьелда жанибги гьугъуб цIорораб лълъел «ток» абулеб цIа – гвангъарабги хинабги жо лъугьинабизе буго. РухI букIунареб, рохъо кколареб, маххул квараздасан берда бихьичIого унеб. РагIарабищ? КIкIуйги бахъунаребха! Гьеб бикьизе буго гьаз бащад гьабун киналго росабазда гьоркьоб. Гьеб токалъ мискинлъиги хъамизе буго, къварилъиги биччазе гьечIо. ХIалихьатал чагIазда бухIула гьелъ. ЛъикIал чагIазда, квер хъваниги, бухIуларо гьелъ.

**Сайгид**. Я вац, АхIмад, гьеб жоялъул маргьуялда релълъинго щиб? Гьаб БацIиласулги Гьарун-дибирасулги маргьабаз гIадин нилъ махсародецин кквеладай гьелъ?

**БацIилав**. БацIиласул цIар дуца, цIанавехь Сайгид, цIамул лълъеца кIалги хулун гурони бахъуге!

*(Релъи).*

**АхIмад**. Гьеб рагIула Ленинница гьабеян абулеб жо. Щай гьес гIадамал махсароде кквелел?

**Рогов.** Нижеца нужеда я гьереси, я маргъу бицунеб гьечIо. Гьаниб букIине буго ток кьолеб бакI. Базе буго гьаб къварилъухъ сангарги, букIина хIорги, хIалуцараб лълъеца ххенезарулел раквабиги.

**БацIилав.** Раква ххенани щиб, гьобо гьечIони.

**АхIмад**. Гьобоха гъоб кколеб – ток гьабулеб машина.

**Рогов**. Нижее къваригIун буго нужер кумек. ХIалтIул квер.

**Прокофьев.** Скажи им, что работа не бесплатная.

**Рогов.** ХIалтIухъ гIарацги букIине буго.

**АхIмад**. Гьаниб букIине буго цIияб гIумру. Гьанисан баккизе буго магIарулазул гIумру къалъизабулеб, гIадамазул квераз гьабураб бакъ. Совет бакъ, гIурус канлъи.

**Гьарун-дибир.** Дир диналъул вацал, иман бугел бусурбаби! Божуге нуж гьал илбисазул харбазда. Гьаниб къварилъухъ капурзаби гъуризе сангар къазе кIвечIо Шамил имамасдацин. Гьаздайищ гьеб кIолеб?! Гьаб къварилъи буго Шамил имамас нагIана кьураб бакI. Гьаниве арав чиясде Аллагьас балагьал риччазе руго.

**ГIали** (*гIодоб речIчIун кодоб букIараб тIилгун*). Дада, дун тIоцеве гьезие кумекалъе.

**Сайгид.** Дунги вилълъина дуда цадахъ, гьудул ГIали.

**Гьарун-дибир.** Хъвалтадерил жамагIат, нужеда кIочон бугищ горо-цIералъ нилъеде бачараб балагь?

**БацIилав.** Гьанжеги бихьулищ балагьалъе тIамизехъин буго гьаб кIкIал.

**Гьарун-дибир**. КIал гьакIкIалеб буго гьелъ мунагь ккканщинав чи жаниве кIкIвине. Рекъоге нуж гьазда!

**БацIилав**. Капурзабаз малълъараб жо милат гьабун босарав чи бусурбабазда гьоркьоса лъугIарав гIадан ккола.

**Гьарун-дибир**. Хвезе буго гIемераб халкъ гьаб къварилъи къалеб мехалъ.

**Беццав Муса** (*щибниги жо жиндицаги абичIого гIеларилан).* Къавудаялъул унти тиризе буго росулъ жаниб. Жундузул улка буго Курми-кIкIал. Чан чи боснов лъурав гьаниса эхеве-эхеде унаго. Борхьазулги бацIазулги цIун гурищ гьеб жаниблъи бугеб?!

**Гьарун-дибир.** КватIилалде рекIеда рата, дир лъимал!

**Сайгид.** Дие квен лъица кьолеб гьанивги, гьадинаб цоги хIукуматалъул бакIалдаги хIалтIичIони? Кьолищ дуца яги БацIилас? ХинкIал къваригIун руго, гьелин абуни гьаб къварилъухъ ратизехъин руго.

**БацIилав.** Мунги АхIмадил ГIалиги рагIула гIаламалъе гьукъараб нухккун унел чагIи?! Нуж рукIинаха Курми-кIкIалахъ тIоцересел апарагзаби.

**АхIмад.** ЦIияб Россиялъ кигIан кумек Дагъистаналъе гьабураб? ТIощел, ххам, дараби лъица нилъее кьурал? ЦIер гьабулеб заводги, лълъел каналги лъил квербакъиялдалъун нилъер халкъалъ гьарурал?

**Гьарун-дибир** *(дагьав хIеккун*). Лъала, АхIмад, дур гьудулзаби гIор къазе рачIун руго. Щиб гьабилеб, гIумру батIияб буго. Дида гьеб цIакъ бичIчIула… Амма, инкъилаб ккун таманаб мех бана, хинкIал цIикIкIинчIо жеги!

**АхIмад.** ЦIикIкIана, гьарун-дибир! ЦIикIкIана некIоялде данде ккун. Гьел жеги цIикIкIинаан нужеца квалквал гьабулеб гьечIебани.

**Гьарун-дибир** (*гIадамаздехун*). Я жагьилзаби, нужго гьаз рехулеб бакI кIочонге!

**АхIмад.** КIочене гьечIо, Гьарун, гьазда дуцаги БацIиласги рехулеб бакI.

**Гьарун-дибир** (*гIурусазде квер битIун*). Ле, хъвалтал, гьал чагIи руго мунапикъал, нилъер хурзалги ахалги лълъел тIиналде ккезаризе рачIарал чагIи руго гьал. Гьаздаса кIудиял хъачагъал рукIунаро. Гьал шаргIалъул хIукмуги къотIун тIерхьинаризе ккола. Ккве гьал!

**ГIали** (*тIилги борхун*). Дуцаго тIаме цо гали гьаздехун кIолеб батани.

**Сайгид**. КIолев чи вахъаха. ТIоцевесесул бетIер хъвалхьизабила гьаб кверalъ.

**АхIмад**. ЧIая, хехдаричIого! Цересел шаргI-судал цIидасан рагьизе ракIалдагIаги гурищ, Гьарун, дуда бугеб?

**Гьарун-дибир** *(хIинкъун).* Рилълъа, жамагIат. Гьеб жужахIалъул умматалдаса сурав Аллагьас босизе те! *(Уна).*

**БацIилав**. КватIиларев нужехъеги ГIизрагIил-малаик! (*Уна).*

**АхIмад**. Гьаб нухалъ нужехъе цеве ккелин ккола дида гьев, БацIилав!

***(Пардав).***

II.

*Сордо. Беццав Мусал рукъ. Мукъсанаб канлъиялъул щайтIанчирахъ. Гордабазда бигъараб ххам. Гъункун къарал нуцIби.*

**Рогов.** КъваригIун буго балагь баккулаго чIчIинтIизабизе. Гьеб жеги кватIун гьечIо. (*Дове–гьаниве хьвадула*).

**БацIилав**. Мун вуго Хьаргаби ГЭС баялъул бетIерав инженер…

**Рогов** (*гьоркьовкъотIизавун)*. Нужее гуревха!

**БацIилав.** Кинан гьеб «Хьаргаби ГЭС» абулеб аздагьоялъул бетIер чIчIинтIизабизе кколеб?

**Рогов**. Кинан батаниги, нужеца гIадин гуроха. Нужеца гьарулел бахIсаз гIалам тохлъизабулеб гьечIо. Гьелъул гIаксалда, гIемерисел нужер рагIабазда щаклъулел руго. Совет хIукуматалда жанирги рукIун, гIакIа ахIун совет хIукуматги гIурусалги какизегIан гурони гIакълу гьечIел нужеда щиб хабар бицинеб? Бажарун пайда босулеб буго нужер тохлъиялдаса большевик АхIмадица. Нужер вацаздагIагийищ кIалъан бажарилареб.

**Гьарун-дибир** (*бичIчIичIого)*. Кинал вацазда, гьарин?

**Рогов**. Диналъул вацаздаха. Нужер диналъул вацал кколарищ киналго росдал гIадамал? ГIаданцин къварилъухъе къазе виччаге!

*(заманаялъ гьимулев чIун*). Гьа, гьал рахIатхварал харбалгIагийищ дуда гьукъизе кIоларел, БацIилав? Гьаб дида щай кIвараб дунго гьазул чи вугилан ккезабизе, гьазул власть божизабун ГЭСалде виччазавизе, мун гIадал гIадамазулцин бухьен гьабизе?!

**БацIилав**. ХIалтIила, заман кье.

**Рогов.** Заман кинха дур гIелеб, цIияб ригьнаде къачIалев вугев чиясул! Беццав Мусаги махсароде ккун?

**БацIилав.** Щиб бицунев мун, господин Рогов?!

**Рогов**. Беццав Мусал Чупание рагIи кьун, большевик АхIмадил васасе яс кьун, кьурдизецин гурищ дуе бокьун бугеб?

(*Беццав Муса цин БацIиласухъ цин Роговасухъ цIцIа-цIцIан валагьун хутIула*).

**БацIилав**. Огь, къваригIел гьечIел жал ургъулел ругоха, Цемер Петрович. Дир ясалъ инсул тIагъур гIодобегIан гьабуларо! Дие гьев АхIмад ккола кинабго рахъалъ тушман. Большевиказулгун дир хонжрол балалъул буго гIорхъи!

**Рогов**. ДагIба гьечIо, дур Хадижат тохай яс ятиларо. Тохав инсуе кумек кинха гьелъ гьабулареб?

**Гьарун-дибир** (*сихIру бичIчIун, гьимулаго*). Гьи-гьи! Гьанже ккуна дуца…

**Рогов.** Гьарун-дибир! Дудеги ирга щвелебин! Бегьиларищ, БацIилав, ГIалида, гьев росулъе тIадвуссани, ячIинилан Хадижатица абизе?

**Беццав Муса** (*карабиххун*). Гьеб щиб рагIи, ЦIемер! Дир вас Чупан щив чи кколев гьеб мехалъ? Нижеца ячине йигей яс… Нижее бакьан гуро! Йохъ!

**Рогов.** Доб цебесеб бажари бихьизабулеб гьечIелъулха гьанже Беццав Мусацаги. Киве арав багIарав партизан ХIамид?.. Гьеб лъаларо лъиданиги, нилъедаго гурони.

**Беццав Муса**. Йохъ! Йохъ! Дица чIвачIо гьев!

**Рогов**. ГIодове виччай! *(Гъажалда квер цула*). Дуца чIвачIо, амма… Муридзабазда ХIамид сапаралдаса вачIунеб сордо бицана дуца ва БацIиласул гIарац гьезухъе босун ана мун. *(Беццав Муса гIодове къулула).* БацIиласул вацасухъ нилъеца рецIел босана. Дур гьунаралъухъ БацIилас дуе гIор гIадаб гIакаги кьуна.

**Беццав Муса** ГIор гIадабилая? ГIанкIуялдасангIан гурони рахь бечIчIуларо гьелдаса. *(Киналго релъула).*

**Рогов.** Гьанже вачIанаха мун нилъерго нухде. Чияр нух жибго те дуца, Беццав Муса.

**Гьарун-дибир** (*сихIирго*). Дуца малъе, нижеца гьабила, хирияв Цемер Петрович.

**Рогов.** Гьарун-дибир, дур букIина бетIерлъи. Бищунго бажари бугев вуго мун. Дур рагIиги бегIераб, бетIерги лъикI хIалтIулеб. ТIолабго жамагIатги мажгиталда – дур хъатикь. Духъе витIила дица витIулев чапарги. Чупанги бегьилаан, Беццав Муса, гьоркьохъанлъун вукIине.

**Гьарун-дибир**. Бегьила, бегьила! Большевик АхIмадил ГIалида гIумру бащадав чилъидал гьев.

**Рогов.** ГIалил щекъер ккезе ккола гьес. Нилъее хIалтIи ракIбацIцIадго гьабулев чиясе, Гьарун-дибир, гьабуралъухъ кколеб гIарац кье. Гьеб гIарац букIинабулев чи дунин вугев. БитIараб гьечIищ, дир гьудул БацIилав?

**БацIилав** (*тIаде вахъун, витIун чIун*). Дун духъ гIенеккарав вуго, господин Рогов!

**Рогов.** Гьебха дур бищун кIудияб гъалатI, БацIилав. РикIкIун дурго боцIигун гIенеккун чIун вуго мун. Мун кулак вуго. Лъалищ дуда гьеб рагIул магIна? Кулакал цогидал бакIазда, мун гIадин, гIенеккун чIолел гьечIо. БухIулеб буго гьез. Хъвартихьуниб – «Товарищество», ЧIохъ – «Коммуна», КIикIуниб – «Артель». Щекъер кквела дур цо пуланаб къоялъ гьез! Ахиркъадги дур кверазда махх байдал, квералцин хIанчIизе рес букIине гьечIебха дур! БацIида релълъараб жого хутIун гьечIев – БацIилав! Гьал росдал советазги, партячейкабазги, кресткомазги кида-къадги нужеда къанал чIвазе руго. Нужго цере ккезе гIамал гьабе. Токалъул бакъ къалъани, къо-мех лъикIан абула нужеда мискинзабаз.

**БацIилав.** БичIчIун буго, Цемер Петрович, ниж лъабасдаго гьеб…

**Гьарун-дибир**. Амма цогидал хадур цIазе цIакъ захIмалъулеб буго…

**Рогов.** Кьолеб жоялда барахщуге! Бахе нах – къотIе бетIер. ЩайтIанцин щаклъулареб куцалда.

**Гьарун-дибир**. КуцбухIаязул лъимал нужехъе унел руго. ХIалтIизе лъикIал гьечIилан багьанабиги ратун, нахъчIвазе кIоларищ нужеда гьел? ХIалтIухъ гIарацги кьечIого?

**Рогов.** Нужецаян абизе, киналго хIакимзаби гурелъул ГЭСалдаги контреволюциялъул рахъ ккурал чагIи ругел. КIолеб нужецаги гьабе (*сумкаялъуса гIарцул тангал рахъулаго*), кIолеб дицаги гьале гьабулеб. Ма, босе дагьабги гIарац. ГIадада хвезабуге. Щибаб капкида хадуб хайир букIине ккола. Гьарун-дибир, гьаб газета дуцаги цIале. Гьеб буго Турциялда биччараб «Кавказ» газета. Гьаниб хъвалеб буго кинаб байрахъалда гъоркь Дагъистаналъул мугIрул тIегьазе кколелали. Дун кватIулев вуго. Рогьел рехилалде тIадвуссун балеб бакIалде щвезе ккола. Сордо лъикI. (*Уна)*.

***(Пардав).***

III.

*Канлъул гор тIад речIчIизабидал цинцияб бихьулеб АхIмадилги БацIиласулги рукъ. Жиде-жидер рокъор пикрабазда АхIмадил ГIали ва БацIиласул Хадижат. Канлъул гор цин ГIалил рокъобе, цин Хадижатил рокъобе.*

**ГIали.** Щиб гьабулейда йигей дир хирияй Хадижат?

**Хадижат.** ГIали – кьурул палугьан. Дунги яче цадахъ хIикматаб ток гьабулеб бакIалде. Дунги ххарила кигIан квешал кьурабалъеги дуда хадуй.

**ГIали.** Къала гIор. Бала сангар. БукIина гъоба шагьар. БукIина гьениб нилъер бертинги…

**Хадижат**. Дун гьаб бецIаб рукъалъул лагълъиялдаса хвасар гьае. ГьечIо гьаниб дие бакъул къоялъул хинлъиги, ихдалил гьаваялъул гьогьенги. Хирияв гьудул, гьечIебищха дур инсул рекIелъгIаги нилъер ракIал ричIчIизе кIолеб къуват?..

**ГIали.** Маргьудалъ вукIунев гучав ЧIибирикъ гIадин къачIадизе ккун вуго дун БацIиласухъа хIурулгIин яхъизе.

**Хадижат.** Дун хъамизеян вукIуна ГIали, хъамунги яхъунги гьайичIого, абун витIизе чигойищ досухъе щоларев?

**ГIали.** ХIинкъун вуго дун. Дида лъала Хадижатил эмен кинав чи вугевали.

**Хадижат.** Эмен дир инсухъе унарев ватани, эбелгIаги кинха дос йитIуларей?..

**ГIали.** ЧIая… Бокьараб бахъа. Дица эбел рази гьайила Хадижат абизе ине.

Эбел ва эбел!

**Ханзада** (*къватIисан*). Щиб дуе, дир вас?

**ГIали.** Хехго тIаде ячIа, эбел, цо!

**Ханзада.** ГьабсагIат, дир вас, гьабсагIат. *(Жание ячIуна*). Мун щибаб къоялъ ГЭС балеб бакIалдаса росулъе вачIунев вуго. Андрейица изнугIаги

кьолебищ дуе? БацIиласул ясалъе гIоло вачIунев ватани?! Инсуца абулеб битIараб буго, ГIали: «БацIида бече хахуларо, бацIил тIинчI гурони».

**ГIали.** Хахула, эбел! БацIида хахун гIурал лъималаз рагIула, эбел, Рим шагьар бараб. Гьаний гIодой чIа, эбел, кIваркьун гIинтIаме дихъ…

*(Хадижат гIодулей йикIуна. Эбел ячIуна).*

**ХIабсат.** ВахIай, дир яс. ГIодиялдего ккарай кинан? Керен борлъад, гьудув большевик АхIмадил васасе гIологийищха дир цохIо бугеб меседил гороялъул, гургинаб жавгьаралъул бадиса магIу гIодобе тIинкIизе хъван букIараб. *(Яс тIаде йорхизайизе лъугьуна, бадиса магIу бацIцIуна).*

**Хадижат**. Аллагьасе гIоло, абуге, эбел, ГIалил хIакъалъулъ квешаб рагIи! *(Эбелалъул каранда бетIер лъола).*

**ХIабсат**. Бокьоб цохIо хIама гурони гьечIеб рокъов гIурав, кьварун вакъварав мискинчиясул васасда щибха, дир хирад, цойги абилеб?.. Ургьимесалда къавуда чIагийин рокьарал данделъизе риччалареб гIадат тIоцебе ургъаразда.

**Хадижат.** Гьелеха, баба, гьединайха дие мун йокьулей! *(Эбелалда къвал бала).*

**ХIабсат**. Гьадинайлъун йикIине бегьуларогоха, берзул нур. Рокьулги бицунеб, вокьарав чиясухъ балагьизе изнуги кьолеб заманищ доб букIараб. Вай, дир яс, дирги букIарабин ракIилан абулеб жо каранда жаниб цо кидаялиго. КигIан цебегоха гьеб букIараб!.. Жеги гIолохъанго… Хадуб гьеб чIчIинтIана. Гьанже дида лъаларо щиб жо хIалтIулеб бугебали рекIел бакIалда…

**Ханзада**. Я, дир вас, дуда бицараб рагIи ургьибе унарищ? Дун, къватIул гьве гIадин, доз рокъоса къватIие къотIани, дуе бокьилищ? Инсудаса балъгоги гьединаб жоялде дун гьусизе бегьилищ дуца?

**ГIали**. Эмен дудаса чIухIарав вукIине вуго гьеб мехалда, баба. Гьединай бахIарчияй, лебалай, бокьараб жо бажарулей лъади жиндир йикIин лъазе биччанте досда.

**Ханзада.** ЛъикI буго, ГIали. ГIумруялъ килищ хъвачIо дур инсуца дида. Гьаб нухалъ гьесие бигицин хIалал тезе буго дица. Амма дун Хадижатил эбелалъ ХIабсатица хIакъир гьаюни, дица гьорохъ росизарилаха гьейги дур «дарманги».

**ГIали.** Огь, дир хирияй эбел! Дида лъалаан мун гьединай йикIин. Нух битIаги! *(Ханзада уна)…*

**Хадижат.** Гьединаб заманги тIаса рехун, цIияб замана бачIун букIиналдаса йохуларищха, эбел, мун?

**ХIабсат.** ТIаса рехараб заманаялъ чIчIинтIизарулелги рукIунел руго, дир яс. Дур инсул бечелъи цIикIкIараб буго. ГIияда тарал гIухьби руго. Хурзабахъ хIалтIизарулел гIадамал руго. Гьединал чагIи, кулакалиланги абун, Сибиралде ритIулел рагIула. *(Гьвел хIапи рагIула).* Щивдай вачIунев чи? *(КъватIие уна. Гаргадулаго Ханзадагун жание ячIуна).* Дир бетIералде цо балагь босун ячIуней ятилаха, Ханзада, мун. БацIилав рокъов гьечIолъигIаги лъикI кканин.

**Ханзада.** Дунги ургъунго гьев гьечIеб заманги данде ккезабун ячIуней гIаданин, дир яц ХIабсат. Яхчуге, дир яс Хадижат. Дун ячIине бокьичIогойищ мун?

**Хадижат** *(тӀад хурхун ячӀун*). Вай, гуро, гуро, эбел! Гуро, Ханзада-ада. ГӀодой чӀа, гӀодой чӀа. Гьаний…

**ХӀабсат.** Я, дир яс, гьабсагӀатго эбелилангӀаги абугеха. Гьереси щай, Ханзада, нижеца гьабсагӀат нужер бицунеб букӀана.

**Ханзада**. Вай, ХӀабсат, дунги хӀинкъун йигеб куцха нилъер кӀиязулго лъималазул гӀумруялда. Дандего кколарел эменалги, ээ абуралдаса хъущтӀизе кӀоларел нилъги. ХъущтӀизе кӀвеялъул пайдаги щиб, эл рекъечӀони. Дунги АхӀмадидаги лъачӀого ячӀарай чӀужу йиго. Васасда ракӀ гурхӀун буго. Щибаб къоялъ вачӀуна эхеде. Гьанадаго виун унев, рокьода тӀадго вакъвалев вуго.

**ХӀабсат.** Дица БацӀиласда мун ячӀун йикӀанилан абила, Ханзада. Амма дида лъалаха дос дие гьабизе бугеб сухӀмат.

**Хадижат** *(эбелалда къвал бан*). Щибниги гьабизе гьечӀо, баба. ГьедигӀан квешав чи гьечӀо дир дада.

**ХӀабсат.** Вай, дир ясха, абугеха. Беццав Мусаги вуго васасе ай кьейилан.

**ХӀадижат** *(карабиххун*). Гьалеха ай!..

**ГӀали.** Огь, гьал дир минутал, сагӀтал! (*Гордухъ*). Сордоялъул гьайбатлъи. Кинаб ярагъалда, кинаб ццидада гьаб асар чӀвазе кӀолеб!

*Дур рекӀелъан баккараб*
*Буго багӀарбакъ дие.*
*Дур гордухъ чӀичӀидула*
*ТӀолалго хӀанчӀи дие.*

Дие ГЭСалъулги дуниялалъулги берцинлъи гьечӀо, мун гьечӀони, Хадижат.

*Мун йихьичӀел сагӀтал дир къисматалъул*
*Гъундул чӀунтун ккарал чӀвадналлъун руго.*
*Мун дандчӀвалареб мех дир гӀумруялъул*
*ГӀоралъ чурун араб рагӀаллъун буго.*

***(ЯчӀуна Ханзада. Васасухъ гӀинтӀамун чӀола).***

**ГӀали** *(эбел йихьидал*). Щиб ккараб, эбел?

**Ханзада**. Руччабазулгун хабар лъикӀ ккана. НагӀана батаяв БацӀилас щиб гьабилеб лъидаха лъалеб?! Нилъерасгоги щиб абилеб щиб лъалеб, дир вас. БацӀиласул цӀар бахъани, карабиххулелъул инсулги.

*(НуцӀихъа жаниве лъугьун вачӀуна ракӀалдаго гьечӀого къвалакь папкаги ккун АхӀмад).*

**АхӀмад**. Добрый вечер, товарищи! «Товариществоялъул» данделъиялда кватӀана, гӀайиб гьабуге. Ахихъабазул цолъиялъул иш лъикӀ унеб буго.

**Ханзада**. Нилъер гӀолохъанлъи ракӀалде щвана дида къаси, дир рахӀатги хӀалхьиги гьечӀев большевик АхӀмад. *(Гьесул чухъидаса гьезего гьечӀеб хӀур кӀутӀула. ГӀарцул рачелалъул гӀекӀмацӀал чвархъезарула).*

**ГӀали**. Дада, къасигӀан талихӀаб сордо дир киданиги букӀинчӀо! *(ХӀатӀил эгъеялда сверула*).

**АхӀмад** *(хӀикмалъун хъизаналъухъги васасухъги валагьулаго).* ВахӀ, щиб нужее ккараб? Цо хӀинкъараб рохел буго нужелъ.

**ГIали.** ГIодов чIа, дада, гIодов чIа. *(ГIодов чIезавула. Ханзада рукъ бакьулъ яхъун чIаралъуйго хутIула)* Къаси буго БацIиласул Хадижат дие абураб сордо…

**АхIмад** (*гIадаллъарав гIадин тIаде вахъуна*). Щибилая? БацIилав дуе абураб сордойилая?

**ГIали**. Ну что ты, дада? БацIилавищха абулев? Гьесул яс, хIуругIин Хадижатха! *(ХIинкъи бахчун, сабурго чIезе яхI бахъула).*

**АхIмад.** Щив гьезухъе арав? Мунищ, дир ритIухъай чIужу? *(Цо бакIалда чIезе кIоларого).*

**Ханзада.** ЯхI гьабе, дир хирияв. Дун ана. ХIабсатги ясги рази руго. БацIилав рокъов ватичIо. *(АскIоегIан къала).*

**АхIмад** *(тIаса бахъун тIагъур гIодобречIчIула*). Огь, дир бетIералде хераб къоялъ дуца биччазе букIун бугеб балагьалъухъ балагьеха, Ханзада. Йохъ, дица дуда тIокIалъ Ханзадайилан абизе гьечIо – дир классовый враг, БацIиласдаса дун гIодовегIан гьавурай гIадан йиго мун. Дица багIарав партизанасул тIагъур тIокIалъ бетIералда лъоларо. Огь, дун кресткомалде кинан инев, росдал мискинзабазда цеве кинан вахъинев?!

**ГIали.** Дада, дуе щай бокьун гьечIеб дун вичIчIизе? Дуцаго биги тIун бахъараб цIияб заманалъул законал кинан дуда ричIчIуларел, дада?

**АхIмад**. Тушбабазулгун ригьнал гьареян абуларо дир цIияб заманалъул законалъ, ГIали. Мун кIудияв гIун вихьула. Дуца инсуда дандбачIого гьабураб гали дир мукъулукъалда тIад чIараблъун ккана. Гьебги ургъунго. Эбелгун рекъон!..

*(БацIиласул рукъ).*

**БацIилав.** Гьаб щиб цо, нису кванарал кутул гIадин чIун ругел нуж? *(Дове-гьанивехун валагьула, гьезда аскIове уна).*

**ХIабсат.** У, бетIерчIахъад, у!.. Нису кванан буго… Воре, дудасаго чухъа бахъизе, тIагъурги кье магIида базе.

**Хадижат** (*циндаго тIаде яхъун*). ГIодов чIа, дада, гIодов чIа! Дица дуе бищунго татуяб квен гьабун буго къаси.

**БацIилав.** Хехлъи гьабун бицея, кинаб гIагIа нужеца гьабурабали! Хекко!

**Хадижат.** ГIодовгIаги чIаха, дир эмен. ГьедигIан сабру гьечIевищ, дада, мун вукIарав?

**БацIилав** *(хъизаналъул гъванщаги ккун).* Дур кIал-мацI къотIунищ, къверкъ? Бице, щиб дуца гьабураб?

**ХIабсат** (*сородилаго).* Большевик АхIмадил вас ГIалие яс кьуна дица. (*Жиндаго лъачIого ахIдон*). БичIчIанищ?

**БацIилав**. Я? Я? Щибилая? Большевик АхIмадил ГIалие яс кьунилая?

**Хадижат** *(кьерун*). Гуро, дада, дун АхIмадил вас ГIалие абун Ханзада ячIун йикIана.

**БацIилав.** Я? Щибха нужеца абураб? Киб бугеб?.. Щиб?..

**ХIабсат** *(дагьай бахIарчиго*). Дица рагIи кьуна, дир… Гьазие жидеего бокьун буго… *(БацIилас хъизан гIодой речIчIизаюла, яс эбелалда тIад хурхуна).*

**БацIилав.** Киб бугеб цIал? Кив вугев дун? Киб бугеб щиб?..

*(Вортун ун къададаса цIал бахъун рухула. Ясалъ эбел яхчулей йикIуна, гIемерисеб гьелъул гьодилъ щола)*. Дица гьабила нужер хъурун мугь!

Хъурумсахъал! Ма нужее рагIи! Ма! ХIамул, хIарщул хIутIал! Ал ригьин гьабулелха дидаги лъачIого! ЧIая цо! Киб бугеб доб квар*? (Вортун ун кварги босун вачIуна. Эбелги ясги цоцада къвалалги ран ратула*). Дица анкьица квенги кьечIого гьанир рухьун тела нуж. *(Рухьуна*). Анкьица бусенги квенги гьечIо нужее, капураб умат! *(ТIаде нуцIаги рахан, къватIиве уна*)…

**АхIмад** (*свакарав, даларав*). ГIела, гIела! Баркала дуе гьаб гьир дида баралъухъ. Мун гьанже дурго ГЭСалде а! Дица ахIизегIан гьаб рокъовеги вачIунге! Мун самостоятельный чи вукIун вуго. Гьединавлъун вукIа гьанжеялдаса нахъеги.

**ГIали** *(нуцIихъ чIун*). ЛъикI бугоха, эмен. Дун ахIаравго вачIине вукIин кIочон тоге. ТIасаги лъугьа, дур рекIел бакъвай ккунилан. Къо-мех лъикI!

**Ханзада**. ЦIодорго вукIа, дир вас. Инсудаги цIакъго ракIхун вукIунге! Сахлъулареб ругъун букIунаребин. *(Гьев тIовитIизе ине лъугьуна).*

**АхIмад**. Гьев тIовитIизе мустахIикълъизегIан чIа! ВахI*! (Къан бетIерги ккун гIодов чIола).*

**Ханзада** *(АхIмадида аскIое ячIун*). АхIмад, тIасалъугьа дида! КIвечIо дида цIакъго васас гьаридал кинкар гьабизе.

**АхIмад**. Дун дуда тIасалъугьарав вуго, амма дуца дида сахлъулареб ругъун лъуна. Дида граждан рагъулъ хъахIаз лъечIо гьединаб ругъун. Да-а! Мун егизе а, дун живго те.

**Ханзада.** Мун цо дихъ гIенекке, АхIмад…

**АхIмад**. Те дун!

**Ханзада**. Я гъарин, мун гьединав чи вукIинчIо гури…

**АхIмад.** Йилълъа, Ханзада, дун тIуванго гIассилъизавичIого мун нахъе а гьаниса…

**Хадижат**. Унтулеб бугищ, баба черх?

**ХIабсат** (*хIал лъазе биччачIого).* ГьечIо, дир яс, дуда унтулеб батила. ДудагIаги гурхIичIо. ЦIобгьечI! Дуца дун яхчизе кколароан. Дир черх ругьунлъун буго досул цIаладе. ЦIакъго бухIулеб бугищ, дарман, дур мугъ?

**Хадижат** (*щибго гьечIеб гIадин*). Щибго гьечIо. Дида тIирицин унтичIо дос кьабгIараб жо.

**ХIабсат.** ЯхI гьабе. Кьижизе кIоларищан хIалбихье. *(ЛъикI мехалъ руцIцIун чIола).*

**Хадижат**. Унго-унголъунги, гьадин анкьица чIезариладай, эбел, инсуца нилъ?

**ХIабсат.** Валлагь гьарилаха, дир яс. ЦIикIкIунги. Дида дов лъала. ГанчIил буго досда ракI.

**Хадижат.** ХIехьарав кин, эбел, дуца дов тIубараб гIумруялъ?

**ХIабсат.** Чара щиб? Жалго хвезегIан эбел-инсуца нахъе йиччачIо. Хведал кватIун букIана…

**Хадижат**. Баба, дуе дада вокьулев вукIанищ?

**ХIабсат** *(дагьалъ юцIцIухIунги чIун*). Вокьулароан, дир яс, вокьулароан. Дие вокьарав чи батIияв вукIана. Мискинчи вукIаниги, бихьинчи вукIана. Амма заманаги батIияб букIана. кигIан гьес гьараниги дун гьесие кьечIо…

**Хадижат.** Бице, эбел, щив гьев вукIарав? Бице, талихIкьегийин.

**ХIабсат.** ХIамид. Партизан ХIамид. Большевик АхIмадил гьудул. Гъоб ГЭС балеб бакIалда чIварав. Анкьица кIалдибе жо босичIо дица гьев чIванилан рагIидал. Сардал рогьана балъго магIил тIолаго… *(Гьей циндаго*

*юцIцIун чIана. КъватIиехун гIенеккана).* РагIаниги кIваричIо! РагIизе биччанте. ЧIвай абе! Дур рокьигIаги тIегьазе бокьун букIана. Йохъ, биччазе гьечIо жив чIаго вугебгIан мехалъ дудаги канлъи бихьизе гьес. Биччазе гьечIо.

**Хадижат.** Йохъ, биччала. Заман батIияб буго. ГIалиги батIияб бихьинчилъиялъул гIадан вуго. Гьесги тезе гьечIо, дунги чIезе гьечIо. (*Гордухъ хъваши бахъуна. Руччаби риххула).*

**ХIабсат**. ЮцIцIа, дир яс, юцIцIа! Гордухъ гIинтIамунцин вукIун ватичIониха эмен. Ва–ай, щибдай гьабила. ЧIвалаха дос нилъ…

*(Гордал цIер бахъулеб сас рагIула).*

**ГIали**. Хадижат! Ва Хадижат!

**Хадижат**. ГIали! ГIали вуго, эбел, гордухъ!

**ГIали** (*жаниве вачIуна*). Щиб дуе… щиб нужее гьабураб? Лъица? ВахI, ХIабсат, БацIиласищ? (*Ричун риччала).*

**Хадижат.** Мун дида хадув гурищ, ГIали?

**ГIали.** У, Хадижат. Амма гьанже дица нуж кIиялго цадахъ рачина гьаб бацIил нохъодаса къватIире.

**ХIабсат.** Росасул чIужу хъамизе бегьиларо, ГIали. Яс хъамурай гIечIого, гьебги букIана гьанже БацIиласе дуца гьабизе хутIараб жо. Хехлъи гьабе, дир вас ГIали, яс дица кьола дуе.

**ГIали.** Дида лъалаан аб адин кколеблъиги, батIайиса ккезе рес гьечIеблъиги.

**ХIабсат.** Нух битIаги, дир лъимал, нух битIаги. Хехлъи гьабе, БацIилав тIаде вачIани чIвала нуж!

**Хадижат.** Мун, эбел, чIвала гури инсуца! Йилълъа цадахъ, баба.

**ХIабсат.** Йилълъинаро. Кьабила, юхила, хIобода юхьина. ЧIваларо. Досие рокъоб хIалтIи гьабизе гIадан къваригIунелъул…

**ГIали.** ЧIая. КIалдиб чIортоги къазабун ахIтIезе йиччачIилан абе, кагъат хъан тела. *(Хъвала).* Гьа, ниж ана, эбел.

**Хадижат.** Вай, дир эбел! Щибдай хадуб ккела. *(ГIодулаго эбелада хурхуна).*

*(ГIали цеве, Хадижат хадуй, гьал гордухъан уна).*

**ХIабсат** *(гIемераб мехалъ агълъарай гIадин хутIула, хадуй чIаголъула)*. Дун хIобода юхьун йикIине ккола, кIалдиб чIортоги къазабун букIине ккола. АхIтIезе рес букIунаро гьеб мехалда.

*(КъватIисан рачIунезул гьаракь рагIула. Хiабсатица жийго жиндицаго юхьуна ва кIалдиб чIорто къала).*

**БацIиласул кIалъай**. Яс дица жакъаго рокъое кьезе йиго. Беццав Муса! Мун рази вугищ, Чупан? ГIайиб ккедал гьаб дица гIадин цIоко бахъе!

**Чупанил кIалъай**. ЛъикI буго, эмен, БацIилав.

**Мусал кIалъай**. Нич гьечIолъи бихьуларищ гьеб Ханзадайилан бугеб габурхалатил. Уха, жиндир васасе БацIиласул яс кьейилан ячIине кIвейго гIеларищ? ГьитIинаб къоялдаса дир васасе цIар чIван йикIарай яс.

*(НуцIаги рагьун жанире рачIуна БацIилавги, Мусаги, Чупанги).*

**БацIилав** *(гьакIкIан хутIула, цинги бабадилаго*). В-в-ахI! В-в-ахI! Гь-гьа-б-б, гьаб щиб? К-к-кий йигей яс?!

**ХIабсат** (*бетIер кIобокIула*). Гь-гь-гь…

**Чупан** Гьале кагъат! *(ЦIалула).* «ГIайиб гьабуге, БацIилав. Ясалъул

ургъел те. Берцинго бокьун букIана. Жо ккечIо. Дунги АхIмадил ГIали». Хъурумсахъ! ЧIая, дица гьабила гьесие! Дица чIвазе руго гьел, яги Хадижат дир чIужулъун йикIине йиго! *(Уна къватIиве вортун).*

**Беццав Муса**. Хехдаруге, дир вас! Киве мун бацIил лъалкIда хадув?..

**БацIилав.** Виччанте, Беццав Муса. ХIама гIадин чIвай… ТIадюссине инкар гьабуни ясги…

**Беццав Муса.** Бидул хIакъ тIаде босуге, Чупан! *(БацIиласдехун).* Дуца гьабураб щиб? Дир вас жалат гуро! Щибизе дир васасе гьев вокьуларей яс къваригIун йигей? НагIана батадал. Нуж киналго… (*Хьанделаго къватIиве уна).*

**БацIилав**. Гьанже гьабуна дие большевик АхIмадица гьабулеб жо. ЧIая цо, бихьилин жеги! БацIилав хун гьечIин! (ЧIужуги жийго тун, къатIиве уна).

***(Пардав).***

IV.

*Зурма-къали, кьурди-хъат. Байданалда бертадул свери.*

**Андрей** *(лълъар борхун*). Гьалмагъзаби! Кьурабазул палугьан, палхай лъаларев ГIали вохарав вуго Курми жаниблъиялдаса, гьал мугIруздаса, улкаялъул киналго бокIназдаса рачIарал рикIкIен гIемерал гьудулзабаздаса, кIудияб ГЭС балеб цIияб советияб къуваталдаса. Амма гьев жакъа бищунго цIакъ вохарав къо буго – гьесул каранда жаний нурлъун чIарай ясалдаса, нус-нус соналги хъвалхьун хъамурай бахIаралдаса, гьайбатай Хадижатидаса!

*(ХъатчIвай. БахIаравги бахIарайги тIаде рахъуна*). Сахлъи мугIрузе! МугIрузул сахлъи бугищ – буго магIарухъ гIумру. МугIрузе сахлъи! Сахлъи, рохел, талихI – бахIараб гIумруялъул гIолохъанал бахIаразе!

**Гьаркьал.** Сахлъи бахIаразе! ЧIахъаги бахIарал! *(Зурмил къи-къи, къолол двари).*

**Даргияв** *(зурмихъанасдаги къолохъанасдаги цебе накуги чIван).* Цо дир хирияб гIахъуш бачея! *(Кьурдула).*

**Сайгид**. Хъвалтадерилаб кин бачунареб! Гьарс–вай!

**Рогов.** ГIинтIаме, гьалмагъзаби! Диеги бокьун буго дир пикру бицун кIалъазе. Нужеда ракIалде кколеб батила я бахIарасул, я бахIаралъул эбел-эмен тIадрекъечIел, бесдал бахIарал ругин гьалилан. Не-ет!

*(Прокофьев горсвериялъул бакьулъан гIебеде цояб рахъалде валагьун унев вуго. киналго гьев унеб рахъалде ралагьула. АхIмадги гьесул хъизанги рачIунел рихьула. Рогов гьакIкIан хутIула).*

**ГIали.** Балагье, Хадижат! Эмен! *(Гьес гьелда къвал бала ва хехго и нсуда данде уна*). Эмен!

**Хадижат**. Ханзада-эбелги йиго! (*Гьелда хурхуна).*

**Андрей** (*АхIмадида къвал балаго).* Дир гьудул! Гьале, Рогов, дов большевик АхIмад, унго–унгояв магIарулав, багIарав партизан вукIарав ва вукIине вугев! Бихьинчи! Молодец, АхIмад! Къвал базе биччай цоги. ГIумруялъул хIуби, яхIалъул мегIер! ЦIияб рухI бижана бахIаразда мун вачIиналъ!

**Гьаркьал.** КочIохъан виччая! Цо кечI ахIея! КечI, кечI! Рокьул! ТалихIалъул!

**КочIохъан** *(горсвериялъул бакьулъеги вахъун)*.
БецIлъиялъул пардав бан
БукIараб мугIрул улка
Хьаргаби ГЭСалъ гвангъун,
Дунялалда бихьила.
КIкIуй гьарзаяб кан бакун
Яшав гьабураб тIалъи
ГIадамасул гьунаралъ
КунчI-кунчIизе гьабила.
Большевик АхIмадица
БахIарчилъун куцарав
Кьурабазул къвекIаб цIум –
ГIали восе мисаллъун.
ЛахIчIегIерал сардазул
Гъаталги рикьизарун,
Рокьул нухде яхарай
Хадижатиеги рецц.
*(Киназго хъат чIвала).*

**Гьаркьал**. Гьай хIалчIахъад, кочIохъан! Жинцаго гьабун ахIулеб буго хIалчIахъадица.

**Андрей.** РагIи буго, хириял гьалмагъзаби, гьал бахIаразе бищунго хIажатасе, Мусаев АхIмадие.

**АхIмад.** Рокьи гьечIони, кьуруцин букIунаро бахъун чIун! Рокьи гьечIони, бакъги къалъизе гьечIо! ГIумруги рокьиялъул куркьбазда тIад чIун буго. Те рокьул цIаги рекIун ракIал кенчIолел рукIине! Рокьуца, таваккалалъ, хIасраталъ бокьараб гIор квегъула. Рачарал кверал гIадаб хъалаги кибниги батизе гьечIо. Нужеда цере дир васги нусги руго. Сунданиги гьетIизабизе кIолареб рокьи букIун буго гьезул рекIелъ. Дун лъималаздаса разияв вуго. сахлъи, рохел, талихIаб гIумру киназего!

**Андрей.** Гьанже цо бачине ккола бахIарасул эбелалъеги инсуеги! Вахъа АхIмад! Яхъа Ханзада!

*(Гьел цо свериги бахъун чIола).*

**Гьаркьал.** БахIарал! БахIаралги рахьинаре!

**Андрей.** Рахьая, бахIарал! Хьат, гIолохъаби, хьат!

*(БахIарал хIайранго кьурдулел рукIуна. Кьвагьи бахъуна. Хадижат, сукIун гIодой ккола).*

**Гьаркьал**. Лъица? Кисан кьвагьараб? *(Рихха-хочи. Рахъ-рахъалде рекерулел гIолилал. Хадижатиде руссарал гIадамал).*

**ГIали**. Дир хирияй, щиб дуе ккараб? Дудайищ щвараб?

**Хадижа**т *(гьимулаго)*. Дида речIчIана. ГIайиб гьабуге, ГIали. Огь, дие бокьун букIараб куц талихI. Щиб гьабилеб. Чупанил иш буго гьаб. Дир гIассияв эмен! Дир лъикIай эбел! РакI кьвагьун хвела гьей. ТIасалъугьа АхIмад-дадаги, Ханзада-эбелги. Дица талихI къосинабуна нужер васасул. ТIасалъугьа…*(Лъавудаса уна).*

**Ханзада** *(гIодул*а). Вай дир хIурулгIин, дуца гьабулеб щиб!

**Тохтур.** ЧIая, гьалмагъзаби! Гьай хун гьечIо, гIакълуялдса ун йиго. Хехго больницаялде хъамизе ккола гьай. Цо турут босе тIад лъезе.

*(Уней йикIуна ячун. ГьебсагIаталда къан ккун вачун вачIуна Чупан. Гьев цояз тенкезавулев вукIуна).*

**АхIмад.** Щиб нужеца гьабулеб? Живго те гьев. ХIукуматалъ гьабила гьесие гьабизе кколеб тамихI.

**Андрей.** Гьалмагъзаби, гьев вуго кIудияв преступник. Амма гьев живго цо гуро вугев, гьесда нахъа рахчун руго Советияб хIукуматалъул тушбаби. Ваче, Сайгид, гьев милициялде. Рухье нахъехун квералги гьесул.

**Хадижат** *(лъавуде ячIун)*. Дида цеве ваче гьев лъикIав бихьинчи. *(Вачуна Сайгидица)*. ХIалихьат, щай дида бадиве вачIинчIев, чIужугIаданалда нахъасан туманкI речIчIичIого? ХIалалъ ясал росасе кьолеб заман тIокIалъ тIадбуссинаро, цIукIа. Дир вокьулес кьурун тIелаан дур гьеб наккдал цIураб бетIер. *(Гьей гьесул гьурмаде тузе тIаде йорхун ячIуней йикIуна, амма нахъеги гIакълуялдаса уна. Тохтур ахIтIола)*.

**Тохтур.** Хехлъи гьабе! КватIун ккезе бегьула.

**Чупан** (*къирщезарулаго цабигун*). КигIан квеш ккун бугеб мун лъукъун хутIи, магъакь! (*ТIаде вортула)*.

**ГIали.** ДуцагийищгIадамазда магъикьилан абулеб, хъурумсахъ! *(Гьев ккола)*. Нилъ жеги дандчIвала, чорок!

**Чупан**. Иншаллагь, чIвалел! ЧIумал гIадин рорлъила дица нуж кидакъадги, капурав большевик АхIмадил хIупрул!

**ГIали** *(гIассилъун)*. Виче гьев! Биччанте гьес жиндирго бихьинчилъи бихьизабизе!

**Андрей.** Мун лъида релълъун лъугьунев чи, ГIали? Ваче гьав нажас хехго вачине кколелъуве! *(ТIаде щола милиционер)*. Агьа, жиндир заманалда щвана, гьалмагъ милиционер, гьале бидулав. *(Милиционерас горбода нахъа таманчаги цузабун, вачун уна Чупан)*.

**АхIмад.** Дагъистан цIилъизе байбихьун букIаниги, бацIал нахъе гъун рукIаниги, гьогьолъа борхьал тIагIун гьечIо! *(Рогов рокьукъго валагьун вихьула гьесухъ)*. Хъвартихьуниб къварилъухъ бакъ баккизе теларилан къеркьолезул цо цили биххана гьаб бакIалда, гьалмагъзаби, гьабсагIат. Цо хутIичIого цалал риххизе руго гьезул. Баркала нужее, цо хъизамалъул лъимал рукIинги бихьизабун, дир васасул берталъе рачIаралъухъ.

***(Пардав).***

V.

*Беццав Муса посталда. ГIурул сас. Къасимех. ГЭСалъул сангар. РачIуна Чупан ва Гадай.*

**Чупан** (*живго жиндаго*). Биччанте щущахъ базе, щагIил хъаба гIадин. Бидул магIу тIе абе багIараз. Хадижат… ХвечIо гьей цоречIчIаралъ. ЧIчIинтIила бетIер ГIалилги.

**Гадай**. ВуцIцIа. МугIрузда гIундул чIахIиял рукIунин. Сардилъ гIонкIкIол сасги бацIил руруй гIадин рагIулин.

**Чупан.** Ничево, Гадай, кватIичIого Россиялдаго рагIила нилъер гьунаралъул. Гьунар? Гьеб буго рецIел дир икъбал бегараб къисматалъухъ.

**Беццав Муса** *(сценаялъул цояб рахъалда бугеб будкаялда жанив)*. Каранлъ ссудулеб ругъун сахлъулеб гьечIо. Бокьараб кьелаан гьаб унти сах гьабурасе. РекIел тIиналда борохьлъун бегун чIун буго гьеб. Бакъул чIорал горда реччIчIараб мехалъ ричIун керенгун, гьел рекIелъе риччазе лъачIо. Гьезие гордал къан, ракI бецIлъуе рагьана. Гьарун-дибир, БацIилав

рацIцIадал чагIийилан ккана. Илбис Рогов рокъове виччана. Гьел киналго ккун ана гурищха. ГIумруялъул бакътIерхьудагIаги гIумру бичIчIана дида, хIукуматалда вичIчIан дунги. Гьанже васас гьабулеб жо бихьуларищ. Рохьахъ кьурабалъ вахчун чIарав. Гьарана кверде аян, тIасалъугьаян айилан, гьезда мун вичIчIизе вугилан. ИнчIо. Тана рукъ, вахчарана Чупан. ГIадаллъулев вуго дун.

*(Чвархъи бахъуна. ХантIан нуцIаги рагьун будкаялда жаниве вачIуна Чупан. Беццав Мусаца гьесде туманкI битIизабула).*

**Муса**. Кверал рорхе! Чупанищ?! Кив мун вукIарав? Гьаб дур рукъ гуро! Щай мун вачIарав?

**Чупан**. Гьа, дада, мун кинан вугев? ГIодобе биччай гьаб чахъма. Дун лъачIогойищ дуда? Дур вас Чупан вуго дун.

**Беццав Муса.** Кверал рорхе, Чупан! Хехлъи гьабун! *(Чупаница кверал эхеде рорхула).* Василая?.. Дир вас ани мун, туснахъалдасаго тIурилароан.

**Чупан.** КигIан мехалъ дуца дун гьадин чIезавизе вугев, дада? ЧIвазегIаги чIвайха, ле! (*ТункIида керен цвизабула).*

**Беццав Муса** (*бадиса магIу бацIцIунаго*). КIоларо дида… Бегьуларо, Чупан. *(Кверал гIодоре риччалел рукIуна Чупаница*). ГIодоре риччаге! Гьедин чIа! *(Будкаялда нахъа вахчун вихьула Гадай).* Дица ахIизе ккола... *(Сороле квер телефоналде бегьула).*

**Чупан.** Дада, мун гIадаллъунищ вугев? Дун гIицIго дуда чIаго вукIин лъазабизе вачIарав чи вуго. Дун гьабсагIат тIадвуссун ине вуго.

**Беццав Муса.** Киве? Рохьаздейищ? Кьурабалъейищ?

**Чупан.** Я гъарин, цо гIодов чIезегIаги виччайха дун. Дица дуца абураб, дуца малъараб гьабила. Дида чIалгIана гьаб бацIилаб гIумру.

**Беццав Муса** (*разилъун*). Унгойищ, Чупан? *(Дагьаб туманкI гIодобе биччала. Чупаница гьеб лахIзаталъ инсул гъажалда кьабула. ТуманкI бортула. Жаниве кIанцIун вачIарав Гадайица Беццав Мусал ботIролъ жо кьабула, гьев лъавудаса уна).*

**Гадай**. Мун а! Минабазул цIураб таргьа гьаниб нуцIихъ буго. Дун хадув гьела. *(Чупан уна. Гадайица Беццав Муса гIурулъе виччала).*

**ГIалил гьаракь** (*телефоналдасан*). Алло! Муса! Алло! Мун щай кIалъаларев? Алло! Алло! Валлагь цо жо ккана гьев чиясе. Хадижат ва Хадижат! Хехго тревога лъазабе!

*(Гадайица телефон гIодобе рехула, бецIлъукье тIерхьуна).*

**ГIали** *(гьалмагълъигун вачIун, Беццав Мусал будкаялъуре раккула).* Балагье, гьале би. Гьаб бакIалдасан гъоркье гIурулъе рехун вуго хъурумсахъаз. (*Шурун*). Мун, Сайгид, мун гьанисан а, Дун гьадава чIела. *(ГьебсагIат кодоб ххарил мащуялъул кварил кIалги ккун ваккула Чупан).*

**Чупан** (*живго жиндаго*). ХалалъигIаги гIеладай мащуялъул?!

*(Цо ганчIида нахъа лъалхъун, рахъ-рахъалде валагьулаго*). Гьав бахьикъос арав кивдай? Нах ботIролъ гьечIев Гадай. Габур бекилебин дица дур, тIурун ватани. *(Дагьабги добегIан цIала мацу).* Гьаниб дида гьабизе кIолеб жо гьечIин…

**ГIали** (*Чупанги вихьун, Сайгидиде ишан гьабун*). Хехдаруге. Гьов гьаниве щвезегIан саб-ру гьа-бе…

**Чупан** (*сангаралде зарги букъун*). Щущала мун, сангар, гьабсагIат гьаваялде. Свина большевиказул капураб цIа. Дица бащдаб рецIел босараблъун рикIкIине буго гьеб мехалда ГIалидаса. ХутIараб бащдаб рецIел дир гьаб квералъ биги тIун босила. Бералги рахъун Хадижатги тела…

Дие къотIи гьабураб гIарацги босун цо рахъалдехун тIерхьина. Бице, сангар, мун барав большевик АхIмадил вас ГIалил хIалихьатал квералищ гучал, яги гьабсагIат дур рухI бахъизе ругел гьал дир квералищ гучал?

**Сайгид** (*шурун ГIалил гIинзунибе*). ГьабсагIат тIаде кIанцIизе ккола хъурумсахъиде.

**ГIали** (*шурун*). Дагьавги гьев гIагарлъизегIан чIа.

**Чупан.** ГьабсагIат бухъила нилъеца дуе хоб. Роговасда бухъизе кIвечIеб гьеб, дица бухъила дуе, ГЭС! Гьарун-дибирги БацIилавги дир бакIалде Воркутаялде ритIана, дун гьезул мурад тIубазабизе вачIун вуго гьаниве. Берзукь рихьуларо дида мунги мун баралги… (*Спичка къватIибе бахъула. Спичка хъинтIула, гьебсагIат кIанцIун вачIун ГIали гьесда тIад речIчIула).*

**Сайгид** (*цIа хъвараб ххарил мащуги къотIун рехун*). Гьаниве, дихъе виччая, ГIали, гьев! Чупанищ, чупурищ лъалареб хIалалде ккезабилин дица гьесул гьумер!

**ГIали** (*гIодов речIчIарав Чупан, кьурун гъежгун, тIаде щварал ВОХРАлъул чагIазухъе кьолаго*). Нижеца дудаса рецIел босиларо. МустахIикъаб тамихI гьабизе хIукуматалъухъе кьела мун. Мун гIадаз щущазабулеб хIалалда бан гьечIо гьаб буцурги. Эмен чIварав дуда яхIищха букIинеб?

**Сайгид.** ВиччачIоха, ГIали, дуца дихъе гьев малгIун! Лал тIамулеб гьоцIу гIадаб жо гьабилаан гьесул нич бахъараб куцалъул дица!

*(Гьека-гьунциялда ячIуна Хадижат).*

**ГIали.** Мун гьание кие, Хадижат! Лъимерги рокъоб тун!

**Хадижат**. ГIали, гьадале гьесул чукъа. Рохьове тIурун унев ватун, гIолохъабаз ккун вачIунев вуго.

**Чупан**. ЦIукIа, тIурулевищ вукIарав? ЧIая, дихъе щвелевин мун кида-къадги. Нилъер рукъ аскIобин букIине бугеб гьанже.

**Сайгид**. Доб дунялалдайищ?

**ГIали**. Те, Сайгид, гьев. ЧIвазе къотIидал лъалебин гьесда.

**Хадижат.** Дица борлъилаан гьесул ракул цIураб бетIер. Пайда щибха, чIужугIадан йигелъул бегьулеб гьечIо.

**Чупан**. Дуе цоги гулла кьела дица кида–къадги.

**Хадижат**. Дуе хIукуматалъул законалъ кьолеб цебе ккела гьеб, чурул бахIри!

**ГIали.** ЮцIцIа, Хадижат.

**Чупан.** Нуж руцIцIинарулеб куцни дида лъалебанха… ТIубачIоха мурад…

**Хадижат.** ТIубазеги гьечIо! Мун ГЭС кьвагьизе витIаразулги тIубазе гьечIо гьеб мурад!

**ГIали.** БитIараб! Сангаралъул гучаб ракI гIасрабаз кIетIезе буго. Гьеб чIезабизе кIвезе гьечIо.

**Сайгид.** Цо ракI гурелъулха гьеб кколеб…

**Хадижат**. Аза-азар. Аваразул, гIурусазул, татаразул, даргиязул – гIемерал ракIал руго гьеб ГЭСалъул ургьиб. Гьел киналго цолъун цо ракIлъун хIалтIулеб буго гьаб Дагъистаналъул чIухIи.

**Сайгид** (*махсаро гьабун*). Гьанир хIалтIулел руго токалъул устарзаби, рокьи ккун данделъараб кIиго рухIги – Хадижатги ГIалиги. ЧIахъаги ритIухълъи! ЧIахъаги рокьи!

## АХИРАБ ЗАМАНАГИ АВАР АДАБИЯТГИ

Кидаялиго, ХIамзатил Расулгун хабар-кIалалда ругеб мехалъ нилъер кIудияв шагIирас, Италиялда «ХХ-аб. гIасруялъул шагIир» абун тIадегIанаб цIар щварав, нилъер цIар дунялалдаго рагIизабурав рагIул устарас, адабияталъул бицунаго, абуна: «Нилъер шигIру лъугIараб бакIалда байбихьула цойгиязул шигIру» – йилан. Гьесда гIадин лъикI нилъер адабияталъул, гьелъул ирсалъул даража лъидаха лъазеги букIараб. Дунялалъулго адабият лъикI лъалев гьесие гIадин, гьеб дандекквей гьабизе ресги, гьеб къимат кьезе изнуги бокьа-бокьарасе щолеб жоги букIинищ.

Къварарал мугIруз лъадарарал бахIарзазул хвалчабазги чуязул тIукъбузги хъвараб нилъер халкъалъул кIалзул гьунаралъги, кьурабазда бижараб, хъахIмиккиги лаченги кочIолъги рехсон, нечараб¸ бацIцIадаб рокьулги бицунеб, нилъго рижараб тIабигIаталда тIабигIат релълъараб кьалулги ахIулеб, аслияб борчлъун – нилъерго эркенлъи цIуниги гьеб цIунизе хIажалъулеб мугIрузул халкъалъул яхIги, намусги наслабазухъе кьолел кинидахъ кучIдуздасанго нилъее тарбия кьолеб, нилъер цолъиги гъункиги седолеб сину гIадаб магIарул мацI цIуниялъе аслулъун букIана ва букIинеги ккола нилъер адабият.

ГьабсагIат гьелда цебе чIараб масъалаги цо буго: тарих дунялалдаго рагIараб, АхIулгохIалъул ахIи дандерижилъун жакъаги нилъер кьурабаз цоцахъе кьолеб, эркенлъиялъе гIоло рагъулел нилъер мугIрузул – аваразул гъалбацIаз чIамун къватIибе тулеб гуллаги тIун рехулеб гъежги бихьарав тушманцин хIайран гьавураб, рагIиги гIакъилаб, пикруги бечедаб нилъерго миллат борчIизаби, бахIарчиял умумуз, хазина гIадин, нилъехъе кьун тараб, заманаялъги, нилъ рещтIараб гIатIиракьалъги, ралъдалъе лъугьарал мугIрузул гIоразда гьениб батараб хIабургъиналъги, гьеб ралъдалъ батарабщинаб пасалъиялъги кIкIун унеб бугеб гьелъул къадру борхизаби.

Гьелдасаги цебе жибго адабиятги хIажат буго гьеб киналдасаго хвасарлъизе. Унго-унгояб, халкъалъе гIагараб, халкъияб адабият бижана нилъер магIарухъ. Миллат миллатлъун хутIизе аслияблъун кколеб рухIияб тарбия кьолеб жо буго рагIи. Гьеб ккола миллаталда цебеги Аллагьасда цебеги кIудияб жавабчилъи.

Шагьаралде гочараб магIарул адабияталъул гьурмал кьерги тIуна кIаркьабазул багIарлъиги лъугIана. Дица гIемер хIисаб гьабулеб жо: нилъер цо-цо хъвадарухъабаз, шагIирзабаз хъвалеб релълъине лъугьана чияр хъвадариялда: цояз – дозул тIахьал цIалун, дозул къагIидаялъ хадур цIан, нилъерго адабияталдаса миллияб формаги бахъун, гьелда рекъолареб чияр партал ретIун; цойгияз – реке-рекерун, жиндирго халкъалда лъалелдего, гьелда цебе лъелалдего, гIурус мацIалде буссинабун, нилъерго мацIалъул гугьар гъорлъ гьечIеб, нилъер мугIрулги гьениб гIумруги щибжоялицин лъаларев чияр чияс хъваралда релълъараб асаралде гьеб сверун.

Гьединлъидал, нилъее хасиятал, чохтIо-кIаз тIад чIваралги рачлихъ ханжар борчаралги рокьул кучIдулги чучлъана, нилъ щалали наслуялъе бицунел шигIрабиги къанагIалъана.

Цойги, нилъер адабият халкъалдаса рикIкIалъизабураб рахъги гьебго гIиллаялдалъун бугилан ккола: халкъалда бичIчIизе, бачIинахъего гьелъул рекIелъги пикрабалъги хутIизе ккани, хъвадарулев чиясул асаралъулъ магIна букIине ккола, эбги бигьаяб, ургьибе унеб мацIалъ хъвараб; гьелъул форма магIнагIан кIвар бугеб гьечIо нилъер адабияталъе. Кинабго нухда бачуна, баргъичалда нагIлигIан, гьелда рекъон кколеб аллитерациялъ.

Гьаб ахираб заманаялъ, нилъер кIудияб ВатIаналдаго гIадин, гIадлу хвана нилъер адабияталдаги. ХIисаб гьабуни, гьеб ккола гIумруялъул киналго рахъал чIвалеб унти: рухIиябги, тарбиябги, лъаялъулги, гIаданлъиялъулги, гьунаралъулги.

Ургъун рихье нужго къадруябги къиматабги чIвалеб пасалъиялъе кьун бугеб эркенлъиялда тIад. Гьаб заманалда тIибитIун буго тIадехун рехсаралги рехсечIого хутIаралги рахъал пасат гьарулеб кIиго рагIи – реццги ццинги: цIаралги, шапакъаталги, грамотаби – дипломалги, каранда ралел гIаламаталги гIаламатго гьеб киналдаго цадахъ нилъер гIумруги цебе букIараб, берцинаб цоцазде рокьиги чIвалеб ццинги. Гьеб киналъего гIиллалъун ккараб жо бугоха доб гIарац, бечелъизе рекерахъдиги, цебе нуцIа-кавуцин рахаларел магIарулазе хIажалъараб, мадугьалзабицин рихьулареб къедалъ жанире рачарал хъулбуз хъамун араб гьуинаб хабар-кIалги гьоркьоблъиги тIагIин. Гьеб гIарац сабаблъун лъугIулеб буго дуниялалъул рукъ берцин гьабизе, гьадингоги дагьал гIумруялъул къояз гьениб пайдаябги лъикIабги лъалкI тезе Аллагьас нилъее кьураб ресалъухъ щукруги, кIочон толеб буго, кигIан гIемерал цIаралги, реццалги, шапакъаталги щвараз гьел гьанирго тараблъиги, халкъалъе гIоло абурабги хъварабги рагIулгун ишалъул баракат гурони, гьанибги хутIулареблъиги.

ВатIаналъул гIумруго гIадин, реццги ццинги гьарзалъиялъ, унго-унгояб, магIарулазе хасиятаб нилъер адабиятги нахъе ккана, гьадаб кIиябго, кIиго «ц» хIарп гъорлъ бугеб рагIиялъ гьелде регIичIого…

Гьанирго рехсезе бокьун руго Гьардерихъа Юсупил цIакъ дие рокьулел рагIаби: «Къадру гьечIеб машгьурлъиялдасаги машгьурлъи гьечIеб къадруго лъикI».

Заманаялъул бицине лъугьани, нилъер умумуз абухъе: бицун пайда гьечIо, гьищтIун тейин абуни, гIола. ЧIандачагIи гIемерлъиялъ гIакъилзаби рагIулареб, цо-цо мехалъ, киналдасаго ракIбуссиналъ, гьел руцIцIухIун чIараб заман бачIун буго. Амма хIакъикъияб гьунаралъе къимат, халкъалъ гурони, кьоларо ва гьебги, заманалдасан гурони, загьирлъуларо.

Реццалъ гьабулеб заралалъул бицунаго абизе кколеб буго: социалиял гьиназда бокьанщинаб, хасго кучIдул, эркенго лъезе рес букIиналъ ва гьезие гьениб кьолеб гIемерисеб къимат, хIакъикъияб гуреб, рихьдае букIиналъ, нилъер адабияталда гъваридаб лъалкI тарал, гьелъул бидурихьал гIадал унго-унгоял хъвадарухъаби ракIалде щолел гьечIо, миллаталъул цIар рагIизабураб нилъер адабияталъул бечедаб ирсгицин кIочон тун буго. Гьезул тIахьал цIалулелани жидерго къалмил ракIалъе пагьму щвезеги щиб жо кколеб унго-унгояб адабиятали лъазеги букIине, гьелдаса гIадинаб пайда жидер хъвадариялъе букIунареблъиги бичIчIизе.

Гьелго социалиял гьиназда жидерго асарал лъолезул гІемерисел руго гьел гьиназда цадахъ раккарал хъвадарухъаби. РукІуна ракІ боххизабулел кучІдулги, адабияталда бакІ ккезесел мухъалги. Амма цо-цоязда кколеб буго, гьениб жидер кечІалъе «машаАллагьин» хъвани, жинца тІехь бахъизе бегьулеб букІун бугин, вукІун вугев цІакъав шагІир щиб живин. Гьел гьиназул эркенлъиялъ пасат гьабизе лъугьана унго-унгояб, гьаб макъалаялъул байбихьуда дица лъурал ХІамзатил Расулица нилъер шигІруялъе къимат кьураб магІарул адабиятги. Гьел гьиназ ккурабщинаб ччугІа пайдаябги къиматабги букІунаро. «МашаАллагьин» абиялъ кочІол магІнаги гъварилъуларо, кидаго къадруялда букІараб нилъер адабияталда бакІги гьелъ кколаро. Заманаялда цадахъ инсанасул пикруги пасалъулеб бугилан ккола, гьелго гьиназда гІемерлъарал, гІел чІахІалъаниги, лъималазулги лъимал ругониги, хъвалелго хъвалел рокьи-балаялъул кучІдуз… ГІакъилаб гІелалде щвараб мехалъ наслуялъе тарбия кьолел, миллат хиралъизабулел, гьелъул кІудияб тарих гьезда лъазабулелгІаги хъвазе ккеларищ асарал?! Нилъер миллатги машгьур гьабурал, халкъалъеги хириял хъвадарухъабаз хъваралъул ралъдалъа, гьел гІисинал ччугІби гурони, гьиназги ккелищха. Гьезие хІажат буго, дагьаб мехалъ хъвадариги тун, халкъалъул кІалзул гьунаралдаса байбихьун, ахиралде щвезегІан магІарул адабият цІали, нилъерго тарих, нилъерго маданият лъазаби, хъвадариялъе тематика гІатІид гьаби…

Амма ахираб заманалда гьенисангІаги цІализе рес щун, дун йохула Шамиль МухІидиновасул унго-унгоял, гьале долин нилъеда ракІалде ккезабулел, магІарулазе хасиятал асараздаса, лъималазде рокьи гъорлъ бессарал гьитІичазе хъварал кІарчамал кучІдуздаса, хасго ракІ бохана нилъеда цебего кІочон тараб, амма шигІрияб къагІидаялъ лъолеб дарслъун лъугьунеб басняялъул жанралъ. Ахираб заманаялъ ратулел гьечІо гьединго нилъер миллаталъе рокьулел Расулил гІадал поэмабиги, Мусал гІадал романалги, ГІабасил МахІамадил гІадал драмабиги ракІалде щвезарулел, нилъер халкъалъе рокьулел, хІакъикъиял лъугьа-бахъиназул бицунел чІахІиял жанрал.

Дунни гьаний гьечІелъул бицуней йиго. Гьеб кІочон тезабулеб гьарзалъиялъги буго дагьабги кІудияб зарал гьабулеб. Дагьаб жо къиматаб букІунеблъиги, пайдаяб букІунеблъиги, хадур лъугьунцин балагьулеб букІунеблъиги нилъеда лъала. Ахираб заманалда типографияби бечед гьаризе гурони, халкъалъе пайдаялъе рукІине рес гьечІо дуниял цІун риччалел тІахьал. Хъвадарухъабазул гурелги, гьабизе жо лъугІаразулги тІахьазда гъорлъ цІехеха жакъа нужеца адабияталъул аслияб масъалалъун ккoлеб – тарбияги лъайги жидеца кьолел тІахьал. Гьел къанагІатги ратизе гьечІо. Жидерго гІарцухъ риччарал, риццаталги, бакІалги, жидецагогицин тІокІал кодоре росуларел, лъиего пайда гьечІел гьел тІахьалги руго гьаб заманаялъ унго-унгояб, гьунар бугел хъвадарухъабазул рес гьечІолъиялъ рахъичІого хутІарал, халкъалъе пайда кьезе рес бугел тІахьазул бакІ ккурал, наслабазе ратуларел, гьечІониги гІезе рукІарал тІахьал.

ГІурусазул хъвадарухъан Ершовас жидерго адабияталъе кьуна цого-цо «Конек-горбунок» абураб шигІрияб маргьа. Гьеб цІаличІев чи нилъеда гъорлъ ватиларо. Амма кигІан гІемер тІахьал хъваниги, гьезулги нилъерги чанги автор яги гьесул цониги асар халкъалда лъаларо. Ершовас мустахІикъаб бакІ ккуна, цо тІехьалъул, цо асаралъул автор вугониги, гІурусазул адабияталда.

Амма гьанибги абизе мустахІикъаб буго: авар адабияталъеги хадусел наслабазеги нахърателлъун хутІизе ругел МухІамад ХІамзаевас хъваралги,

данде гьаруралги, нилъер рухIиябги тарихиябги адабият бечед гьабуралги тIахьазухъ гьев миллаталъулго баркалаялъе мустахIикъав вугилан.

ГIоларел рахъал жакъа нилъер адабияталъул гIезегIан руго. Рехун тун буго хас гьабун лъималазе асарал хъвай. Гьеб, дицаго рикIкIуна, ахиралда хъваниги, тIоцебе рехсезе кколеб букIараб хIужалъун. Миллат байбихьула гьелъул бищун гьитIинаб гIелалдаса, кьучIдасанго гьезулъ бекьичIелъ бачIин хадуб кьоларо. Гьезие тарбияги лъайги кьезе тIоцебе хIажалъулеб жоги рагIул гIакъиллъиги, гьелъул гьуинлъиги, гьелъул берцинлъиги ккола. Гьединлъидал, лъималазе хъварал асараз асир гьабула байбихьудаго гьезул пикру, хадбуккун гьез квербакъула гьезул гIумруялъеги.

Авар адабият букIана. Гьеб жакъа жеги буго. БукIинадай гьеб метер? Гьеле нилъер эбелаб ургъел. Руго цIакъго дагьал гIолохъанаб гIелалъул вакилзаби. Амма цIакъго дагьал кучIдул хъван гурони, цойги жанразул хIал бихьуларел, хъвадарухъанлъиялъул жавабчилъи унго-унгояб хIалалъ бичIчIуларел, гьелде унго-унгояб рокьи гьечIел. Гьел гьединал рукIиналъеги гIиллаги гIайибги – добго замана батулеб буго.

Гьаб заманаялъул гIолилазулги аслияб мурад – добго гIарац буго. Жибго ВатIаналъулго къисмат кодосез чадил ургъел гьабизе тIамиялъ, рухIиябги, гIаданлъиялъулги, ВатIаналъе пайдаялллъун рукIиналъулги пикру гьабизе рес кьунгутIи гьитIинаб къоялдасаго бихьулеб бугелъул гьездаги… гьебгицин гIиллалъун букIинароан, школалъул партаялда нахъаго гьезие жидерго гьитIинаб ватIанги, гьелъул тарихги, гьелъул адабиятги берал кенчIоледухъ, миллаталдаса чIухIиялъ ракI бохуледухъ бокьизе мугIалимасги кIвар кьолеб бугебани. Дица, масала, тIоцебесеб кечI хъвана мугIалимасул тIадкъаялда рекъон, адабияталде дир рокьи бижизабизе гьесул бажари гIеялдалъун, нилъерго мацIги гьелъул адабиятги цоги халкъазул мацIаздасаги гьезул адабиятаздасаги тIокIабги гьайбатабги букIин дида бихьизабиялдалъун.

Нилъер миллат борхалъуда цIунараб хаслъи буго гьелъул кIиго кваркьи букIин: тарихги адабиятги. Жакъа адабияталъул кваркьи къачIачIони, нилъер миллат кваркьи бекараб цIумалда релълъине буго.

Миллат чIаго хутIиялъе аслулъунги нилъер гIагараб мацI бугелъул, миллаталъул адабияталъул цIалдолелги нилъер наслаби ругелъул, гьезда рахьдал мацI малъиги жакъа нилъее гъазаватлъун букIине ккола.

МагIарухъ гIолел лъималазни гьеб бицуна, шагьаралда гIолел гьитIинал магIарулазе, дир хIисабалда, дагьаб бигьаяб, гьезул гьира базабулеб къагIида гIунги тIокI букIинаан. Масала: жубараб нахъбилълъараб предложениялъул бицунаго цебе билълъарабги букIине кколин гьезда ракIалдеги ккечIого букIине, мацIалъул гIелму гьезие захIмалъулеб букIинги бихьулеб мехалъ, нилъее гьабсагIат мацI цIунун хутIиялъе, хехаб кумеклъун букIани гIола – гьезда рахьдал мацIалда цIализеги, хъвазеги, кIалъазеги малъи. Пачалихъалъ рахьдал мацIал тIагIинариялъе ургъараб, жалго лъималазда кин бичIчIулеб, «Русский родной язык» абураб, цIаргицин нилъеда бичIчIулареб предметалдасаги гьеб лъабабго аслияб жо хIажат буго жакъа нилъер мацI цIунун хутIиялъеги, гьеб мацIалда хъвадарун дуниялалдаго рагIараб нилъер адабияталъул ирсилаз миллаталъул ирсилазе, магIарулазе хасиятаб гIакъилабги, бегIерабги, берцинабги рагIудалъун тарбия кьеялъеги.

***ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА.***

# Нилъер некIсиял гIадатал

**ЦЕБЕ МАГIАРУЛАЗУЛ РЕТIЕЛ КИНАБ БУКIАРАБ?**

РетIел букъизе магIарулаз аслияб къагIидаялъ пайда босулаан квасудаса, цIоко-тIехьалдаса, лакай-тIомалдаса. Рокъоб ххам бессизе хурзабахъ гIезабулаан лъелъ ва габани. Базаргабаз магIарухъе бичизе бачIунаан учузаб ххам: боз, кIаланчIад, сатин, бадис; хирияб ххам: дарай, гIатIлас, парча ва хара. МагIарулазул ретIел, Дагъистаналъул цогидал халкъазулго гIадин: «Кавказалъул тайпаялъулаблъун» лъугьун букIана XVII гIасруялдаго. Гьелъие нугIлъи гьабула гIалимзабазул, сапарчагIазул хъвай-хъвагIаязги гьез рахъарал суратазги. Хасго бихьиназул ратIлилъ гIемерго цIикIкIараб батIалъи букIинчIин абизе бегьула.

Бихьиназул гурдал тIоцере рукъулаан рокъоб бессараб исхъалидул (сугърал), хадуб – фабриказда бессараб ххам босизе рес рекъараб мехалда – ластикалъул, бозил, кIаланчадил, сатиналъул.

Гурде къваригIунаан 2,5 м хамил. Гъажабаздаса букъизе ккечIого букIине, гьеб кIичIвалаан, кIиябго рахъалда хьалбаздасан бутIал рукъун, ахадаса гIатIид гьабулаан. РацIцIуниса кверазде щвезегIан халалъиялъул къвалал рукъулаан гIебеде ритIухъего хутIулеб куцалда. Гурдил габур бахъунчIараб букIунаан, бетIер ххазе бигьалъулеб хIалалъ ххам карандаса къунцIулаан. Хехго хвечIого букIине, цо-цо мехалда гурдил мугъзада, каранда, къвалазда гъоркьехун рукъулаан хамил кескал.

ТIаждал кIиябго гIагалъе ххамги гьединго кIичIвалаан, ахадаса къварилъуледухъ бутIал тIаса къотIулаан, цинги кIиябго гIаг цолъизабулаан, цебесанги нахъасанги, хвахие дандекколеб куцалда къунцIарал хамил кескалги гьоркьор рукъун. ТIаждае чара гьечIого хIадуризе кколаан рачелги. ТIаждарачел гIемерисеб мехалда хьухьулаан квасулкунал. Цебе заманалда магIарухъ, масала, ЧIарада ва ЛъаратIа районалъул росабалъ рукIана гIиял тIахьазул рукъарал тIажал ретIунел бихьинал, хасго гIухьби.



Хадусеб заманалда магIарулазул тIажал рукIана фабриказда рессарал ххамазул, инкар гьабуна гIагазда гьоркьоре жанисахун лъутIал риччаялдаса, ругьунлъана маргъалаз данде бачунеб руссун букъизе.

ТIасанратIлил аслияблъун букIана битIахъего гурдида тIасан ретIунеб гужгат. МагIарухъ бихьиназ гужгат ретIунаан риидалги хасалоги. Гьеб букъулаан цого кьераб хамил. Гъоркьлъел букIунаан кIаланчIадил, бозил яги сатиналъул. Хасало ретIине букъараб гужгаталъул ххамидаги гъоркьлъелалдаги гьоркьоб квасквас лъолаан.

Гужгат букъизе, гурде-тIажу букъизе гIадин, бигьаго букIунароан. Гьелъие къваригIунаан махщел бугев устар. Гужгаталда букъулаан цо яги чанго чванта. Аслияб къагIидаялъ цо чванта букIунаан рачелкъаялдаса лъабго сантиметраялъ гъоркьехун, кваранаб рахъалда. Гьединалго жанисахун чунтби (тIасан рукъаралги) рукIунаан цо–цо гужгатазул кIиябго рахъалда карандаги. ТIасан чухъа ретIунеб гьечIони, гужгаталда борчунаан ханжар–рачел.

Гужгаталда тIасан магIарухъ бихьиназ ретIунаан чухъа. Гьеб букIана гIемерго берцинаб ва чIухIараб ретIел. Бечедал чагIазул гурони рес рекъолароан чухъбиги ретIун, бертабалъе ине, сапаралде рахъине. Рокъов вас гIолев вугони, эбел-инсуца гьесие чухъа къачIалаан гьев балугълъиялде вахунеб къоялде.

Чухъби рукъулаан КIаратIа, Болъихъ, Сугъралъ, Ругъелда, Хважалмахьи, ГIахъуша росабалъ бессараб сугърал, гьединго фабриказда бессараб сукнодулги. Бищунго къиматаблъун ва чIухIараблъун рикIкIунаан варанидул квасул дургъараб кунал бессараб хъахIаб чухъа. Чухъби рукIунаан чIегIераб, сурмияб яги бецIхъахIилаб кьералъулги. Цо чухъие къваригIунаан 4-5 метр хамил. Гьеб лъутIизе, букъизе махщел бугел устарзабиги рукIунаан росабалъ.

Мугъзадаса, гъажалдаса, хьалбаздаса гужгаталда релълъараб букIунаан чухъаги. Хьалбазда ва цебесеб рахъалда квенчIелаздаги бутIал рукъун, гужгаталъулаздаса гIатIилъизарулаан чухъил квенчIелал. Къвалал халалъизарулаан квералгицин рахчулеб хIалалъ. ТIад ретIараб мехалъ, чухъил къвалал тIадехун чIвазаризе кколаан, кверал эркенго къватIире раккуледухъ. Гьединлъидал, кIваркьолаан къвалазда гъоркь берцинаб, цогокьераб ххам лъеялде.

Чухъил керен лъаббокIон лъугьунедухъ рагьун толаан. Бищунго чIухIараблъун магIарухъ рикIкIунаан рачлихъе щвезегIан керен рагьун тараб чухъа. Гьелдаса гъоркьехун хасал букIдуз яги къватIире рихьуларедухъ жанисахун рукъарал гъанцIа-кIичIаз данде бачунаан.



КIиябго рахъалда каранда, дагьалъго къвалакьбакIазде далараб хIисабалда рукъулаан роцалабазул чунтби. Щибаб рахъалда букIунаан 8-10 къотIел. Цебе заманаялда роцалаби тункIил хер цIунизе хIалтIизарулел рукIарал ратани, хадуб гьел лъугьана берцинлъиялъе ругел жаллъун. Гьединлъидал, къватIире раккулел роцалабазул бутIрул гьарулаан месед бекьараб гIарцул яги магьидул. Гьезда тIад рукIунаан накъищал.

Берцинлъиялъул гуребги, щулалъиялъулги тIалаб гьабулеб букIана чухъил бетIергьабаз. Щибаб рукъи гьабулаан кIиго нухалъ – жанисахунги къватIисахунги.

Чухъида тIасан борчунаан хасаб чIедераб чIухIараб гIарцул рачел. Рачлихъ квегIаб рахъалда балаан ханжар яги хвалчен, кваранаб рахъалда – таманча.

МагІарулаз хасало тІингъал ретІунаан. Гъел рукІунаан кІиго тайпаялъул: мачІалтІимугъ ва къвалалхалат.

ТІоцебесеб тайпаялъул тІингъида мугъзадасахунги цебехунги рачлихъе щвезегІан букъун букІуна квасги къватІибехун баккизабун тарал тІахьазул мачІал. Гъединаб тІингъие къваригІуна 10-15 тІехь. 3-4 тІехь уна цохІо мачІалалъе. МачІалтІимугъ букъула, буртинаялда релълъун, гъуждузда тІаде букІнал кколедухъ. Гъезда къвалал рукІунароан. Мугъзаде рехун таги гурони, цебесахун данде бачине букІдулги гьелда рукъулароан. ГІемерго бакІаб бугониги, гІемерисел херал бихьиназ ретІунаан мачІалтІингъал. Гъоркь тІамизе ва тІад разеги хІалтІизарулаан некІо тІингъал.

ГІиял тІахьазул рукъарал, къвалал халатал тІингъал Дагъистаналъул цогидал халкъазулги рукІана. Гъезда мачІал букІунаро, бищун лъикІал, квас кІургІарал тІахьазул букъула тІадехун чІвазабураб габур. Гъединал тІингъазул аслияб «бечелъи» ккола тІарадаса гІебго тун, гІодорегІаниса чІедерлъулел ва тІогьиса данде къарал, цІакъго халатал къвалал. Къвалал абун цІар букІаниги, гьезда жанир кверал лъоларо. Цо-цо гІиси-бикъинаб жо жаниб лъезеги къанагІат хІалтІизарула.



КІиябгоги тайпаялъул тІингъал ретІуна хасало хинлъиялъе. ТІимугъ ретІухъе сунданиги кверрагъари гьабун бажаруларо. Хасало хІалтІулеб мехалъ яги сапаралде рахъараб мехалъ ретІине нилъер умумуз гІиял тІахьазул хъубчул рукъулаан. Рачлихъе щвезегІан хъабарча гужгаталда релълъуна. Гъоркьехун рахъалда хьалбаздасан данде букъичІого тун, яги гьоркьор бутІал рукъун, ахадаса гІатІид гьабулаан. Къвалал рукІуна рацІуниса кверал рацулеб халалъиялъул. Хъубчул халатал рукІунароан, цо-цо росабалъ гьел накалде щоларелгицин рукъулаан. Габур букІуна нахъехун чІвалеб. Данде бачине букІдул рукІунаро. Дугъдан тІасан борчараб рачелалъ квенчІелал цоцазде тІаде ккезарула: цебессахун квач, гьури чІваларедухъ лъугьуна. Хъабарча берцинлъиялъе горбода, квенчІелазул рагІалазда ва къвалазул ахада букъулаан лъикІаб тахтадул тІадехун квас баккарал гІебал чалу. ГІадатияб хъабчие къваригІунаан 7-8 тІехь.

Хасалил хІалтІабазде рахъараб мехалъ ретІине санагІатаб, херазеги лъималазеги хинлъиялъе ярагъунеб ретІеллъун рикІкІунаан къохьол къвалалгьечІ. ТІадкъараб куцалда букъараб къвалалгьечІ цебесахунги данде бачине ралаан лакайдул тІеренал чІалал кьурун гьарурал букІдул.

МагІарул бихьиназул тІасанратІлил бицунаго, тІоцебе рехсезе мустахІикъаб букІана буртина. Буртина гьечІого тІубалароан чода рекІун сапаралде рахъулеб мехалъ. Дагъистаналъул халкъияв поэт Заид ХІажиевас цо кочІолъ хъвалеб буго:

**ГІандадерил буртина –**
**Буртинаго гуро гьеб,**
**Гурун босун рекІарас**
**Нахъа лъолеб рукъ буго.**

ХIакъикъаталдаги сапаралда вугев рекIарав буртинаялъ цIунула цIороялдаса, цIадалдаса; гъоркь тIамизеги бегьула, тIад базеги бегьула.

Буртаби ругIулаан квас бахъаралги бахъичIелги. Квас бахъараб буртина гIемерго чIухIараблъун рикIкIунаан, ва бечедал чагIаз гьединаб гурони босулароан. Бищунго къимат гьабулаан гIандадерил хъахIаб буртинаялъул. Аслияб къагIидаялъ, буртаби рукIунаан кIиго батIияб тайпаялъул: кIигъуждул ругелги гьечIелги. КIигъуждул ругеб буртинаялда гъоркь боз букъулаан, габур данде бачине букъулаан цо маргъал. ЧIухIарал буртабазул горбодаги рачлихъе щвезегIан каранда кIиябго рахъалдаги берцинлъиялъе букъулаан лакайдул чIоло яги чалу.

ГIухьбузул буртаби рукIанаан учузал, чIухIи-берцинлъи гьечIел, мугъзаде рехизе санагIатал. Цо-цо гьединал буртабазда къвалалги рукъулаан. Маргъалал рукIунароан, чIалаз рухьунаан.

МагIарул бихьиназ аслияб къагIидаялъ ботIрода лъолаан тIохьол тIаргъал. Гьезул букIана чанго батIияб тайпа: тIохьолго тIох лъугьунедухъ тIогьибе бегIераб, бегIерлъизе биччачIого тIох гьабураб, гьединабго, амма сугърал тIох лъураб ва цогидалги. ТIохьода гъоркьан тIогърода букъулаан хинаб жанибтIагъур. Гьоркьохъеб Азиялдаса рачIарал хасал тахтабазул рукъулаан чIухIарал, хириял тIагърал. Ричун росизе яги рукъизе бечедал чагIазул гурони рес рекъоларел гьединал тIагъразулги рукIана батIи-батIиял цIарал: бухари, сур, гIантIикIа. ЦIакъго къиматаблъун магIарухъ рикIкIунаан чIегIераб, цIахIилаб яги сурмияб гъаракулалъул гIантIикIа.

Херал гIадамаз сардилъги ботIрода лъун толеб тIогърода абулаан бегунисатIагъурилан. ХIакъикъаталдаги гьеб букъулаан квас бугеб рахъги жанибехун ккезабун. Цо–цо мехалда гьединал тIагърал, гьоркьоб квас яги квасквас лъун, бицатаб ххамилги рукъулаан. Гьезда абулаан бусада лъолел тIагъралиланги.

Риидал бакъ бухIараб заманалда, хурзабахъ хIалтIулаго, магIарухъ бихьиназ ботIрода лъолаан буртинадул тIагъур. Шляпабазда релълъарал гьединал тIагърал рукъизе махщел бугел устарзабаз гьел базаразда ричулаан.



Бихьиназул ратIлида гьоркьоб гьаниб рехсезе ккола башлихъги. ТIогьиса бегIераб башлихъалъул кIиябго рахъалда рукIуна горбодехун рухьине тарал бакIал. Башлихъал рукъулаан батIи-батIияб кьералъул сукнодул. Хасго хъахIаб башлихъ рикIкIунаан бищунго чIухIараблъун. Устарзабаз хIаракат бахъулаан чотIахъабаз чухъида тIасан ретIунеб гьеб «бегIераб тIагъур» бажарараб куцалда берцинлъизабизе. Масала, тIогьиб букъулаан меседкунал яги чиллайдул кунал гIентел.

Хьитал магIарухъ рукIунаан ункъо батIияб тайпаялъул: хьвацIа-лакайдул, буртинадул, цIулал ва хьухьаралги. ХьвацIа-лакайдул рукъарал бихьиназул хьитал аслияб къагIидаялъ лъабго батIиял рукIана: мачуял (махIцал), тIомохьитал (хьвацIихьитал) ва чакмаби.

Мачуял-махIцал рукъула гъоркь хьвацIил тIукъби рачIого. Гъединлъидал, гьелги ретIун къотIноре рахъунаро. Оцол яги ганщил тIомол лъугъараб хьвацIил тIукъби гъоркь рарал тIуцал мачуял рукъула кIиго гъат гьабун, амма жанисан рукъулел мачуязде лакай къадараб тIаса бищула. XIX гIасруялъул ахиралдехун ругьунлъана хIатIихинкIал рацулеб куцалда мачуял рорхалъизариялъе ва занглаздехун гьел цолъизаризе. Гьедин зангал-мачуял лъугьана, чакмабаздаго релълъун, ретIине санагIатал хьиталлъун.

Чакмаял рукIунаан гъоркь рицщатал тIукъби рачIел, тIадагьаб тайпаялъул. Гьездаги тIасан ретIине рукъулаан бицщатаб хьвацIил тIуцал хьитал. КъотIноб хIатI-хIарщ бугони, тIадагьал чакмабазда тIасан ретIунаан цIулал башмакъал. МагIарухъе галошал раккараб мехалъ, аслияб къагIидаялъ гьелги ретIунаан тIадагьал чакмабазда тIасан.

МагIарулазда лъалаан агъалдаги цереги жанисахун къвакIарал макъралги лъурал, гъоркь бицатаб хьвацIил тIукъбиги рарал, къватIире ретIинеги санагIатал чакмаби рукъизеги. Гьезул аслияб чIурканлъилъун рикIкIунаан эгъе борхалъи.

Хьитазул цо хасаб тайпалъун рикIкIине ккола тIомохьитал яги хьвацIихьитал. ТIогьиса бахъараб рацIцIуниса хIатIазде щвезегIан цебесахунги, гьединго агъалдасанги кIичIван букъараб мехалда, дагьабго тIогьиса бегIераб хьит лъугьунедухъ лъутIараб лъикIаб щулияб хьвацIил тIикъва къваригIуна тIомохьитазе. Аслияб къагIидаялъ гьел ретIуна гIухьбуз. РетIуна гIицIал хIатIазда. ХIатIазе рахIаталъе ва хинлъиялъе хьвацIихьитазда жаниб рекъезабула талма (хьин). ХIалбихьи бугез гIолохъанал гIухьби ругьун гьарула жидерго хьитазда жаниб тамахаб хер, хIатIал унтуларедухъ, махщалида тIамизе.

ЛъаратIа районалъул росабалъ бихьиназ ретIунаан квасулкунал хьухьун гьарурал хьитал – чакмаби. Гьел ретIунаан рокъорги къватIирги, хасалоги риидалги. Хьитал хьухьине махщел бугел руччабаз хIаракат бахъулаан, батIи-батIияб кьералъул квасулкун тIаса бищун, накъищ-расеналъ гьел берцинлъизаризе, чIухIизаризе. ХIатIида гъоркье кколеб бакIалда хьухьи гьабулаан кутакалда цоцалъ гъункун, битIахъе хьвацIа гIадин къвакIуледухъ. Накалде щоледухъ хьухьарал чакмабазул кIалаз бохдул хинлъизарулаан. Лъебелазул хьитал рукIунаан тIогьиса дагьалго бегIерал.

Хасало ретIине магIарул цо-цо росабалъ рукъулаан буртинадул чакмабиги. Гьезие къваригIунаан къвакIарал тIукъби. Чанго гъат лъугьунедухъ тIатIала лъурал буртинадул кескал бицатаб, щулияб квасулкуналъ данде рукъун, тIукъби къачIан рахъараб мехалда, гьезде рукъулаан чакмабазул «хIатIалги» кIалалги.

Бихьиназулалде дандеккун магIарул руччабазул ретIел гIемерго батIи-батIияб букIана. Руччабазул ратIлидасан лъалаан гьей гIадан щиб жамагIаталдаса, щиб росулъа йигеяли. БатIи-батIияб букIунаан гIолохъанай ясалъулги росасе ун сонал рарай гIаданалъулги ретIел. Ясазе гурде букъулаан гвангъараб кьералъул (тIогьилаб, гIурччинаб, багIараб) ва чарчараб ххамил. ЦIикIкIараб гIелалъул руччабаз ратIлие тIаса бищулаан бецIаб кьералъул ххам. Гьединго батIа бахъизе лъалаан гIолохъаназги херазги рачлихъ борчунеб ххамил кьерги. Данде кьурун чIедерлъизабураб ххамил лъугьинарурал гьединал рачелал руччабаз рорчунаан югалъулаб рахъалдехун ругел магIарул росабалъ. Гьелъие къваригIунаан жиндирго

гIеблъиялда, ай тIаса къунцIичIого тараб, лъабго метра халалъиялда бугеб ххам.

Руччабазул гурдеялъе ххам кIичIван букъулаан, ахадегIаниса гIатIилъизе кIиябго рахъалъ хьалбазде, гьединго мугъзадасанги цебесанги лъутIалги риччан. Къвалал рукъулаан ритIарал, цереса чIедерлъизаричIел. Гурдил каранда гъоркь ххам букъулаан. Горбодаги, карандаги, цереса къвалаздаги расен-накъищ гьабулаан берци-берцинал куназ рукъун яги угьун.



Руччабаз ретIунаан гъоркьанги тIасанги – кIиго гурде. Гъоркьан ретIунеб гурде тIасан ретIунелдаса къокъаб букIунаан. Гьеб букъулаан учузаб ххамил – кIаланчадил, сатиналъул, бозил. ТIасангурдал хириял ххамазул рукъулаан.

Гъойсуболиялъул, гIандалазул ва цо-цо цогидалги жамагIатазул росабалъ руччабаз ретIунаан хIатIил агъалде щоледухъ халатал ва цIакъго гIебал, бецIаб кьералъул ххамил рукъарал гурдал. Хадуб бехъерхъичIого букIине, кIиябго рахъалъ хьалбаздасан тIаждал рачлихъ къазабулаан гьединаб гурде.

Гъазигъумекиса Жамалудин устарасул вас ГIабдурахIманица (XIX гIасру) жиндирго «РакIалдещвеязул тIехьалда» хъвалеб буго Гумбет жамагIаталъул Инхо росулъ руччабазул гурдазул цо тайпа квасул ххамил цоги тайпа фабрикалда бессараб ххамил ругилан, гьениб жинда бихьанин хухазул яги чахъабазул къохьол букъараб ретIелги. Цоги гьес хъвалеб буго Нахъахьиндалазул ГIорутIа росулъ руччабаз ретIунин накалде щолел, къокъал гурдал, гIатIидал гIагазул тIажал, къокъал гужгатал, ва гьез рачлихъ ххам борчунин.

ХIакъикъаталдаги магIарул гIемерисел росабалъ руччабазул гъоркьанги тIасанги ретIунеб цого гурде букIунаан, амма Гъуниб, ЧIохъ, Сугъралъ, Ругъжаб росабалъ руччабаз жидеего рукъулаан хIеренаб ххамил (бадисалъул, сатиналъул ва цогидабги) гъоркьангурдал.

МагIарул мацIалъул югалъулал диалектазда кIалъалел гIадамаз руччабазул гурдеялда кунтайилан абула. Кунта берцинлъизабизе, чIухIизабизе батIи-батIиял жал ургъулел рукIана устарзабаз. Гурдил ахада, каранда ва къвалазда меседкуналъ ва гIарацкуналъ рукъун яги угьун накъищ-расен гьабулаан. Кьенсерухъ ва Къарахъ жамагIаталъул росабалъ кунтаялъул ахада бегуниса рахъалда гьабулаан гьединаб накъищ-расен. Щайин абуни, гIемерисеб мехалъ руччабаз кунта тIаждал рачлихъ къазабулаан ва берцинлъизабураб рахъ тIадехун кколаан.

Централияб Аваристаналъул росабалъ руччабаз ретIунаан гужгат–гурдалги. Рачлихъа рукъун рацIцIарал гьединал гурдазда рукIунаан гъоркьанги тIасанги кIи-кIи къвалал. ТIасан рукъарал къвалал рукIунаан цIакъго гIебал ва гIадада дализе риччан тарал. Гьединаб гурдида батIаго букъулаан бахъун чIараб габурги бугеб керен. Гурдил гъоркьехун рахъ гIемерго гIатIидаб юбкаялда релълъун букъулаан. Каранда ва тIасан ругел

кIиабилел къвалазда гуржиба кколаан яги угьун чIухIизабулаан. Гужгат-гурдеялдаса тIасан къалаан къадирабиги ругеб гIарцул рачел.

Бертабалъе ва байрамазде магIарул руччабаз ретIунеб букIараб чIухIараб гурде ккола хъабало. Гьеб, цогидаб гурдида тIасан ретIунеб букIиндал, цебеса букъичIого толаан, гъанцIа-кIичIаз данде бачине. Гъоркьехун рахъ букIунаан 9-12 лъутI тIамураб ва рачлихъа данде буцIцIараб юбкаялда релълъараб. Хъабалоялъул къвалал тIадехун чIвазарулел рукIиндал, гIункIрукьалдаса гъоркьехун рагьухъего толаан. Гьедин гIункIрукьалде щвезегIан цере лъолаан гъоркьан ретIараб гурдил гIатIидал къвалал.

Хъабало букъизе къваригIунаан хирияб ххамил, хасго парчаялъул 10-12 метр. Гьеб букIунаан кIи–кIи къвалал ругебги, цо гурони гьечIебги. Цогидал гурдабазде дандеккун, бищунго чIухIараб букIине хъабалоялъул горбода, къвалазда, каранда чалу, гуржиба кколаан, гIарацкуналъ, меседкуналъ угьулаан. ТIасан борчунаан гIебаб гIарцул рачел.

Руччабаз гурдазда гъоркьан ретIунаан сатиналъул, бозил, чIаланчIадил, гъоркьахунги ххам букъарал халатал тIажал. Энтограф Г.А.Сергеевалъ хъвалеб буго цебе заманалда чIахъадерил руччабаз тIарадасаги ахадасаги цого гIеблъиялъул гIагал ругел халатал тIажал ретIунаанилан. ТIаждал гIагазул ахада букъун, угьун накъищ-расен гьабулеб букIун буго. ТIаждал рачел гьабулеб букIун буго квасулкунги кьурун.

Цо-цо росабалъ руччабазул тIаждагIагал чIедерго рукъулел рукIин гурони, ратIлил гьеб тайпаялъулъ гIемерго батIалъи букIун гьечIо тIолабго Аваристаналда.



Бихьиназулго гIадин, руччабазулги тIасан ратIлил тайпабазда гъоркьоре уна тIимугъги хъабарчаги. Руччабазе букъулеб къвалал халатаб тIимугъ бихьиназулалда релълъараб букIана. Щибаб росулъ рукIунаан тIингъал рукъизе махщел бугел руччаби. Гьез хIаракат бахъулаан гIураб гIеблъиялда нахъехун чIвазабураб бакIалдаги лъикIаб тIехь, хасго хухазул тахта букъизе. ТIокIаб батIияб къагIидаялъ тIингъал берцинлъизарун бажарулеб букIинчIо. Амма гIандалазул жамагIаталъул росабалъ руччабазул тIингъил мугъзада рукъулаан меседкуналъ, гIарацкуналъ яги батIи-батIияб кьералъул куназ угьун тIад расен гьабурал къохьол кескал. Ругъеждерил руччабазул тIингъал рукIунаан цогидаздаса гIемерго къокъал, гьезда рукъулаан ахадасаги рацарал гIисинал берцинал къвалал. Халатаздасаго гIадин, гьел къвалаздасаги щибго пайда букIинчIо, чIухIдае далун рукIин гурони.

Руччабазул хъубчул рачлихъа рукъулаан, тIасияб рахъги гъоркьияб рахъги цоцазда цолъизабизе. Мугъзал ахалъудаса гIезегIанго бакI данде букъичIого толаан. Цебесахун кIиго бутI биччан, рачлихъан мугъзада данде руцIцIун, квенчIелал чIахIалъизарулаан. Къвалал рукIунаан рукьаби рацулеб халалъиялъул яги гIункIрукьалдаса дагьалго цере рачарал. Къвалал ххун ретIунел гьединал хъубчул цересахун данде рачунаан лъабго гъанцIа-кIичIалъ. Рукъиялъул рахъалъ гьел релълъунаан бихьиназул гужгатазда.

ТIасан ратIлил батIи-батIиял тайпабазда гьоркьоса руччабаз бищунго цIикIкIун пайда босулеб букIараблъун рикIкIине бегьула хинаб къвалалгьечI. Гьел рукъулаан, гьоркьоб квасквас яги квас лъун, ххамил яги лъикIго кIвекIарал гIиял тIахьазул. Гьел ретIунаан гIисиналги чIахIиялги руччабаз. Хинал рукIин гуребги, хIалтIулеб мехалъ ретIине санагIалъиялъулъги букIана гьезул лъикIлъи.

МагIарул руччабазул хьитазда гьоркьоб аслияб бакI кколаан мачуяз. Гьезул букIана кIиго батIияб тайпа: гъоркь тIукъби рачIелги тIеренаб хьвацIил тIукъби раралги. Гъоркь тIукъби чIвачIел лакайдул мачуял руччабаз ретIунаан жидецаго хьухьарал квасул щватабазда тIасан. Гъоркь тIукъби чIварал мачуял санагIатал рукIана хIалтIуде, къватIире ретIине.

ЧIухIдае ретIунел хьиталлъун рикIкIунаан башмакъалги эгъе борхатал чакмабиги. Башмакъал рукIунаан дагьалго тIогьиса бегIераб, тIуцабго эгъеги бугел. Гьезул тIасияб рахъ («хIатIал») рукъулаан сугърал яги меседкуналъ угьараб парчаялъул. Гъоркь чIвалаан бегIерго бутIрул къватIире раккараб ункъо магIги бугеб маххул тIикъва. Гьединлъидал, башмакъалги ретIун, къотIносан къокъун уней гIаданалъул хIатIил тIваркьи рикIкIадасанго рагIулаан. Чакмабазул аслияб берцинлъи эгъе борхалъиялъулъ бугин рикIкIунаан.

МагIарухъ тIиритIун рукIана руччабазул «цIулал хьиталги». Гьел ретIунаан къотIноб хIарщ бугел къояз яги хIалтIизе хурире, харинире унеб мехалда. Гьезул тIукъби цIулал рукIунаан, хIатIидехун щула гьарулаан лакайдул чIалаз яги «хIатIал» макъралги лъечIого рукъулаан бицатаб щулияб ххамил, хасго сугърал. Руччабазул хьвацIихьитал бихьиназулалдаса батIиял рукIинчIо, квасул щватабазда тIасан ретIунаан гьел.

Хасало ретIине гьарулаан тIогьиса эхеде кIичIарал буртинадул чакмаби. Бищунго чIухIараллъун гьел лъугьунаан хьахIаб буртинадул. Чакмабазул кIалазда гьарулаан берцинал гвангъарал расенал, «хIатIазда» тIад букъулаан бецIаб кьералъул щулияб ххам яги лакай.

Руччабаз бетIералда къалеб магIарул чохтIоялъул цIар ЦIоралде гIунтIунги тIибитIун букIана. Гуржиязул руччабазгицин босун букIана чохтIо къалеб гIадат. ЧохтIоялъул аслияб бутIа ккола ботIрол рас къватIибе баккиларедухъ, надалде щвезегIан къалеб рахъ, кIиабилеб – гъалал жанир рахчун, халатго мугъзадаса гъоркье далун букIунеб рахъ. Гьединал чахтIал къалаан Хунзахъ, Гъуниб, Хьаргаби, Казбек районазул гIемерисел росабалъ. ЧохтIоялъе къваригIунаан ххамил лъабго кесек. БотIрода къалеб рахъгун цадахъ гъалал рахчулеб рахъ букIулаан кIаланчIадил. Гьедин лъугьунаан чохтIоялъул «аслу». Цинги ботIрода къалеб рахъалда гъоркьанахун букъулаан тIеренаб чарчараб квасул ххам. ЧохтIоялъул надалда, шалида гьоркьан къватIибе баккулеб бакIалда берцинлъиялъе кколаан чиллайдул ххамил гIебаб чалу. Гъалал рахчулеб рахъалъул кIиябго хьибил цоцазде букъулаго берцинлъиялъе гьоркьоб кколаан меседкунал чIедераб чалу. Гьелъул ахада рукъулаан симис, гуржиба, гIисинмаххал, гIисингIарцул рахас ва цогидабги берцинабщинаб.

Санкт-Петербургалда Этнографиялъул пачалихъияб музеялда цIунун буго магIарулазул кIиго чохтIо. Гьанжесеб ЛъаратIа районалъул ЧIорода росулъа босараб чохтIоялъул хIакъалъулъ хъвараб баяналда бихьизабун буго, ботIрода къазе санагIалъиялъе, гьелда букъун бугила гIеблъиялда

2 сантиметр ва халалъиялда 103 сантиметр бугеб рачел. ЧӀахъадерил чохтӀоялъе (гъамас 175, инвентарь 2262-20) баян кьолаго хъвалеб буго ботӀрода къалеб рахъ букъун бугила бецӀбагӀараб кашемир ххамил, надалда ккун бугила канчӀбагӀараб чиллайдул хамил гӀебаб чалу, гъоркь букъун бугила хъахӀаб боз. Гъалал рахчулеб рахъги бугила тӀад суратал ругеб багӀараб чиллайдул ххамил, ахада бугила меседкуналъ ва гӀарацкуналъ угьараб расен. ЧӀахъадерил руччабазул чохтӀоялъул халалъи 175 сантиметр, гӀеблъи 42 сантиметр бугин бихьизабун буго.

АнцӀросо жамагӀаталъул чохтӀоялда-думчаялда надалда киса-кирго рукъулаан бацӀцӀадаб гӀарцул гӀисинал гӀукӀдул-кӀилкӀал. Гъидерил чохтӀоялъул кӀиябго рахъалда гӀундузда тӀадехун гъанжеги рукъула гьединалго чӀахӀиял гургинал кӀилкӀал.

ЧохтӀоялда тӀасан гӀемерисел росабалъ руччабаз тӀамулаан мучӀу. МучӀу гьабулаан тӀеренаб учузаб ххамил – сатиналъул, бадисалъул, кӀаланчӀадил, гьединго хирияб ххамил – парчаялъул, хасго бецӀаб кьералъул дарайдул. Цо мучӀуялъе хӀажалъула 3-5 метр ххамил. ХӀикматаб буго мучӀу тӀамулеб къагӀидаги – ботӀродасан горбоде бачун, гъумер къватӀибе баккуледухъ сверизабун, кӀиябго рахъалъ гӀатӀидго черхалде дализабулаан.

МучӀуялда тӀасанги ботӀроде рехулаан батӀи–батӀияв шалал, кверлъинал, чӀинчӀаби. ЧӀохъ, Хунзахъ, Хьаргаби ва цогидалги росабалъ чӀинчӀудул рагӀалазда яги цо бокӀоналда, меседкуналъ яги гӀарацкуналъ угьун, расен гьабулаан. Гьединго чӀинчӀуялда букъулаан меседкунал симис.

ХӀасил гьабун абизе бегьула, XVIII-XIX гӀасрабазда ва XX гӀасруялъул авалалда букӀараб магӀарулазул бихьиназулги руччабазулги ратӀлил гӀелмияб цӀех-рех гьабураб мехалъ баянлъанин, Дагъистаналъул ва Кавказалъулги цогидал халкъазулазда релълъарал рахъал гӀезегӀан рукӀин. Гьелдаго цадахъ, цо жамагӀаталъе, хӀатта цо росдаегицин хасаб рукъи, расен, гьединго ретӀел берцинлъизе гьарулел жалги рукӀун руго. Гьезул цо-цоял гьанжелъизегӀанги хисичӀого хутӀарал бакӀалги руго. Амма гӀемерисеб хисун буго, европаялъулабин цӀар лъураб ратӀлиде сверун буго.

***АхӀмад ИСЛАММУХӀАМАДОВ.***

# Хардал



**Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА**

## КВАТIУН БАТАРАБ ТАЛИХI

Берал рагьаралго, жийго тохтурзабаз сверун ккун ятидал, щибго бичIчIуларого, хIинкъарай ПатIиматил берал чIахIалъун рачIана.

– Дун гьаний щиб гьабулей? Дие лъугьараб щиб? Дун гьание кисан ккарай?

– Гьедин ккола цо-цо, хIинкъизе ккараб жо щибниги гьечIо гьаниб. Кинабго лъикI буго, мунги дур гьитIичги лъикI руго, – ян абун жаваб кьуна гьелъие тохтурас.

– Кинаб гьитIич? Лъил гьитIич? Дида щибго бичIчIулеб гьечIо! – ян гIодгIодун биччан тана ПатIиматица. – Дир эмен кьогIав чи вуго, дица щиб гьабилеб? Дие гьаб къваригIун гьечIо, дун инсуца чIвала, – ян абун гьей гIодулаго, нуцIихъ рахъун чIун рихьула эбелги эменги.

– Дада! Дида тIасалъугьа! – ян хIинкъадго гIодун биччан тана нахъеги ясалъ.

Яс квеш лъугьун, больницаялде ячун ун йигин рагIун рачIарал эбел-эмен, рихха-хочун лъугьуна, больницаялъул палаталъуб лъугьа-бахъунеб бугеб сурат бихьарабго, ва ясалде тIаде вортула эмен:

– Намусги ничги тIагIарай яс, къваригIун гьечIо дие, щай мун гьаюрайго хвечIей, гьаб къо дида бихьизегIан? Дур тIокIав эмен гьечIо. ТIагIа дида цееса.

Тохтурас, ясалде тIаде вортулев вукIарав эмен палатаялдаса къватIиве вачана, ва бичIчIизабулеб букIана гьесда, гьанир гьединал ишал гьаризе бегьулареблъи.

Нахъги вуссун, ясалде ахIдола эмен:

– НичгьечI! Мун росу тун а, дида мун йихьуге ва рагIуге! Дуе тIокIаб рукъ гьечIо! Дун гIадамалъе вахъине бакI течIо дуца.

Гьедин ясалдеги ахIдон унев инсул хIал кинабха букIинеб? Нус чIвани би баккилароан гьесдаса гьеб параялъ.

ПатIимат жийго хутIана палатаялъул гордухъги яхъун чIун. Гьей ургъулей йикIана, кие иней, щиб гьабилеб, кинан бетIербахъи гьабилеб дица гьитIинаб лъимер кодобги ккун. Тохтурзабаз инкар гьабуна лъимер инабизе. Гьединан ана гьелъул больницаялда къваридал къоял, хадув щивниги ваккичIого.

Больницаялдаса къватIие йиччарай гьей, кIалтIа бугеб гIадамал гIодоб чIолеб бакIида пикрабазда йикIаго, лъазего лъачIого маркIачIул мех щун батана.

– Дица щиб гьабун лъикI? Кие иней? Росу тун батIияб рахъ-мухъ дидаги лъаларин. Сундасаго лъикIаб жо дие, гьаб дуниял тезе, – янги абун, мугIрул щобалгун къо лъикI гьабулей гIадин йикIана ПатIимат.

РоцIцIараб, берцинаб дуниял, хинаб гьороца шуршудизарулел гъутIбузул тIамхал, ясалъул рекIее гьечIеб хIалхьи, цоялда хадур цоял хIабургъарал пикраби. Щиб гьабилеб?.. Гьединал пикрабазда йигей ПатIимат рекIеда ятана, хъамун бачIун, аскIобегIан чIараб машинаялъул гьаркьихъе.

Машинаялъуса къватIиве лъугьун вачIарав, берцинаб борхатаб лага-черхалъул гIолохъанчиясул берчIвана гьалда.

– ГьедигIан берцинай яс, къаси къватIий мунго цохIо щиб гьабулей, цадахъ хъаравул гьечIого? – ян абулеб гьесул гьаркьихъе тIуркIун рекIеда ятарай гьелъухъа борчIун бачIана:

– МухIамад? – абун.

– ПатIимат? Мун? Мун кисан гьаний ккарай? Щиб ккараб? Щал дур гьанир регун ругел?

– Щивниги гьечIо, дунго йикIана, гьанже хIадурлъулей йиго хвезе ине. Дидаса киназго инкар гьабуна, дие тIокIаб рукъ гьечIо. Дица щиб гьабилеб? Дуца гуккана дун, – абун, гIодулаго лъавудаса арай ПатIиматги кодой ккун уна МухIамад больницаялде жаниве. АхIи бала гьас тохтурзабзде гьай хвасар гьаеян.

– Гьаб ахIи-ахIур щиб? – ян абун нахъасан вачIуна больницаялъул бетIерав тохтир Наби Расулович, ва вихьула гьитIинав вац.

– Гьай, жакъа гьаниса къватIие йиччарай яс йигогури, щиб ккараб гьалъие гьанжеги? – ян ясалъул ботIрода квер лъола Наби Расуловичас.

– Наби, гьай йиго дой яс, дица дуе гIемер бицарай. Гьай хвасар гьае.

– МухIамад, гьай яс йиго лъимаде, гьалъие щибго гьечIо, гьелдаса эбел-инсуца инкар гьабуна жакъа, гьелъ йиго гьай квеш лъугьунги.

– Наби, гьей дие цIакъ хIажат йиго, кумек гьабе, дир лъимадул эбел йиго гьей. Наби, гьарула, – ян гьесде бадиве валагьизе намуслъана МухIамад. Жиндихъаго ккараб гьалатIалдаса нечонги ватилаха.

– Дур я? Хъурумсахъ, мунищ гьаб кинабго баллагь-базаралъул бетIер вукIарав? Дуе гIоло ясалдаса инкар гьабуна киназго, – ян семана Наби МухIамадиде.

МухIамадица гIодобе къулараб бетIер борхизабичIого абуна:

– Дир буго. ГIайибги дир буго, лъимерги дир буго. Дица гьей рехун теларо. Дуда лъалагури, Наби, дие лъимер хIажат букIин, кIиго хъизан гьабуниги цонигиялъ дун гьадин вохизавичIо. Дун жакъа вохаравги талихIавги вуго. Дица гьай рокъое ячине йиго. Инсухъа изну босизеги ина. Дица ПатIимат цIунизе йиго цIородаса тIегь гIадин. Наби, кумек гьабе дие, гьей сах гьайизе, – гьел рагIабиги абун, багIа-бакарлъун, намуслъун лъугьана МухIамад.

Наби Расулович вуго МухIамадил кIудияв вац. Эбел-эменги хун хутIарав, ва гьезул сипат–сурат лъаларев, гьитIинав вацасул жиндирго васасул гIадин тIалабги гьабун, гьедигIан гIезегIан гьев хьихьарав, гьесда ракI унтун вукIуна гьев кидаго. Гьединлъидал МухIамад гьесдаса намуслъун вукIуна, живго гIанчIав вугониги, жиндие эбеллъиги эменлъиги гьабурав кIудияв вацасдаса.

Лъавуде ячIарай ПатIиматида рагIана гьезул хабар ва чвахун бачIана бадисан рохалил магIу.

Гьелъул бетIералда жиндирго кIудияб кверги лъун, МухIамадица абула:

– Баркала дуе, хирияй, дуца жакъа вохизавурав дун, цойги кIицIусаго ворхалъана. Дица мун киего йиччаларо, дие мунги гьитIичги къваригIун руго, – ян.

Набица гьитIинав вац МухIамадие ПатIимат гьаризе ва лъадилъун гьайизе, инсухъа  пурман босизе росдал жамагIаталъул кIудиял чагIиги ритIун, разилъи босана. Амма жиндир бералда яс йихьуге, живги цIехон жиндир кIалтIе яккуге янги лъазабуна.

Гьедин рохалида ана МухIамадил ичIабго моцI, кидадай жинда лъимадул гьумер бихьилаян. Амма ПатIиматил моцIал гIодилаго, къваридго ана, вихьуларев эменги, сундуего ургъел чучизе аскIой гьечIей эбелги. Эбелни йихьилей йикIун ятила, инсукьа хIинкъун чIун йикIин гурони.

…Гьале жакъа МухIамад больницаялъул къалтIа дове-гьаниве хьвадулев, цо бакIалда чIезе кIоларого, кидадай хабар рагIилаян абун.

Нахъ валагьарав гьасда йихьула медсестра екерун ячIуней:

– Баркула, МухIамад, дуе кIигоял гьаруна, васги ясги!

– Кин гьеб, кIигоял?

– Уха, кIигоял.

– ВахI, кIигоял? ЦогIаги гьечIого, хьул буссарав дир, цадахъго кIигоял, – янги абун, гIемер вохарав вохиялъ, гьес рохел бицине ячIарай медсестра кодоеги йосун, сверизаюн гIодое йиччалей йикIинчIо.

– Дуца гьабулеб щиб? Дун йиччай! – ян ахIулеб медсестраялъул гьаркьихъе рекIеда ватун, гIодой йиччан гьейгун, цIехола МухIамадица:

– Мун дояйищ йикIарай? Дир ПатIимат кин йигей? Дир лъимал?– янги абун бетIерги ккун вохуца холев МухIамад, гIодове вуссинавуна Набица.

– Ле вас, гьаб ахIи-хIур щиб дур? Мун гурев чигойищ гьанир гьечIев, яги дуе гуронийищ лъимал гьаричIел? – ян, гьитIинав вацасул кIигъежалда кверги лъун абуна Набица. Гьесул махсаро бичIчIарав МухIамад, хурхана вацасда ва жиндирго рохел загьир гьабун, бадиса магIил гарал гирун рачIана.

– Дун виччаларищ гьезда берчIвазе?

– Щай виччаларев? Виллъая, дур лъимал дуда гурони лъидаха рихьизе кколел?

– Наби, дир хирияв вац, мун дида тIасалъугьа. Дида вохиялъ щибго лъалеб гьечIо. Мун дие эменлъиги эбеллъиги гьабурав, дида эменги эбелги гьечIеллъи лъазе течIев, дуе гурони дица лъие загьир гьабилеб дирго рохел?

– Дида мун вичIчIула, рилълъа, – янги абун кIиявго вац больницаялдаса рокъоре унаго, дандчIвала ясалъул эбелги, магIарул гIадаталда гьечIониги, больницаялъул кIалтIе вачIарав эменги. Гьезги баркула цоцазда рохел.

Жакъа МухIамадил рекIелъ бугеб рохалил бицун хIалкIвеларо. КIиго ригьнадаса ватIалъана МухIамад лъимер щвечIого. МухIамад вуго, гьитIинго эбел-эменги авариялде ккун хун, гьезул недегьаб рокьиялдаса махIрумлъарав, кIудияв вац Набица жиндирго вас гIадин хьихьун гIурав чи. ЦIакъго цоцазе хирияв кIиявго вац, сундулъго цоцазе хIалае ратула. Байбихьи къваридаб букIаниги, ахир рохалилаб бачIана ПатIиматиеги.

## ГЬИТIИНГО ХВАЛИЛ МАХI ЧIВАРАБ ЛЪИМЕР

Дун гьитIинай лъимер йигеб мехалда, дида кколаан гIадамал холарин.

Дица гьарана эбелалда, дие гьитIинав вац гьавеян, дица кивего цадахъги вачинин, васандизеги гьавилин, цойгидаз къварид гьавизеги теларин.

Эбелалъ, вац вукIине вугин дир кватIичIогоян абураб мехалъ, дир йохиялъул гIорхъи букIинчIо. Дица эбелалъул чехьалда кверал рахъулаан, убачал гьарулаан, гьитIинав, жеги гьавичIев вацгун кIалъалаан. Дие цIакъ вокьулаан, эбелалъул чохьонив вугев, жегиги гьавичIев гьитIинав вац. Дун гьесде ракIгъун йикIунаан.

Бакъанил гIужалда, унтарай эбел больницаялде, лъимал гьарулеб рокъое ячун унеб «Хехаб кумек» машинаялда хадуй екерана дун, ва гьарана Аллагьасде, – «Аллагь, дуца хеккого рокъое тIад юссине гьае дир баба, дир гьитIинав вацги вачун!» – илан.

Дие заман халалъулеб букIана, рогьунеб букIинчIо сордо, дун йикIана гьитIинав вацгун рокъое ячIине йигей эбелалъухъ ялагьун чIун. Гьеб бецIаб сардилъ, цо батIияб бицине хIал кIолареб, жеги дида чIвачIеб гIадаб, гьуинаб-цIекIаб лъалареб, махI чIвалеб букIана. БичIчIулеб букIинчIо гьеб щиб ва сундул махI бугебали.

Дир чорхолги букIана, батIияб хIалхиси. Дие бокьун букIана ахIдезе, гьаракь гьабун гIодизе… гIодана къандалъоялда тIад бетIерги лъун. Дир кIаркьабаздасан чвахараб магIица къандалъо букIана биччизабулеб. Дие гьеб чидарлъана, рокьукълъана. Дир магIу букIана кьогIаб ва цIамхIалаб….

ХъахIлъи дунялалде рехарабго бачIана хабар больницаялдасан, дир гьитIинав, жеги дунялалъул канлъи бихьичIев вацги, дир эбелги хванин. Дие дунял бецIлъун бачIана, чIегIерлъун ана…

ГьитIинго йигониги бичIчIана дида гьеб хвалил махI букIин.

Гьебго гьитIинго чIвараб хвалил махI чIвана дида, дирго рукъ террористаз кьвагьизабилалде кIиго–лъабго сагIаталъ цебеги.

Гьеб махI чIарабго лъала дида, лъикIалъе гуреблъи. Бихьугеги лъималазда эбел ками!

## РУКЪАЛЪУЛ КЪВАРИЛЪИ КЪАДАЗДА ЛЪАЛА

Цодагьаб цебегIан дир лъай-хъвай ккана цо гIаданалъулгун, Гьелъ жиндирго къваридаб къисматалъул бицунаго дида магIу кквезе кIвечIо.

Лъай бижилалде, гьелда ятун йиго жийго эбелин гьелъ рикIкIуней, хъачIай гIаданалда аскIой.

Цойгидазул эбелазул хIеренлъиги недегьлъиги бихьарай гьелда, щай дир бабае дун йокьуларей, щай цойгидал яцазе росарал ясикIабиги берцинаб ретIелги диеги босулареБан кколеб букIун буго гьалде ракIалде.

– Цойгидал яцазул кинабго букIунаан, школалде цIализе унаго, эбелалъ киназего гIарац кьолаго дун гьоркьой толаан, дие кьолароан.

Школалда лъималаца буфеталдаса росун пиражкаби кваналаго, магIил бералги цIун, дун йикIунаан гьезухъги ялагьун хIацIу къулчIулей…

МагIу бачIун гIодизеги дир ихтияр букIинчIо.

Риидалил коникулал гьитIинай Загьрал унаан гIалхуда гIияда. Гьелъул заман букIинчIо жийго гIадал ясалгун ясандизе ва ясикIаби хIазе.

Гьединаб гIакъуба-къварилъиялда гIун ячIуней Загьра, гьарун чагIи рукIана рачIунел, лъикIаб тухумалдаса. Амма эбелалъ гьезие инкар гьабун, нахъчIвалел рукIана киналго.

Цо къоялъ, бакъанил гIужалда, гIиядаса рокъое щварай Загьрада ратана гьалбал, жиндир цIарги рехсон кIалъалел. Гьел ун хадуса, гьелда лъазабуна эбелалъ, мун гьадал чагIазул васасе ине кколилан, жинца дур рагIи биЦанин, кватIичIого мун росасе кьезе, бертаде хIадурлъизе ругилан.

Эбелалде данде рагIи абун инкар гьабизе кIвечIей бадиса Загьрал, магIу чвахун бачIана…

Росульго бищун язихъаб, гIадамазде гъорлъе рахъун, кIалъан бажаруларел, санагIат гьечIеб бакIалде кьун ятана Загьрада жийго эбелалъ.

Гьенибги ана, релъеда-къад чIечIого, хIухь бахъизе заман гIечIого Загьрал къваридал сонал.

Рокъоб бугеб къварилъи гIечIого, росасул рахъалдасанги талихI ва гьуинаб рагIи бихьичIей гьей, якьадалъ рокъоса къватIие гъун, кодоб гьитIинаб лъимергун, ун йиго жиндирго эбел-инсухъе. Каву рагьулеб гьаракьги рагIун къватIие яхъарай эбелалда, гьелъул гьурмахъ ялагьун лъан батилаха, Загьра щиб ккун ячIараяли. Гьелъги ячIарабго нухалъ хъамун йиго.

Мун щиб гьабизе ячIарай? Дица мун нахъе ячIинеян кьун йикIинчIо. Росасе кьунищ-росасул доя хва! ТIокIалъ дида йихьуге! ХIалихъе тIаса ккезаюн йикIана дица мун!

Гьенисаги, гIодилаго, нахъего жиндирго къваридаб рокъое ана Загьра.

– Щиб гьабизе тIад юсарай! Нахъе ячIинеян ячахъарай йикIинчIо дица мун! Лъугьа къватIие, а дурго унелъуе ва тIокIай тIадги юсунге! – ян якьадалъги хъамун, кие иней лъаларей Загьра, цин гIезегIан мехалъ гIодойги чIун, ургъана, киедай иней, щибдай гьабилеб абун, гIодун чIолареб бакъараб ва биччараб лъимерги, рукIкIараб дунялги, ине бакI тIагIарай гъарим Загьраги.

Яхъун гьай йилъана росасул вацасул дое. Гьесул лъади, жиндирго дандияйгун гIамал данде кколеб букIана Загьрал.

– Зугьра, бегилиш дун духъе ячIине?

– Бегьила, щай бегьилареб, Загьра, гьаб щиб дур гIажаибаб ягъа–ячари? Щиб ккараб?

– Дун якьад-эбелалъ къватIие гъурай, ана дирго эбел-инсул рокъое. Эбелалъ кIалтIегIаги йиччачIо, жание лъугьинеяли щиб гурин, – ян гIодун биччан тана Загьраца.

– ЧIая, чIая, мун щибниги гIодуге.– янги абун, Зугьраца рос рокъове ахIана.

– МахIмуд, вахъая, мун дурго вацасе гIадлу гьабизе. Гьаб щиб, лъимергун эбелалъ чIужу къватIие гьолаго, щай вуцIцIун чIарав дов хIалихьат?

Кин бугониги, рокъое щвезаюна Загьра Зугьрацаги МахIмудицаги.

ГIакъуба-къварилъиялда йигониги, гьабуна цойги лъимер Загьраца. Гьелъ гIезарулел рукIана васги ясги, жиндаго бажарараб къагIидаялда берцинаб тарбияги кьун.

* * *

Гьелдаса хадуб, чанго соналдасан хвана Загьрал «хирияв», «халкъ бахилав» рос.

Жеги чанго сон сверана, чанго их ана, рии лъугIун хасалихълъи, гьелдаго хадуб хасел… Гьедин унел рукIана моцIал, лъагIелал. Амма Загьрал бераздасан рохалил, роцIараб, магIу чвахулеб букIинчIо.

Къваридал къоял… хисулел рукIинчIо рохарал къояз. ЦохIого цо, жиндирго кIиябго лъимералдаса йохун гурони, Загьрал тIокIаб йохизесеб жо букIинчIо… Лъималги кIудиял гIуна. Эбелалъ цIализаруна, тарбия кьуна, лъикIаб-квешаб малъун, гIадамазде гъорлъе рахъун, рукIа-рахъине куцана. Амма, кIудиялги гIун, цIализе Россиялде индал, гьениса нахъе рачIине хивал гьезул ккечIо.

Тана гьез эбел. КIочана, гIакъуба-къварилъи баччун жалго хьихьарай, гIезарурай пакъирай, янгъизай эбел…Росулъа шагьаралде ячIун, янгъиз хутIарай гьай пакъир, рукъги ккун жиндиего бетIербахъи гьабизе жуяна.



**Салман ХIАСБУЛАЕВ**

## ЧАДИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪИССА

СССРалда бищун кIудиязул цояб, Украиналъул бакътIерхьуда бугеб Яворалъул полигоналда цо чамго къоялъ ученияЛдаги рукIун, нижер кьвагьдохъабазул рота «Львов-Киев» поездалдаги рекIун, мехалъ къаси тIадруссун Винницаялде рачIунел рукIана. Свакан рукIиналъ солдатал купеялъур хъурухъаралго, нараздеги рахун цоял хIухь бахъулел, цоял кьижун рукIана…

Дунги Украиналдаса дир гьудул, кIудияв сержант Жора Бортникги ккана гIолохъаби жанир ругеб цIакъ магIна гьечIеб купеялъуре. Кагътал хIалел гьезул ахIи-хIуралъ нижер ва гьенив тIасияб наралда вегун вугев цо херасул цIакъ рахIат бахъун букIана. Гьезул хъуялъ нижеда кьижизе кIолеб букIинчIо. Херас гIолилазда гьарана цо дагьал гIодоре руссун, нилъер рахIат цIунун ругел гьал солдатазе кьижизе тейилан.

ГIолилаз гьесул санго гьабичIо.

– ХIурмат хварал жал рихьула, – ян абуна херас нижедехунги вуссун, – нуж макьиххун ратила, солдатал?

Макьу бачIаниги, нижер кIиясулго кьижизе рес букIинчIо, кодоб ярагъ букIиналъ нижер цояв хъаравуллъиялда вукIине кколаан. Гьев, гIадатияв, гIаданлъиялъ цIурав херасулгун нижер лъикIаб лъай-хъвай ккана. Нижер унго-унгояв нухцояв гьалмагълъун лъугьана.

Константин Васильевичасул беразда жанисан рачIунел чIурканал чIоразулъги, чIагояб гьесул каламалъулъги букIана цого хIеренлъиги хIалимлъиги. Херлъиялъул гIаламат гьурмаде рехун букIаниги, тIарцIаб, гIарцул гугьар тIад бахараб магжица берцинлъи кьолеб букIана гьесул херлъиялъе. Гьев вукIана ракI жубарав, жинда гIемер гIакъуба-къварилъи бихьарав, къамартIаб черхалъул, чорхолъ жеги жанги тирилъиги бугев, бихьинмахIаб гIамал-хасияталъул, унго-унгоги ВатIаналъе гIоло вахъун чIарав чи.

Васильевичас бицунеб букIана жиндирго гIумруялда бихьараб-таралъул, ревлюция бахъулаго ва фашизм чIчIинтIизабулаго тIураб биялъулги ва социализм гIуцIулаго чвахараб гIетIалъулги…

Кагътал хIай чIалгIиндал гIолилаз жидер бугес-бугеб квине жо цебе бахъана, носоца гьанал, ччугIил корсерваби рагьана. Гьел рагьун рахъиндал, чадил буханкаялдаса кьуризабун мочIоги тIезабун, гьелъ нус бацIцIана.

Кванан рахъиндал гьез, хутIарал чадил кескал газеталъуреги ракIарун, гордухъан къватIире хьуризаруна.

Гьеб бихьидал, херав цIакъ рахIатхун лъугьана… ва ургьиб жаниб гьалделеб букIараб гьесул ццим гьулчун къватIибе бачIана.

– Нич гьечIел! Щай нужеца чед исрап гьабулеб? ВатIан чедго-чедилан гьеб гIезабизе ахIи балеб буго, нуж абуни гьеб инжит гьабулел руго. Аллагьас кьураб гьеб рикъзи исрап гьабиялъухъ нуж ТIадегIанас рецIел босичIого толаро…

– Эмен, – ян абуна гьезда гьоркьоса цо гIолилас велъулаго, – щай тIокIаб бакIлъи поездалъе!.. Аллагьас кьураб гуро нижее гьеб букIараб, нижецаго кьун гIарацгун, тукадаса босараб букIана.

– Васав, Аллагьас нилъее кьураб, гьеб дуца кваналеб чед гIезабулезул цояв дун вуго. Гьеб гIезабулезул ударниказул съездалде пачалихъалъ ахIун Киевалде унев чи дун, нужеца чадие гьабулеб инжитлъи бихьун щиб гьабизе ва щиб бицине дун гьениве инев… Нужер талихIалъе гIоло революция бахъулаго, фашизм чIчIинтIизабулаго, ракълилаб заманалда чед гIезабулаго щварал гьал шапакъатаз цIураб дир кительги ма! Гьабги хьуризабе гордухъан къватIибе! – янги абун гьес китель столалде рехана, – ва нужеда чадикълъи бихьичIого букIиналъе гIоло гIемер гIетI тIурав, гIумру нужее гIоло кьезе хIадурав дунги гьездаго хадув валагьизаве, – янги абун, гIодизе къачIараб лъимер гIадин, лъугьана гьев…

Чамго орденалъги медалазги цIураб китель столалда тIибитIидал, гьелъ нугIлъи гьабулеб букIана херав кIудияб гьунаралъул чи вукIиналъе.

– ГIолилав, ракъунги, къечонги, гуллиде данде керенги буссинабун, захIматалъе къуркьичIого, гьадинал хераз буго нилъее гьаб гвангъараб дунял кьураб. Гьазул заман бихьараб ани, цинги лъалаан дуда чадил къимат гьабизе, – ян абуна дица гIолиласдехунги вуссун.

– Солдат, нижеца гIарацги кьун босараб чадил къимат нижее бокьухъе гьабила. Гьеб нужеца малъизе ккеларо, – ян кьварун жаваб кьуна довго гIолилас.

– Малъизе ккараб хIал бихьула нужеда, – ян гьоркьов жувана Жора, – кIудиясул адаб гьабе, гьитIинасул тIалаб гьабеян гурищ нилъеда школалъул партаялдасанго малъараб.

Жора Украиналъул мацIалда кIалъайдал, гIолохъабазда гьоркьоб гIодоруссин лъугьана. Гьезда бичIчIана херасда цере жал гIайибиял рукIин. Амма гьезие гьев тIасалъугьинавизе бокьичIо… БокьичIо, чIухIараб гIамал-хасият гьезул чорхолъ лъадарун букIиналъ. Херав абуни, гIисинккун кIутIбуз цо щибалиго щурулаго, бетIер кIибикIизабулаго, пашманлъиялъ цIун вукIана.

Херасул пашманлъи бихьун, купеялъуб сихIкъотIи лъугьана.

– Солдатал, сапаралъ рукIун ракъун ратила нуж, – янги абун, сихIкъотIиги биххизабун, херас сумкалъуса къватIибе квине жоги бахъун, батIи-батIияб тIагIамалъ стол цIезабуна. Рестораналда гIадин кинабго жо рекъезабун къотIана. Хасго чед къотIулелъул гьес абуна, гьалда унтиледухъ къотIизе бегьуларилан. Щибаб чадил ричIчIи, дандеги бакIарун, гьес кIалдиб лъолеб бихьидал, ниж киналго гьесухъ ралагьун хутIана.

– Дир лъимал, дида бихьана гIумруялда гIемерабжо, ракъи гIадин гIумру инжит гьабулеб, гIиссинккун гIадан чIвалеб жо щибго хвелцин гьечIо.

Херас цIакъ адаб цIунун чед кваналеб бихьун, битIараб бицани, дунги Жораги хIайранлъун гьесухъ ралагьун рукIана. Нижни щиб, херас чадил къимат гьабулеб куц бихьун, кагътал хIалел дол гIолохъабицин гIажибго ралагьулел рукIана гьесухъ.

– ГIенекке, дир лъимал, – ян байбихьана гьес, – чед нилъер гIумру ва бечелъи буго. Чадикъаб пачалихъ биххула, гьелда жибго цIунизе кIоларо.

Чадил къимат гьабизе нилъер щивасда тӀадаб буго. Бициниц нужее дир гӀумруялда чадил хӀакъалъулъ ккараб цо къиса.

Гьеб букӀана 1918 соналъул ихдаде къараб заман. Дир гьеб мехалда 14 сон букӀана. Россиялда тӀад бетун букӀана революциялъул кӀкӀуй. Нижеца гӀумру гьабулеб станциялда тӀад кверщел гьабулеб букӀана хъахӀаз. РачӀинахъего гьез революциялъул рахъ ккурал абун станциялъул гӀемерал чагӀи чӀвана. Гьезда гьоркьов дир эменги вукӀана. ХъахӀал гвардейцаз, щибаб рокъорое лъугьун, чӀухӀал тӀамун, кинабгӀаги кваналебщинабжо, гӀи-боцӀи, болъонал ва гӀанкӀу-хӀелеко рахъун индал, станциялда тӀибитӀун букӀана кӀудияб ракъи. Эмен чӀвалеб къоялъ, гьев цӀунизе лъугьарай дир эбел, хъахӀаз хъунтагъги кьабун, гъажилбетӀерги бекизабун, бусаде ккун йикӀана. РагӀад гӀадин эбелалдаса йичӀуларей, жеги лъабго сон тӀубачӀев дир яцалъ, якъиялъ, цӀакъ рахӀат хвезабулеб букӀана эбелалъулги дирги. Кьижун ккезегӀан, чедго-чедилан гӀодулей йикӀунаан гьей. Ясалда ракӀ гурхӀун, нижерго ракъиги кӀочон тун, ракӀунтун нижги рукӀунаан…

Кисан балагьунги, гьезие чед балагьизе ине пикру ккана дир. Инсул букӀараб кисиниб лъолеб гӀарцул сагӀатги, эбелалъул меседил баргъичги, кӀилкӀалги, курхьенги босун, гьелъухъ хисун босизе кунеб жо цӀехолаго, станциялда геличӀеб ва гьардезе инчӀеб рукъги хутӀичӀо дир. Гьелги нижедасаги мискин ратана. Ахиралда дун вилълъана станциялъул гимназиялда бугеб, хъахӀазул штабалда цеве. Гьенив ватарав хъаравуласда дир рокъоб бугеб ахӀвал-хӀалалъулги бицун, ТӀадегӀанасул цӀаралдалъун гьесда гьарана кӀиго-лъабго къоялъ бокьараб хӀалтӀи гьабилин, цо чадил чурекалъухъан. Киса, дир рагӀухъ гӀинтӀамулеб, дун гьениса вачахъизе лъугьана гьев. Кодоб бугеб хазина бихьизабидал, солдат тамахлъана, чӀахӀиял михъазда кверги бахъун, гьимулаго, гьезул хал гьабизе лъугьана.

– Гьалъухъ дица дуе лъабго-ункъо чурек кьела. КватӀичӀого дун хисизе смена бачӀине буго, цинги дица дур мурад тӀубазабила, – янги абун, михъичица росун чвантинир къазаруна гьел. Гьев хисизе рачӀараз дунги нахъе вачахъана, дир хазина чвантиниб лъурав михъичги тӀагӀана.

Хазина кьурав дов солдат вихьилародаян, кӀиго къоялъ хьвадана дун гьеб штабалде. Амма хӀасил ккечӀо. Вихьидалги гьев тӀирун чӀана, тӀадежоялъе хӀинкъабиги кьуна дие, дун багӀараз витӀарав жасус ватилин ва жинца чӀвалин абун.

РакӀбекун щвана дун рокъове. Рукъ абуни якъиялъ гӀодулей яцалъул гьаркьаз тӀадбосун букӀана. Дун рокъове жаниве лъугьаравго, яц тартадилаго, тӀад хурхун ячӀана ва абуна: «Блат, кушать хочется, ты плинес нам  хлеб?» – ян.

Каранде гьейги къан, ниж кӀиялго цадахъ гӀодана, гӀодана эбелги. Эбел гӀодулей йихьидал, дир магӀил цӀурал берал рацӀцӀине лъугьана.

– Мой блатик, не плачь, маме плохо будет, – янги абун гьелъ дир гьурмада чамго нухалъ баана.

Дир чорхол хӀал хисана. ГурхӀиялъул асаралъ дир ургьимесалда цӀа рекӀана…

ГӀодой яцги лъун, дун рокъоса къватӀиве лъугьана. Кисан балагьунги чед цӀехезе пикру ккана дир. ЦохӀо хинаб лъимги гьекъон, кваназе жо гьечӀого анцӀабилеб къо букӀана нижер. Дирго вакъиялъулцин ургъел букӀинчӀо дие, дун хӀинкъун вукӀана эбелги яцги квине жо гьарулаго хвелилан. Гьединлъидал, хӀукму ккана, гимназиялъул складалда хъахӀаз цӀунун бугеб, халкъалъухъа бахъараб кванил нигӀматал рикъизе ине. Гьеб кванил сурсатал цӀунараб рукъ-бакӀ лъикӀ лъалаан дида. Гимназиялда мугӀалимлъун хӀалтӀулев вукӀарав инсуда цадахъ дун гӀемер щолаан гьениса кванил нигӀматал росизе. Гьеб бакӀ гьез гьедигӀан цӀуна-къан букӀинчӀолъиялъ,

къаси сардилъ дида гьениве ворчIизе кIвана. Баччизе кIолебгIанасеб чедги нахги босун, гьениса нахъе унелъул, дун хъаравулзабаз ккуна.

РогьинегIан дидаса сурав босана, багIаразул жасус вугилан вухана. Щиб гьез гьабуниги дицаги хIехьана…

Радалиса дун вачана гьезул командирасул кабинеталъуве.

– Лъица витIарав мун гьеб цIогь гьабизе, щив дур командир? – ян абун хъачIго цIехана командирас.

– Эбел йиго дир унтун. Нужеца киналго кванил нигIматалги рахъун ун, гьейги гьитIинай яцги ракъун холел руго. Нужер солдатас рагIи кьун букIана дие, дица гьесие кьурал эбел-инсул рукIарал гIарцул сагIтихъгти, меседил баргъичалъухъги, кIилкIазухъги, курхьеналъухъги ункъого чадил чурек кьезе. Гьес гуккиялъ тIамуна дун цIогьодизе. Господин, командир, ТIадегIанасе гIоло, ракъун холел ругел дир эбел ва яцалъе гьабе кумек, – ян ракI гурхIиледухъ гьарана дица гьесда.

– Гьерсихъан! БагIаразул жасус! – янги ахIдолаго, офицерас дир кIалдиб кьабураб хъаталъ, хьарщи ккураб чIарбида тIивитIана дун. Вакъиялъ рухI дагьлъараб дир къаркъала тIаде кIудияб раччи ккараб гIадин, гIунун хутIун букIана, кIалдисан, магIарзухъан чвахараб биялда тIад. Гьедин, кьабунги хIалтIизавунги сордо-къоялъе рухI хвасарлъизе лъимги чадил мочIоги кьун, 12 къо бана дица гьезул штабалда гъоркь бугеб бецIаб, цIорораб подвалалъуб. Эбелги яцги рихьизе бугеб гъира-шавкъалъги, гьезие чед босун ине цого-цо бугеб мурадалъги, дир рухI дагьлъараб къаркъалаялъе ТIадегIанас къуват кьечIеб ани, дун гьенив хунги ватилаан, дида цадахъ гьенир рукIарал, асирлъуде ккарал, лъукъун гIажизлъарал цогидалго гIадин.

13-абилеб къоялъ, багIараз кIудияб рагъги гьабун, станица хъахIаздаса эркен гьабуна. Туснахъалъуса хвасарлъаравго дица гьениб чед цIехана ва батараб чамго чурек лъоронибги лъун рокъове векерана.

Рукъалъул нуцIа жаниса рахан батана. КигIан буханиги, эбелилан ахIаданиги гьеб рагьичIо. Дир ракI, жаниб бакI гIоларого, кIетIезе лъугьана. Гордуялъул цIерги бекун жанахIалъуве лъугьиндал, дун цIорон хутIана… Бусада регаралъурго цоцазда къвалги бан хун ругоан эбелги яцги.

Станциялъулазул гьеб къоялъ гIемерал чагIи рукъана. ГIемерисел рукIана ракъун хварал гIиссинлъималги херал чагIиги.

…Асиразда гьоркьов дов дидаса хазина босарав михъич ватидал, гьев цIукIаясул виххи бихьизе анищ нужеда. Дун аскIове щваравго гьес дир хазина тIадбуссинабуна ва жакъаги дица гьел эбел-эмен ракIалдещвеялъе цIунун руго.

Гьелдаса хадуб ВатIаналъе гIоло гIетIги тIуна, биги тIуна, тIаде ккараб къо, вакъунги къечонги хIехьана… Ракълилаб гIумруялда, чед гIезабулел кьерилазулъеги лъугьун, агрономасул лъайги босун, чадица гIорцIараб гIумру гIадамазул букIиналъе гIоло, жакъа херлъараб къоялъги къохIехьон, гьелда тIад хIалтIулев вуго. Нужеца кваналеб чед столалде бачIинегIан, чам чияс гьелъие хъулухъ гьабулебали лъалищ нужеда? Векьарухъанас, хIалтIухъабаз, механизатораз, шоферзабаз, хъаравулзабаз, комбайнераз, элеваторщиказ, гьабигьаназ, чед бежулез, богогьабаз, ричарухъабаз ва гь.ц…

Араб ракIалде щун херасул гьурмаде пашманлъиялъул гIаламат рещтIана, беразда жаниб кунчIизе лъугьана магIил гарал. КIаркьадаса эхере магIил гарал гирун ине лъугьиндал, хIалтIуца согI гьарурал, рукIкIалабаз цIурал квераз гьел рацIцIунаго, абуна:

– Дир лъимал, нужеца нахъе рехараб гьагъаб чед дир эбелалъеги яцалъеги доб мехалда щун букIарабани, гьел чIаго хутIизеги бегьулаан. Чадил къимат гьабе, дир лъимал, гьеб нилъер гIумруги бечелъиги буго.

Ниж киналго харбихъги гIенеккун, пашманго гьесухъ ралагьун хутIана…

# Нилъер умумул

## НАХЪАКОЛОСА КIУДИЯВ ХIАЖИ

1967 соналъ, мединститутги лъугIун, дун витIана Унсоколове тохтурлъун хIалтIизе. ТIамуна терапевтлъун.

Цо къоялъ дун ахIана унтарасухъе. Гьев вугоан херав, ункъого соналде гIумру бахарав чи. Гьес дида гьикъана:

– Мун киса кколев? – абун.

– Нахъаколоса ккола, – ян жаваб кьуна дица.

– Дур эмен щив кколев?

Дица абуна:

– Дир эмен ккола речIчIухъан ХIажи, – илан.

– РечIчIухъан ХIаижл васищха мун кколев?

– У.

Гьев цIакъ вохана ва абуна:

– Дур эмен дида лъикI лъала. Дур эменги гIурусазул речIчIухъанги Хунзахъ гугарулеб мехалда, дун Хунзахъ вукIана.

– ГIурусазул речIчIухъанасда цIар щиб букIараб?

– Поддубный. Ниж хIинкъун рукIана дур эмен къезе гурилан. Поддубный вукIана борхатаб лагаялъул, гIебал гъуждузул, гъунка-гIусарав чи. Ва амма, дур инсуца гьев цо параялда жаниб гIодов речIчIана. Нижер рохалие гIорхъи букIинчIо…

Дир инсухъе гIемерал гьалбал рачIунаан. Гьез инсуда гьикъулаан гугари кин ккарабилан. Доб бергьенлъи кин босараб? Гьаб пуланаб бакIалда щиб ккарабилан.

Инсуца гьезие кинабго бицунаан. Дун кидаго инсул хьолбохъ гIодов чIун вукIунаан. Дида бицараб, рагIараб ракIалда чIолаан. Дида инсуца бицараб жакъаги кIочон гьечIо.

– Цебе заманалда Хунзахъ букIана магIарулазул тахшагьар. Нагагь Петербургалдаса хабар щвани, пуланав чи вачIине вугин Хунзахъе гугаризе ва нужерго речIчIухъан хIадур гьавеян, – гьеб мехалда ахIулаан дун.

Дир эбелалъул рахъалъан гIагарлъи букIана ГьоцIалъ. Гьеб ккола Таймазилал тухум. Гьезул тухумалъул гIадамал рукIунаан хунздерил бодул бетIерлъуда. ГьоцIалъа Таймазилал рачIунаан ва гьезда цадахъ эмен унаан ГьоцIалъе. Балаан гьениб моцIгIанасеб заман. ГьоцIдерица хьолаан цо лъикIаб бугъа. Гьелъул гьан, цIибил, гIеч, гени, цIулакьо кваназе гьабулаан инсуда. Дир инсуца абулаан жиндир цIайи букIанин 140-145 килоян.

Поддубныясул хIакъалъулъ инсуца гьадин бицана:

– Дун вукIана хундерил хьалаялъул кIиабилеб тIалаялда. Хунздерица дида абуна, вилълъа мунгун речIчIизе вугев гIурусав вихьизеян. Дун вахъана хьаладул рагьтIе. Дида вихьана борхатаб лагаялъул залимав чи. Гьесда тIад ретIун букIана черкеска, бетIералда букIана магIарулазул чIегIераб тIагъур, рачлихъ бан букIана гIарцул ханжар. Цебе, речIчIиялъул рукIана батIиял



**9 Маялъул байрам КIудияв**
**ХIажи Шамил имамасул къурди гьабулев**

къагIидаби. Масала, речIчIулаго цонигиясул квер тарун, гIодоб хъвани, гьеб къейлъун рикIкIунеб букIана. Дида данде речIчIизе вугев чи вихьараб мехалъ, дида ракIалде ккана: «Аллагь, гIодоб кверги чIван, къезегIаги къелародай дун» – илан. РечIчIулел рукIана бергьинегIан яги къезегIан, чIезабураб заман букIинчIо гьениб…

Дир эменгун речIчIизе вачIарав Иван Поддубный вукIун вуго лъабго нухалъ дунялалдаго бергьенлъи босарав речIчIухъан. РечIчIизе рачун руго Хунзахъ «ТIалтIа» абулеб бакIалде. Гьенире данделъун РукIун Руго хунздерил сверухълъиялъул гIадамал. Гьабун буго кIудияб горсвери. Сверуде вахъун вуго дир эмен ХIажи ва Иван Поддубный. Инсуца бицана гьадин:

– Дун гIагарлъана Поддубныясда асIовегIан ва бугеб къуваталъ кьабгIана гьесул гIиндахъана хъат. Поддубный хъахIлъана ва сородана. ТIад хурхун, дица гьев гIодов лъуна. Халкъалъул рохалие гIорхъи букIинчIо, гьез эхеде рехулел рукIана тIагърал…

Инсуца бицунаан хъахIилаб суртIагъур гIарцул цIезабунилан гьенир рукIараз.

Дир эмен вукIана бечедав чи. Гьесул букIана гIемераб бекьулеб ва бецулеб ракь. Инсуца гIарац босун гьечIо. Хунздерил жамагIаталъе баркалаги кьун, гIарац щивасухъе тIадбуссинабун буго.

Дир эмен Хунзахъ речIчIизе вахъине гьавулаан Хунзахъа ХIажи абун. ТIелкьадерил жамагIаталъ хьихьун вукIун вуго цо кIудияб лагаялъул чи. Дир инсуда данде речIчIизе вачун вачIун вуго Хунзахъе «Тобот» абулеб бакIалде. Гьев вукIун вуго цIакъ къуватав чи. Гьесда цIарги букIун буго Гъванк.

Гьесда кIолаанила тирулеб бугеб гьобо кIиябго квералъ ккун, тIаса босизе. РечIчIизе вачIунеб мехалъ Гъванкил гарбида бан букIанила биццатаб маххул рахас. Гьеб рахас ккун букIанила анлъго чияс. ВачIунаго гьев бубудулаанила, гIодоб хъат кьабгIун, ракь босун, эхеде рехулаанила.

ТIелкьал цIакъ рази рукIанила Гъванкидаса. Гъванк къезе гьечIилан ракIалдаги букIанила. Гъванкил гарбидаса рахсал рахъанила ва гьев сверутIе вахъанила. Хадуб хунздерица дир эменги вачанила сверутIе.

Гъванк, бугъа гIадин, дир инсутIе вортун вачIанила. Дир инсуца Гъванк кодове восанила ва гIодов кьабгIанила.

Хунздерица тIагърал эхеде реханила. ТIелкьадерица хунжрул къватIире рахъанила. Хунздерицаги хунжрул цIан къватIире рахъанила, ХIажида сверухъ чIанила. Дибирзаби кIалъанила, маслихIат гьабунила. Гарбидаса рахсалги рахъун, Гъванк ТIелекье вачун анила.

Унсоколо районалъул ХъахIабросдал жамагIаталъ хьихьун вукIун вуго цо чи Нахъаколоса ХIажигун речIчIизе. Гьев хьихьун вуго балъго. Лъидаго лъазе ва рагIизе течIого. Гьединлъидал, дир инсуда гьеб лъалеб букIун гьечIо.

Дир эбелалъул гIагарлъи букIана ХъахIабросулъ. Эмен гьениве хьвадулев вукIун вуго, гьеб росулъ йикIун йиго дир инсуе йокьулей гIаданги. ХъахIабросдада аскIоб буго Бекьилъ абулеб росу. Гьеб росулъ букIана цо тухум, тIалъиялда цIар араб. Гьеб тухум ккола – ХIасанилал. ХIасан вукIана гIурус пачаясул полковник. Гьеб тухумалъул, ай ХIасанил яс кколаан ХъахIабросулъа МахIмудил йокьулей. Дида лъала ХъахIабросулъа МахIмудие йокьулей йикIарай Муил вас ХIасан. Гьев Муил ХIасанил квегIаб кверальул ункъго килищ хIалтIулароан, росулъ ккараб рагъулъ гIахьаллъун, ханжар щун, лъукъун рукIун руго. Амма гьев вукIана цIакъав хьитазул устар. ГIемер нижехье вачIунаан. Дие, гьитIинав чиясе, гьес гьаруна гуржимачуял. Дир эбелалъе, яцазе гьарулаан черекал. Муил ХIасан нижерго хъизамалъул чилъун лъугьун вукIана. Лъукъараб квегIаб кверальул кIудияб килищ гьесул хIалтIулаан. Цо нухалъ гьес кисиниса босана цо гъурущ, ккуна квегIаб кверальул килщцик ва абуна, дуда бахъизе кIвани, гьаб гъурущ дур бугилан.

Гьеб букIана махсаро. Дица туркIун гъурущ бахъана. Муил ХIасан велъанхъана, лъикI буго-лъикI бугоян абуна.

Дица гьаб бицунеб буго Бекьилъа ХIасанилал нижер гIадамал рукIин бичIчIиялъе. ХъахIабросдал жамагIаталда гьеб лъалеб букIана. Гьединлъидал, бекьдеридасан дир инсутIе хабар щвезе гурин, балъго хьихьана жидерго речIчIухъан.

Цо пуланаб къоялъ ХъахIабросдаца витIун вачIун вуго чи ХIасанилазухъе ва абун буго, нижер речIчIухъан вуго ХIажигун речIчIизеян.

Бекьилъа ХIасанилаз абун буго, бекьдерил магIарде ваче нужер речIчIухъан, нижеца ХIажиги вачинилан.

Хабар тIибитIун буго кIиябго росулъ ХъахIабросдаца балъго ХIажигун речIчIизе чи хьихьун вукIун вугилан. БакIарун буго гIалам бекьдерил магIарде. ХъахIабросулъез вачун вачIун вуго жидерго речIчIухъан, Бекьилъа ХIасанилаз вачун вуго дир эмен ХIажи. БукIанила кIудияб горсвери. Вачанила горсверутIе ХъахIабросулъев. Гьев вукIанила къокъаб лагаялъул, гIебал гъуждузул, чIахIиял хIатIазул, биццатаб габуралъул чи. Габуралдасаги риццатал гъуждулги рукIун руго. Инсуца абуна балагьараб мехалъ гьев жинда жанаваралда релълъун вихьанилан. Эмен речIчIухъанасде гIагарлъула, батараб къуваталъ кваранаб гIинда нахъа хъат кьабула. Гьев гIодове вортун уна. Дир эменги бергьуна.

Хунзахъе витIун вачIуна Иван Поддубныяс Сали-Сулейман. Иван Поддубный къуна дир эмен Нахъаколоса ХIажидаса. Гьеб букIана Поддубныясул гIумруялда тIоцебесеб ва тIарамагъадисеб къей. Поддубныясе захIмалъана дир инсукьа жив къей. Сали-Сулейман кколаан

Иван Поддубныясул ученик. Поддубныяс вачуна Темир-Хан-Шурав гIумру гьабулев вукIарав гьев, бащдав магIарулав, бащдав лъарагIав Питералде. Гьев лъикIго, тIадчIун хIадурана. Сали-Сулейманида халкъалъ абулаан «Мамаян». Гьесул цIар тIибитIана халкъалда гьоркьоб. Гьев къей жинда лъачIев речIчIухъан вукIана, гIага-шагарго, дир эмен ХIажил гIелалъул чи.

ВачIуна Сали-Сулейман Хунзахъе. Гьев вачIиналде ГьоцIалъеги вачун, хIадурула дир эмен. Цо пуланаб къоялъ «ТIалтIа» абулеб бакIалде рачуна гьел кIиялго. БукIуна данделъун хунздерил тIалъиялъулго халкъ. Гьабула кIудияб горсвери. Гьениб Сали-Сулейманица бихьизабула жиндирго къуват. Анкьго чияс сверутIе босун бачIуна цо залимаб къоно. Сали-Сулейманица гьабула кьо, гьесул каранда тIад лъола гьеб къоно. Дир эмен тIамула гьеб бекизе. БачIуна босун цо кIудияб гьецIокъ. Кьола гьеб дир инсухъе. Гьес къабгIула гьецIокъ къоноялъул бакьулъ ва къоно бекун уна кIийиде. Гьеб бащалъиги лъола Сали-Сулейманил карантIа. КъабгIула ХIажица гьецIокъ. Къоно бекула нахъеги кIийиде.

Гьелдаса хадуб Сали-Сулейман тIадвуссуна Питералде, дир эмен рокъове – Нахъаколове.

Дир инсул букIана бекерухъан. Кьили, магьдидарай-нахъарай букIана гIарац бекьараб. Чол кьолода нахъа букIунаан лъикIаб буртина ва дир эбелалъ гьарурал, берцинго къачIарал хулжал.

Дир эбелалъ абулаан, инсуца хъизаналдаса батIаго, речIчIухъан хIисабалда, щибго жо кваначIилан. Дир инсул эбел Малачил ПатIиматги йикIун йиго кIиго метраялъул борхалъи бугеб къаркъалаялъул гIадан, къуватги букIун буго халкъ бахилаб.

Инсуца абулаан, жинца эбелалъул керен хаханила лъабго соналъ. Жинда лъалила, вахъунги чIун, эбелалъул керен хахулеб заман. Гьелъул магIна буго, дир инсул, лъабго соналъул гIумруялда вугев чиясул лъикIаб лага–черх букIин. Гьесул инсул эмен вукIана гьоркьохъеб лага-черхалъул чи. Дида лъалеб мехалъцин гьесул букIана биццатаб габур ва риццатал гъуждул. Гьев вукIана хIалтIи бокьулев чи. Нижер хъизан букIана цIакъ хIалтIи бокьулел гIадамал. Дида дир эбел тIатIала квералги лъун гIодой чIун йихьичIо киданиги. Дир кIудияв вац Зайнудин вукIана цIакъго инсуе хирияв. Зайнудиница анцIила щуго сон байдал, инсуца гьесие гьабуна анцIила щуго ретIел, ахадаса бахъараб бетIералде щвезегIан. Зайнудиние бертин гьабилелде босана лъабнусго нагIлик ва гъадаро, лъабнусго гъуд-гIучIги. Гьев вукIана эркенаб гугариялъул рахъалъ Северияб Кавказалъул чемпион. Заочно цIалун, тIокIлъигун лъугIизабуна МахIачхъалаялда университет, математикаялъул отделение. ХIалтIана школалда учительлъун, хадув директорлъунги.

Дир вац Зайнудинги цIар рагIарав магIарулазул шагIир ГIумар-ХIажи Шахтамановги рукIана лъикIал гьудулзаби. Дир эмен ХIажи ва ГIумар-ХIажил эмен божарал гьалбал рукIана. ГIумар-ХIажи Шахтаманов вачIун вукIана дир инсухъе щвезе ХъахIабросулъе. Инсуца бицараб-тараб гьес хъвана ва къватIибе биччана «Дир пандур» абураб тIехь.

Дица гьаниб цебехун абуна, нижехъе гIемерал гьалбал рачIунаанилан. Дун вукIана хъизаналда жанив бищунго гьитIинав. Гьалбадерица дида гьикъулаан щивлъун мун вахъине вугевилан. Дица жаваб кьолаан; «Дун тохтурлъун вукIине вуго» абун.

Тахшагьаралда лъугьана цIализе мединституталде, цадахъго бачана спортги. ВукIана институталъул тIасабищараб спорталъулаб командаялдаги. Гьенив дир тренерлъун вукIана цIар рагIарав гугарухъан ГIали ГIалиев, Данияловасул вас МитIхIат, Хьаргаби районалдаса МахIмудов Камил. РечIчIана Шахмурадовгун. Мединституталъул командаялъ эркенаб гугариялъул къецазда шагьаралда кидаго кколаан кIиабилеб бакI.

Тарихалда лъала Нахъаколоса Сурхайил цIар. Гьев вукIана нижер тухумалъул чи.

РакIалде щвезабилин цоги лъугьа-бахъин.

Унсоколо тохтурлъун хIалтIулелъул, щвана МахIачхъалаялде. Дун кидаго чIолаан «Дагъистан» гостиницаялда ва букIунаан дирго номерги. Гостиницаялъул кваранаб рахъалъул тIоцебесеб тIалаялда букIана ресторан. Дида цадахъ вукIана ЦIатIанихъа колхозалъул председатель Шихша. Ниж рилълъана рестораналде, чIана гIодор. Циндаго сверухъ цо щурщуди бахъана, рагIана абулеб Сали-Сулейманил цIар. Ралагьана нуцIихъехун. Жаниве лъугьун вачIана цо чи. Гьев вукIана гьоркьохъеб черхалъул, цIакъго гъуждулъаги гIебав. Гьесда цадахъ йикIана чIужугIаданги. Гьей хIалакъай гIадан йикIана. Балагьараб мехалъ гьей Сали-Сулейманил къвалакьецин щолей йикIинчIо.

Дица официантка аскIоегIан ахIана ва гьикъана щив гьевилан. Гьелъ жаваб кьуна Сали-Сулейман вугилан. Дица абуна цо гIаракъидал шишаги шоколодалъул плиткаги лъейин гьесул столалда нижер рахъалъан. Гьелъ гьедин гьабуна. Сали-Сулейманица гьикъана лъица гьеб гьабурабилан. Официанткаялъ дун вихьизавуна. Дун гьесда аскIове ана. Гьесул кверги бачун абуна:

– Мун Хунзахъе щивгунречIчIизе вачIун вукIарав?

– Гьев вукIана ХIажи, – ян жаваб кьуна гьес.

– Дун вуго гьесул вас, – ан дицаги абуна.

Сали-Сулейман цIакъ вохана, цинги гьес абуна:

– Дун витIун вукIана дур инсухъе гьев Питералде вачине. Гьев разилъана, амма хунзги гьоцIалъелги разилъичIо.

Хадуб гьес абуна дида, жив Буйнакск шагьаралда вугин ва жиндихъе гьоболлъухъ вачIаян. Гьоркьоб заман арабго щвана дун гьесухъе, амма гьев ватичIо, дида бицана гьев Азербайджаналде гочун анилан.

1969 абилеб соналъ дун витIана Азербайджаналде, тохтурзабазул махщел цIубазабулеб институталде цIализе. Гьабуна гьениб гьесул цIех-рех. Дида бицана гьев хванилан.

Дир инсуца бергьенлъаби росана дица церехун рехсохъе. Гьелдаса хадуб дир эменгун речIчIизе бокьарав чи вахъинчIо.

Абизе бегьула, Нахъаколоса ХIажи вукIанин кибго Дагъистаналда цIар рагIарав речIчIухъанилан. Дагъистаналда гуребги, дир инсул цIар щун буго Питералде. Гьединлъидал вачIана Иван Поддубный Дагъистаналдеги.

***ХIажил ХIАЙДАР,***
***Унсоколо район, Нахъколо росу, тохтур.***

# ЦӀалдолезул пикраби

## РАГIИ БЕЧЕДАВ ШАГIИРГИ МАГIНА БЕРЦИНАВ ИНСАНГИ

Цебего дир ният букIана магIарулазул машгьурав шагIир МахIмуд-Апандил поэзиялъул хаслъиялъул дидаго бихьухъе, бичIчIухъе хъвазе. Гьев ккола шигIриябги, харбилабги, рухIиябги къоло щугониги тIехьалъул автор. Гьев вуго жиндирго гIамал-хасиятги жинца хъвалебги данде кколев шагIир. Жиндиего рекIее асар гьабураб гурони МахIмуд-Апандица кагътиде босуларо. ЛъикIаб асар гьабуна дие МахIмуд-Апандил «УнкъбокIонал чIимхал» абураб къокъал кучIдузул тIехь цIалидал. Дунго гIелмияв хIалтIухъан гьечIониги, дир пикру ккана гьеб мажмугIалъе тематикаялда рекъон къимат кьезе. ТIехь цIалулаго дида халлъана, поэтасул гьел къокъал шигIрабазулъ загьир гьарун руго аслияб къагIидаялъ исламалда хурхарал, Аллагь лъай тIалаб гьабулел пикраби. Гьел руго жидер багьа киданиги холарел, наслабазе нахъе толел, бищунго къиматал жавгьарал – абадияб тема. Гьеб ккола – инсанасул гIумру, ритIухълъи, херлъи-хвел, рагъ-рекъел, рокьи-балай, яхI-намус, бахIарчилъи-гьунар, лъикIлъи-квешлъи, бечелъи-мискинлъи, адаб-хIурмат, дунялги динги ва цогидалги. ШагIирасда кIолеб буго цIалдолев жиндир рагIухъ, жиндир каламалъухъ урхъун вугеб гIадин хъвазе. Хъванщинал ункъмухъилал жугьаби руго чIагоял, пикру буго бацIцIадаб, магIна буго гъваридаб, ракIал чIаго гьарулеб. Дица гьев цеве чIезавула, щибаб гамачI бекIкIун, куцун, лъолеб бакIалда лъезе лъалев устарлъун. Гьесул буго Аллагьас кьураб пагьму-гьунарги, жиндиего хасиятаб, лъидаго релълъинчIеб къагIидаялъ киналъулго сипат гьабун бажарулеб махщелги, цIаларасул пикру бечед гьабулеб гIакъилаб хъвавул къагIидаги. РекIел гъварилъуда тIирщарал тIокIкIарал жугьабаздалъун гьес цIалдолезе бикьулеб буго рокьиги, ракьалда тIад кколебщиналъул ургъелги, гьелъул букIинеселда хурхун рахIатхвейги.




Заман анагIан, гIумру банагIан камиллъула инсанасул пикруги махщелги.

МахIмуд-Апандица кучIдул хъвазе байбихьана гьитIинго. Амма щаялиго, гьоркьоб заман бахъун лъугьана гьев тIубанго рекIеда бугеб кагътиде

босизе ва гьеб цIалдолезухъе кьезе. Дида ккола рокьи ккечIев чи вукIуневго ватиларин. МахIмуд-Апандица тIоцебе адабияталда жанибе чIолеб гали рокьул кечIги хъван байбихьун бугин ккола. БукIун батила гьелъие хасаб гIиллаги.

Рокьул шигIраби рукIа, философияб пикруялъул назмаби рукIа, поэтасул асаразул аслияб магIна бачIуна рокьиялде – гIащикъай лъадудеги, лъикIал гIадамаздеги, гIагараб халкъалдеги, хирияб ракьалдеги. Гьеб бихьулеб буго гьесул ункъмухъилал жугьаби цIалулелъул. Дица гьаниб рехсон тела диего рекIее асар гьабуразул цо-цоял:

**Дие къад бакълъизе, къаси моцIлъизе,**
**ЦIадалаб къоялда нурлъун рещтIине**
**Рокьул бика кьурав БетIергьанасе**
**ТIад лъечIебги бала дица рекIел как.**

Яги:
**Дир бадиб хулараб пашманлъиялъухъ**
**Урхъун ялагьизе лъай дуда, гьудул.**
**Гьадингоги дагьал талихIал къоял**
**Къварид гьаризе мун лъугьунге, дарман.**

Гьал жугьабаз асар гьабичIев чиго хутIиларин ккана, балагьеха нужго:

**Гьедула, хирияй, лъимер гIадин, дун,**
**Дунял бихьанилан дудаса чIухIун, –**
**ЧIумаллъун гьечIищ нилъ гьаб гIумруялда,**
**ГIажаибго берцин цо куналда ран.**

**ЦохIо гьари буго, гьудул, дудехун:**
**Дун цеве хванани, хадуй гIодуге, –**
**ГIарас майданалде мун ячIинегIан,**
**Алжан дуе цIунун кIалтIа чIела дун.**

Бихьулеб буго, МахIмуд-Апандие рокьи лъугьунеб буго, лъимерлъудасанго, гIолохъанаб мехалъго ирсалъе щвараблъун.

Гьунар бугев шагIирас къокъал, писахIал мухьазулъ лъола жив жанив вугеб гIасруялъул, чиясул гIамал-хасияталъул, дунялалда кколел хиса-басиязул сурат. Жакъа камулел гьечIо заман какулел, гIумру гIуцIизе жидер гьунарги, жигарги, гIакълуги гIечIел гIадамал. Гьединазде вуссун шагIирас абулеб буго:

**Абула замана хисун бугилан,**
**Гуро, инсан вуго живго жагъаллъун.**
**Абула дуниял херлъун бугилан,**
**Гуро, гIумру буго жакъа хараблъун.**

Яги:
**Цо–цоял дандчIвала гьаб гIумруялда,**
**ГIумру жидеего къварид гьабулел.**
**Къарз лъикIан гьезие рекIел канлъидал,**
**Дунял абадияб гьечIеблъи лъазе.**

Биххараб пачалихъги, гьечIеб гIадлуги, щущан араб улкаги, гIадамазе гьечIеб рекIее парахалъиги бихьизабизе шагIирасда ратун руго цIакъ данде кколел, киназего рекIее асар гьабулел жугьаби:

**Жинда цIа рекIаяб цIи гьабун гIуцIи,**
**ГIадамазул рекIел рахIат бикъараб.**

**Жагьандаманалде ккаяб гьаб гIадлу,**
**ГIадилаб замана кIочене тараб.**

Яги:
**ЦIи гьабун гIуцIулез «эркенлъиги» кьун,**
**Копоего гIадин бикьана улка.**
**Кьвагьи къотIиларо къойил рагIулеб,**
**МагIу лъугIиларо, лъим гIадин тIолеб.**

ТIокIабги берцинго, камилго кинха хъвалеб?

Вацасе вац рихараб, мадугьаласда гьоркьобги гIиси-бикъинаб жо сабаблъун ракI холеб, цоцазул рекIелъ хинлъи гьечIеб гIумруялъул сипат рагьулеб буго МахIмуд-Апандица гьадинал рагIабаздалъун:

**РикIкIадегIан вугев вацасдасаги**
**Цевесев чи гурищ мадугьал кколев?**
**Щайха мадугьаллъи цоцалъ рекъечIеб,**
**Къацанди гIемераб заман бачIараб?**

ГIемеррахъазулаб МахIмуд-Апандил поэзиялда хассаб бакI ккола бахIарчияб тарихалъги, бахIарчилъиялъулги, багьадурлъиялъулги цIар тарал къадруял гIадамазул рехсон хъварал жугьабаз. Дагъистаналда Шамилил хIакъалъулъ кечI хъвачIев шагIир ватиларо. МахIмуд-Апандицаги жиндиего хасиятаб шигIрияб мацIалъ хъвалеб буго бахIарчиял рагъул церехъабазул Шамилилги ХIажимурадилги, гьезул хвелгьечIеб цIаралъулги:

**БахIарчилъи гIуна имам Шамилил,**
**МагIаруласул цIар цIвабзазулъ лъезе.**
**Лъикьаго хIинкъичIо хIакъав бахIарчи,**
**ХIабибас малъухъе, ислам цIунизе.**

ХIажимурадил къвакIиялъулги, хIинкъи гьечIолъиялъулги бицунеб буго шагIирас:

**Рагъда ракI хIеккинчIев хIакъав багьадур**
**ХIажимурадил цIар лъида рагIичIеб?!**
**РагIун хадуса цIар кIочон толаро,**
**КIудиял гьунарал гьарун тарасул.**

ТIехьалда цIикIкIараб бакI кколеб буго динияб темаялъги. Хасго гьеб бихьуула авторасул «УнкъбокIонал чIимхал» тIехьалъул ахирисеб «Дунялги

динги» абураб бетIералда гъоркь хъварал ункъмухъилал къокъал кучIдузулъ. Мисалалъе босани:

**АхIулеб какалъул камиллъи лъачIев,**
**Лъеладай Аллагьас алжаналда мун.**
**Щолелъул гурони мацI бичIчIуларев,**
**ЧIеладай дудаги баракаталъул нур.**
Яги:
**Араб къо буссинищ, щвараб къо чIелищ,**
**Къойил гьабичIесул парз тIубалебищ.**
**ТIадвуссун хварав чи вачIун рагIанищ,**
**Метералде тезе налъи бегьилищ?**

Жакъа исламияб диналъе эркенлъи щвараб заманалда, эркенаб жиндирго пикру пасихIаб шигIрияб мацIалда загьир гьабун хъвазе бажарулев шагIир МахIмуд-Апанди магIарулазе вукIин кIудияб бечелъилъун рикIкIуна дица. Исламалде жиндирго бугеб рокьиги, гIумруялда гьабунщиналъул ахир, Аллагьасухъе вуссунеблъиги букIин бичIчIизабулеб буго шагIирас гьал кочIол мухъазда:

**Бокьула ракI-ракIалъ дие гьаб ислам,**
**Аварагас нилъей ирсалъе тараб.**
**Дирго куркьбал дица кин хьвагIаниги,**
**Бичасул сверуде буго дир сапар.**

Аллагьасде вуссун тавбу гьабурасе бугеб хвасарлъиги, гьабураб тавбуялъе хилиплъи бегьунгутIиги бичIчIизабулеб буго шагIирас:

**Астагъфируллагьан тавбуги гьабун,**
**Таралде вуссани, басралъула чи,**
**Жиндир тавбуги ккун, таризе чIечIев,**
**Тохлъи букIаравги кIодолъула чи.**

Яги:
**ГьитIинаб мунагьги кIодолъун бихьун,**
**КIудияб тавбугун ина лъикIав чи.**
**КIудияб хIакъалде къоноги рахан,**
**РекIелъ гъизги бахчун хвела квешав чи.**

Дир пикруялда «УкъбокIонал чIимхал» тIехьалъул аслияб рахълъун бихьула дагьал рагIабазулъ гIемераб магIна букIин, инсанасда гIумруялда жаниб щибаб къоялъ дандчIвалел суалазде кIвар буссинаби, гьезие жавабал ралагьизе хIалбихьи гьаби.

ЦIакъго гъираялда цIализе ва пикру гьабизе инсан тIамулевлъун батана дида «УкъбокIонал чIимхал» абун цIар тараб тIехь. Байбихьудаса ахиралде щвезегIан гьеб тIехь цIалулаго дида бичIчIана шагIирасул поэзия гIумруялде, инсанасул цоцаде бугеб рокьиялде, Аллагь, авараг (с.т.гI.в.) хиралъиялда бухьинабураб букIин.

БотІролъе рачІанщинал пикраби гъваридал, инсанасе пайдаял, тІокІкІараб шигІруялде, магІанаялде сверизабизе махщел гІунги тІокІаб буго МахІмуд-Апандил. ГІураб машгъурлъи щвана гьесул ункъмухъилал къокъал кучІдуздасан гІуцІараб «УнкъбокІонал чІимхал» абураб тІехьалъе.

Цоги жоялъул бицинего ккеларо, гьеб тІехьалъе живго тІарикъаталъул кІудияс ЧІикІаса СагІид-Афандицацин къимат кьун бугеб мехалъ. «Назмаби» абураб гьесул тІехьалдаса дица ункъго мухъ рехсон тела:

**Щвараб гІор гІадинаб гьаб дур пагьмуялъ**
**Поэт вукІиналъе нугІлъи гьабула.**
**ПасихІлъиялъулаб тІокІаб гьунаралъ**
**ТІад Инхоса шагІир ракІалде щвана.**

Исламалъул байрахъ борхатго ккурав шагІир абураб тІадегІанаб цІаралъе мустахІикълъана МахІмуд-Апанди, исламалъул бичІчІи бугезда ва магІарул адабият бокьулезда гьоркьов.

МахІмуд-Апанди вуго гІаданлъиялъ тІадегІанлъарав, гІадатлъиялъ кІодолъарав, магІарул халкъалда машгъурлъарав шагІир.

Унго–унгояв шагІир-хъвадарухъан хІисабалда гьев кидаго ритІухъавлъун хутІана жинцаго тІасабищараб шигІрияб ва захІматаб гІумрудул нухалъе. Гьев кидаго хІинкъичІо гІумруялъул захІмалъабаздаса, къуркьичІо жиндирго къисматалъе. ШагІирасул махщел буго пасихІго, рекІее асар гьабуледухъ рагьизе инсанасул гІумруялда кколелщинал лъугьа-бахъинал. Гьесул аслияб темалъун буго кинаб асар хъвалеб бугониги, инсан сундего кантІизави, гьесул Аллагьасдехун рекІел цІайи букІин, яхІ-намусалда гІумру гІуцІи бихьизаби. МахІмуд-Апанди вуго ракІ рагьарав, абуралъухъ, бицунелъухъ гІенеккизе лъалев, кколеб бакІалда хІакъаб рагІи абун бажарулев шагІир. Гьев лъугьинчІо шапакъатаздаги цІараздаги хадув, амма магІарул адабият бокьулез гьесда халкъияв шагІирин абула. Гьев гьелъие мустахІикъавги вуго. Дица дунго талихІав чилъун рикІкІуна, Аллагьасе реццги гьабула, дие рес щвеялъухъ МахІмуд-Апандил гьалмагълъун вукІинеги гьесул асаразулгун лъай-хъвай гьабизеги рес щвеялъги. ЛъикІаб босизе¸ квешаб тезе гІадан кантІизави гуребги, «УнкъбокІонал чІимхал» тІехь цІаларасул рекІелъ иман щулалъизе, исламияб диналде рокьи цІикІкІине букІиналда дир щаклъи гьечІо. Диналъул вацасе, МахІмуд-Апандие гІадан кантІизавулел исламиял асаралги хъван хаду-хадубги нилъ – бусурбаби рохизаризе халатаб гІумруги, щулияб сахлъиги, икъбалги, тавпикъги кьегиян гьарила нилъеца.

Жиндирго сахлъиялда, чорхол хІалалда барахщичІого, МахІмуд-Апанди жакъаги хІаракаталда хІалтІулев вуго. Божизе бегьула хадубккунги гьесул къимат тІокІал асараз магІарул адабият бокьулелщинал рохизаризе рукІиналда.

***Низамудин ГЪАЗИЕВ, мугІалим, Россиялъул***
***Лъай кьеялъул мустахІикъав хІалтІухъан, Дагъистан***
***республикаялъул Лъай кьеялъул отличник.***
***ЦІолода росу.***

# ГІакълуялъул дандерижи

## ЧЕДГИ МУСРАЛГИ

ВачІанила цо гІакъиласухъе мискинчи ва гьес абунила:

– Дир хъизанги кІодолъун буго, лъималазул рукъги цІун буго, гьезие кваназе, ретІизе жоги чІезабизе кІолеб гьечІо. Щибдай дица гьабун лъикІан дагьа-макъабниги рукъалда рухІ речІчІизабиялъе, гьаб язихълъи тІаса иналъе.

– Дуца, гьудулавчи¸ я бежун чед биче, яги рукъун мусрал риче. Гьезул цояб гурони цояб гьабуни, дуе кумек ккезе бегьула, – ян абунила гІакъилас.

– Гьелъ щиб кьелеб?

– Щибха кьелеб, чІаго ругезул чед кваналаревги, хвел ккедал гьесие мусру босуларевги чи вукІунаро. Гьеб кІиялъулго даран ккечІого букІунаро, – ян лъугІизабунила гІакъилас жиндирго калам.

## ХАНГИ, ВАЗИРЗАБИГИ, ХЕРАВГИ

Сапаралъ унев ханасдаги гьесул лъабго вазирасдаги хурив хІалтІулев ватанила цо херав чи.

Ханас абунила, дур магІарде гІазу бан бихьулин дидаян. МагІарде гуребги, гІодобегІанги бан буго гІазуян херасги абунила.

– Квен-тІехалъул иш кин дур бугеб? – абун гьикъанила ханас.

– Гьаналъ чед кунев вуго, – ян жаваб кьунила херас.

– Гьабулеб-толеб жо щибха букІунеб?

– Дицаго цебеккун къарзалъе кьун букІанщинаб бакІарулев вуго.

– Дица дуе лъабго кьарияб хъаз битІани, щиб дуца гьезда гьабилеб? – илан гьикъанила нахъеги ханас.

– ХІулила цо хІулицин гьезда тІад течІого, – ян букІанила гьеб суалалъеги жаваб.

ТІокІаб суал херасеги кьечІого, хан жиндирго нухда анила. Гьесда хадур рачІунел рукІанила вазирзабиги. Гьезул цонигиязда бичІчІичІила ханас кьурал суалазулги, гьесие херас кьурал жавабазулги магІна. Гьел ханасда рагІилаbooредухъ жидедаго гьоркьор щурщудилел рукІанила. Ахирги гьезул цояв вазирасда яхІ гьабизе кІвечІила, гьес ханасда абунила:

– Дудаги херасдаги гьоркьоб ккараб хабаралъул дида щибго магІна бичІчІичІоха, бетІерчІахъад, – илан.

– БичІчІичІилая? – абун гІажаиблъанила хан ва дов цояв кІиясдаго гьикъанила, – нужеда бичІчІарабищ? – илан.

Гьезулги жаваб гьадабго букІанила.

Ханасул цІакъ ццим бахъанила.

– Кинал вазирзабиха нуж рукІунел, нужеца дие кьезесеб гІакълуги щиб букІунеб, гьадаб гІадатияб гара-чІвариялъулцин магІна бичІчІуларел чагІаз, – илан абунила гьес. – Яги нужеца нижер гара-чІвариялъул магІна бицина, ялъуни жакъа къоялдаса нуж дир вазирзаби гуро.

Гьедин вазирзабаздаги абун хан цевехун анила. Вазирзабийин абуни гІакълу дандбазе лъугьинила. Амма кин ургъаниги жаваб батулеб букІинчІила.

ХIукму кканила херасухъе нахъруссине.

Гъесда аскIоре щведал вазирзабаз биканила ханасулгун ккараб гарачIвариялъулги гъес жалго рачахъиялъулги. Гъаранила ханасул суалазулги дурго жавабазулги магIна бицеян.

– Бицина, щай бицунареб, – ян абунила херас – Амма гъеб бицинелде нужеца дихъе кьезе ккола нужерго чуялги ретIелги.

ЦIакъ рекIее гIечIила вазирзабазе херасул шартI. Амма вазирлъиялдаса ханас рачахъани, жидер иш цIакъго квешаб бакIалде кколеблъиги бичIчIун разилъизе кканила. Кьунила гъез херасухъе чуялги ретIелги. Цинги абунила:

– Гъанже бицеха, херав.

– Гъанже бицинаха, – ян абунила херас. – Ханас абуна, дур магIарде гIазу бан бихьулилан. Гъелъул магIна букIана дур бетIер хъахIлъун бугин абураб. Дицаги жаваб кьуна магIарде гуребги гIодолъиялдеги бан бугилан. Гъеб ккола дир беразул канлъиги дагьлъун бугин абураб магIна.

Дос цIехана квен-тIехалъул иш кин бугебилан. Дицаги жаваб кьуна гьаналъ чед кваналев вугилан. Гъелъул магIна буго, дир гIусал-цаби хутIун гьечIелъул, дабзаз кваналин квенин абураб.

Нахъеги ханас гьикъана, гъабулеб–толеб жо щиб бугебилан. Дицаги жаваб кьуна цебеккун къарзалъе кьун букIараб бакIарулев вугин. Гъелъулги магIна ккола, ихдал бекьараб хур хасалихъе бакIарулев вугин абураб.

Хадубги, – ян абунила херас, – ханасул ахирисеб суал букIана кьарияб лъабго хъазалъул хIакъалъулъ. Гъел, цо хIули течIого, хIулизе дицаги рагIи кьун букIана. Гъеб рагIиги дица ккуна. Гъеле нуж лъабалго кинабгоги кодосаги ун, хIуларал хъазал гIадин дида цере чIун.

Гъедин вазирзабазул мурадги тIубазабун, херав жиндирго хурул хIалтIи гьабизе лъугьанила.

## КУЙГИ НАХУЛ БАЛОНГИ

Хурул гIорхъи сабаблъун кIиго чиясда гьоркьоб дагIба-рагIи кканила. Жидедаго гъеб суалги роцIинабизе кIвечIого, ахирги кканила гъел судалде ине. КIиясго бицунеб жоялъухъги гIенеккун, судияс абунила, къаси дун ургъилин нужер дагIба ккараб суалалда тIад, хIукмуги метер къотIилин.

МаркIачIул бер рукIкIараб гIужалда цояв дагIбадулев анила судиясул рокъове нахул балонги босун. Бажарараб кумек гьабилин судиясги абунила.

Сордо боголидаса араб мехалда дов цоявги вачIанила судиясухъе хIамагIанаб куйги бачун…

Хадусеб къоялъ букIанила суд. «Бергьанила» куялъул бетIергьан. Гъев нахъе ун хадуб, дандияв дагIбадулас судиясда абунила:

– Дуца жакъа цIакъ къадараб иш гьабуна, бихьулаго тIекъаб хIукмуги къотIун, – илан. – Дуда кигIанги лъикI бихьулеб букIана гьаб дагIба-рагIиялда жаниб дун витIарав вукIаравлъи.

Хадуб гьес судиясда доб нахул балонги ракIалде щвезабунила.

– Нахул балон, гьудулавчи, куйги багъун бекана, кинабго нахги гIодобе ана, – ян жаваб кьунилан судияс. – ЦIакъ гванзаб жо буго дир эб.

## ГIАКЪИЛАЙ ЛЪАДИ

РукIанила цIакъ цоцазул адаб ккурал рос–лъади. Рос къад хур-хералъул хIалтIабазде унаанила, чIужуялъин абуни, кун дургъулаанила, тIансаби-салмагал рессулаанила. Гъедин кIиялго хIалтIун, кIудияб бечелъи гьечIониги, рекъараб магIишатги данделъун букIанила гьезда. Амма киназго мисалалъе рехсолеб, киналго рухIдаллъулеб жо букIанила гьезул берцинаб гIумру,

цоцазулгун гӀамал рекъараб хьвада–чӀвади. Хасго гьеб рахъалъ цӀар ун букӀанила гьей гӀаданалъул.

БукӀанила гьебго бакӀалда цоги хъизан, кидаго дагӀба-рагӀи къотӀулареб, авал-къонноялъего жидер ахӀи-хӀуралъги рагъ-кьалалъги лазатбахъи гьабулеб.

Росасулгун дагӀба къотӀуларей гӀаданалдаги рагӀанила дой гӀакъилай гӀаданалъул хӀакъалъулъ гӀадамаз бицунеб. Гьелъул хӀукму кканила гьей гӀадан йихьизеги гьезул рокъоб киналго хӀайранаб рекъел букӀиналъе гӀилла лъазабизеги. Анила гьей цо къоялъ гьелъухъе.

Йигилаха гьадай гӀадан бухӀараб бакъукь гӀодойги чӀун кун дургъулей. АскӀоб лъун бугила гӀетӀараб лъим жаниб бугеб парччиги.

РагӀдукь гӀодойги чӀун бегьуларищ кун дургъизе, гьаб бухӀараб бакъукь йикӀинчӀогоян абунила гьоболалъ. ТӀадежоялъеги, гӀетӀараб гуреб, цӀорораб бегьуларищ гьадигӀан багӀарараб къоялъ лъим гьекъезеянги гӀажаиблъанила гьей.

– Дир рос хӀалтӀулев вуго хурив гьабго бухӀараб бакъукь, – ян абунила гьадай гӀаданалъ, – дида бичӀчӀизе ккеларищ кигӀанасеб багӀари гьес хӀехьолеб бугебали. Гьеб гуребги, доба ицц-лъар гьечӀелъул, гьес рокъосанго ана гьадинабго парччи цӀураб лъим. Гьебги цебего гӀетӀун батиларищ. Къечараб мехалда кигӀан тӀагӀам гьечӀеб лъим гьес гьекъолебалиги лъачӀого гӀелищ дида.

ГӀемер ботӀролъего биччачӀила гьоболалъ гьелъ абураб жо. Гьеб бичӀчӀанила рукъалъул хважаиналдаги.

– Дида рагӀана дур рос вугила цӀакъ лъикӀав, дур адаб-хӀурмат гьабулев, кутакалда мун йокьулев чи. Гьединавлъун дир росги лъугьинавизе кумек гьабиларищ дуца, мун гӀакъилай гӀадан йигилан рагӀана дида, – ян абунила нахъеги гьоболалъ. – Дир рос хӀехьон бажарилеб гӀамалалъул чи гьечӀо.

– Гьабила, щай гьабулареб, – ян жаваб кьунила рос лъикӀай гӀаданалъ. – Амма дур мурад тӀубазе ккани, дуца дихъе босун бачӀине кколаха гъалбацӀалъул лъабго рас.

Гьеб къоялдаса нахъе расал тӀезе гъалбацӀ балагьизе лъугьанила гьадай гӀадан. Ахир-къадги рагӀанила гьелда цо бечедав чияс хасаб бакӀалда хьихьун гӀезарулел ругин гӀалхул хӀайванал, гьезда гьоркьоб гъалбацӀги бугин…

Маххул чалиги цебе гьабун жиндирго рукӀниб бугеб гъалбацӀалда берчӀварабго, гьелдаса хӀинкъун, ракӀ къватӀибе кӀанцӀизе дагьаб хутӀанила гьелъул. Росасе жийго йокьизе бугеб анищ бергьун, гьеб хӀинкъи дагь-дагьккун рикӀкӀалъизе лъугьанила чӀужугӀаданалдаса. Гьей щибаб къойил кӀи-кӀи, лъаб-лъаб нухалъ ячӀунаанила гъалбацӀ кваназабизе. Гьелъие квенги лъимги кьолаго, берцинаб мацӀ бицун гьеб беэдизе хӀаракат бахъулаанила. Заман индал, гъалбацӀалда тӀад квер бахъизецин кӀванила гьелда. ГъалбацӀалдаги бичӀчӀулеб букӀанила гьей жиндие лъикӀлъи гурони гьабуларей гӀадан йикӀин. Гьединлъидал, чӀужугӀаданалъ тӀад квер бахъулелъул гьелъул щибго хӀал хисулароанила, мутӀигӀго къабул гьабулаанила гьелъул реэди. Гьедин квер бахъулаго, цо къоялъ гъалбацӀалъул михъидаса лъабго рас тӀезе рес щванила гьей гӀаданалъе.

Гьанже гьай гьел расалги росун дой гӀакъилай гӀаданалъухъе йилълъанила.

– Кин дуда кӀвараб гьедадигӀан ццидалаб гъалбацӀил михъидаса расал тӀезе? – илан гьикъанила гьелъ.

Бицанила гьай цоялъги расал тӀезе щвезегӀан гъалбацӀилгун жиндирго ккарабщиналъул, жинцаго гьеб беэдараб куцалъул.

– Гьеле гьеб гъалбацӀ гӀадин веэедун адаб-хӀурмат гьабе, яц, дуца

росасулги, – ян абунила дой гIаданалъ. – Гьеб мехалда йокьизе йиго мун гьесие, лъугьине вуго гьев дуе тIокIав вукIинаревгIан лъикIавги.

Гьеб къоялдаса нахъе гьей чIужуялъ гьадай гIакъилай гIаданалъ малъухъе гьабунила росасул тIалаб-агъаз. Гьевги цIакъ рази вукIанила лъадудаса. ЛъугIанила гьезул рокъоб дагIба-рагIиги, ракълилаб гIумруялъ хисанила авал-къоноялъего гьел чIалгIун рукIараб ахIи-хIурги.

## ГIАКЪЛУГИ, ГIЕЛМУГИ, ТАЛИХIГИ

ГIакълуги гIелмугин ТIалихIги рукIанила хабар-кIалалда, гьаб-добалъул бицунел. Циндаго гьезда гьоркьоб кканила дагIба. Щибалъ абулеб букIанила дунялалда жиб бищун хIажатабги бищун къуватабги бугилан. Цоцазе мукIурлъизе разилъуларого лъикIалан мех банила гьез гьедин дагIба-рагIиялда. Заман бахъанагIан гьеб къец боркьи гурони, цо пикруялде рачIинеги кIвечIого, гьезул хIукму кканила кинал жидер бищун хIажатабги къуватабгиялиги гIакъиласда гьикъизе.

– Мун, ТалихI, – ян абунила гIакъилас, – буго цIакъ хисардулеб, цо хIалккун чIолареб жо. БачIуна мун мех-мехалда кколелъубеги, кколарелъубеги. Вохизавула дуца гIадан-инсан, кватIичIого, гьевги рехун тун бахчун чIола. Гьесие рохелго гIадин рекIелбакъвайги гьабула. ГIакълуялъулгун гьудуллъи ккуни, мун дунялалда гIемер мехалъ хутIизе буго.

– Мун, ГIелму, – илан гьелдехун вуссанила гIакъил, – буго дунялалда цIакъ хIажатаб жо. Дуца инсаният цебетIезабиялъе гIемераб хIалтIи гьабула. Аммаха гIуцIарабго гIадин биххизеги гьабула дуца. ЛъикIлъиго гIадин квешлъиги буго дулъ. Дуеги лъикIаб букIинаан Гьудуллъи гьудуллъун ккуни. Гьеб мехалда дурги гIумру халалъилаан, халкъалъеги лъикIлъи гурони дудаса щвелароан.

– МунгIан божараб гьудул гIадамасул цоги гьечIо, – ян абунила гьес ГIакълуялда. – Аммаха инсанасул рахIат хвараб мехалъ, циндаго баккунги бачIун, гьебсагIатго тIагIуна мун, цциналъе гьесул рекIелъ бакIги эркен гьабун. ТIадги буссуна цциналъ жиндирго иш гьабун хадуб. ХIалбихьула гьесул гъалатI битIизабизе. Амма кидаго гуро дудаса гьеб бажарулеб. Дуца кидаго гIадамасул рекIелъ дурго бакI кколебани, ццин гьесухъе бачIинецин бачIинароан.

– Гьанже нуж лъабалго лъикI гIенекке дихъ, – ян абунила гIакъилас хIасил гьабулаго. – Мун, ГIакълу, букIа гIадан-инсанлъун. Мун, ГIелму, – чулъун, мунги, ТалихI, – цIалъун. Гьедин нуж лъабалго цоцалъ рекъон ругони, цоцалъ рекъон хIалтIани, дунялалда кинабго лъикI букIине буго.

## ГIАКЪИЛАЙ ЯС

ВукIанила цIакъ кIудияв цо цIогьор. Цо сордоялъ живго ханасул кIалгIабахъацин бикъун батанила гьес лъикIаланго жо. АхIуд рахъарал ханасул гIадамаз гIмер мехго инелде ккун вачун вачIанила цIогьор ва гьесие кинаб тамихI гьабилебали гIакълу данд базе ханас данде ахIанила вазирзаби. Гьенийго йикIанила ханасул ясги.

– Халкъги бакIарун бетIер къотIизе ккола цIогьорасул, – ян абунила кIудияв вазирас.

– Дуца щиб абилеб, дир яс? – илан гьикъанила ханас жиндирго ясалда.

– Гьес хIукму къотIулеб буго жиндаго лъалеб хIакъикъаталда борцун, – ян жаваб кьунила гьелъ.

– Халкъги бакIарун, кIудияб цIаги бакун, гьенив вухIизе ккола цIогьор, – ян абунила гьоркьохъев вазирас.

– Дуца щиб абилеб, дир яс? – ян гьикъанила гьанжеги инсуца ясалда.

– Гьесги хIукму къотIулеб буго жиндаго лъалеб къагIидаялъ, – илан абунила ясалъ гьаб нухалдаги.

Ахирги ханас гьитIинав вазирасдаги гьикъанила цIогьорасда щиб гьабун лъикIилан.

– ГIорцIизегIан кваназеги гьавизе ккола гьев, хIатIидаса бахъараб бетIералде щвезегIан ретIине лъикIаб ретIел-хьитги кьезе ккола гьесие. Гьеб гуребги, тIадеги месед-гIарацги кьун виччан тезе ккола цIогьор, – ян абунила гьитIинав вазирас. – Щиб лъалеб, гьедин дуца гьабуни, бетIерчIахъад, гьев чияс хадубккун гьеб гIамал тезеги бегьула.

Инсуца лъабабизеги ясалъеги кьунила добго суал, гьелъги гьадабго жаваб такрар гьабунила.

– Лъабавго вазирас батIи-батIияб хIукму къотIана цIогьорасе, – ян абунила ханас ясалда, – амма дуца лъабабго нухалда цого жо абуна. Гьелъул магIна щиб?

– КIудияв вазир, гьаниве духъе вачIинегIан гIи-боцIи хьолев чи вукIун ватизе ккола, – ян абунила ясалъ, – гьедин гуребани гьес цIогьорасул бетIер къотIизе кколин абилароан. Гьоркьохъев вазир бежун кирпич гьабулев чи вукIун ватилин тола дица. Гуребани, гьес  цIадаве рехун цIогьор вухIизе кколин кьелароан дуе гIакълу.  ГьитIинав вазирасулин абуни, рижиго лъикIаб, магIнаяб бихьула дида.

Хан ургъанила… Ахирги гьитIинав вазирас къотIараб хIукмуялда разилъанила. Гьес абухъе цIогьорасул ишги тIубанила. Гьев гьитIинав вазир аслияв вазирлъунги танила, гьесие жирдирго дой ясги кьун, дурцлъунги гьавунила ханас.

## ЛЪИМЕРЛЪУДАГО КУЦАНИ…

Цо росулъ гIумру гьабизе вачIанила гIакъилав, херав чи. Гьесие цIакъ рокьулаанила гIисинал лъимал ва гьезулгун накъиталда гIезегIан заманги тIамулаанила.

Гьединго гьес батIи-батIиял сайигъаталги кьун рохизарулаанила гьел лъимал. Амма кидаго херас лъималазе кьолел рукIун руго рекиялда хIинкъи бугел расанкIаби. КигIанго хIаракат бахъаниги, лъималазухъа гьел цIунун бажарулел рукIун гьечIо, хехго рекулел рукIун руго. Хадубги гьес жиндирго гIисинал гьудулзабазе гьединалго расанкIаби кьолаанила…

Лъималазул эбел-инсуца, яхIго гьабизе кIвечIого, херасда гьикъула: мун лъикIав чиги вугин, лъимал рохизаруралъухъ дуе кIудияб кириги букIинин, амма щайинха дуца гьезие гьединал, рекиялда хIинкъи бугел расанкIаби кьолелин.

Гьимулаго херас гьадинаб жаваб кьунила:

– Заманалдаса гьезие лъица букIаниги сайгъат гьабизе буго жидерго ракI. Гьединлъидал, гьабсагIат дица кьолел рекиялда хIинкъи бугел расанкIабаздалъун ругьунлъизе бегьула лъимал, ккараб къоялъ, дагьабги хIинкъи бугеб жо бекичIого цIунизе.

## ЦЦИДАЛАЙ ЛЪАДИГИ БИДУЛ ТУШМАНГИ

Цо чиясул йикIанила цIакъ лазат бахъарай, ццидалай чIужу. РакI бохараб къо толароанила гьесие гьей гIаданалъул гIамал мекълъиялъ.

Мадугьалихъ бугеб росулъ хвел ккун, гьениве зигараялъе унев вукIанила гьев чи цо къоялъ. Гьесул вукIанила бидул тушманги. Гьеле гьев ватанила гьадав чиясда гъоркьчIелги гьабун, гьев чIвазеян чIун. Тушманас гьесда абунила, духъ дида данде чIезе ярагъги бихьуларин, гьабсагIат дица мун чIвалин.

НахъвуссутIаги чIвазе бегьилин дуца дун, цин тIадаб налъи борхизе зигараялъе ине теян абунила гьев чияс. ЛъикI бугин, нахъвуссутIа чIвалин дица мун, айин дурго зигаралъеян танила гьев тушманасги.

Нахъвуссун вачIунагоги гьев чиясда жиндир бидул тушман добго бакIалда ватанила. Гьес абунила гьанже чIвалаха дица мунилан. ЧIвайха дургоян гьав цоясги абунила. Гьесул ургъел гьечIолъиялда, хвалидаса хIинкъунгутIиялда гIажаиблъанила гьадав чи ва гьелъие гIилла щибан гьикъанила.

– Дир чIужу йиго цIакъ магIна гьечIей, лазатбахъарай, ццидалай гIадан, – ян абунила гьес. – Кидаго дагIба-рагIиялда, ахIи-хIуралда йикIуна гьей. Цо лахIзатальги хIалалда толаро гьелъ дун. ЧIагого хабалъе лъугьиналде ккезавун вуго. Гьеб хIалалъ вукIинегIан, дуца чIван хвейго бигьаяб гьечIищ дие.

Ургъанила гьадав чи, бичIчIанила жиндир тушманасда бугеб захIматаб хIал. ХIисаб гьабунила, гьабсагIат дица чIвани, гьав чиясда тIаса инин гьеб балагь. Гьес хIукму гьабунила, живго хвезегIан чIужуялъул гIазаб хIехьезего тун лъикIин гьев. Гьеб, чIван хвелдаса, дагьабги захIматаб букIинин гьесие. Ва абунила, айин мун дурго лъадухъе, дун дуда тIасалъугьарав вугин.

## ГЬЕДИНАБ ЖО БУГО ИНСАНАСУЛ РАКI

КIиго гIолохъанчIужу, росдадаса лъикIаланго рикIкIад бугеб лъарахъе лъадал цIезе унел рукIанила. Гьел унеб нухлул рагIалда цо кIудияб гамачIги букIанила. Гьел ясазул цоялъ гьалмагъалда абунила, гьаб гамачIалъе мун йокьулей рагIулилан. ГанчIазе гIадамал кин рокьулелин, мун гIадаллъунищ йигейилан гьай цояй елъанхъанила.

Аммаха, гьеб къоялдаса, лъадал цIезе лъарахъе унелъулги, ячIунелъулги гьадаб ганчIида цее щведал, гьей яс, дагьаб лъалхъиги гьабун ганчIихъ ялагьун чIолаанила.

## ЗАХIМАТАБ МАСЪАЛА

Кканила гIолохъанчиясулги гIолохъанчIужуялъулги цоцазухъ рокьи. ХIукму кканила гьезул, кIиязулго гIумру цолъизабизе. Гьезул хIукмуялда кIиязулго эбел-эменги гIагарлъиги разилъун, хIадурлъанила бертаде.

Росулъ цоги гьечIеб, хъала гIадаб мина инсуца васасеги банила, гьелда жаниб лъезе кьерилал урхъараб къайи-цIа ясалъул эбелалъги гIуцIанила. БахIаралъе кьолеб хъалимги бицаде гIураб букIанила, жибго бертинги гIаламго ахIараб, ихтилат-кепги квана-гьекъейги гьарзаяб букIанила.

Бертинги лъугIун, тIаса-гъоркьа гIадамалги ун, бахIарал жалго хутIанила.

БахIарас абунила, бертинги нилъер цIакъ лъикI анин, гьанже цо чанго къоялдаса нилъ тира-сверизе къватIире рахъинин. Чода нахъа мунги рекIинаюн, гьаб нилъер вилаяталда ругел берциналщинал бакIал рихьизе ракIалда бугин дидаян.

Эб нахъа щайин дун рекIине колей, цее рекIине йигин дун чодайин абунила бахIаралъ. Чу бачунев чи дунлъидалин, дун вукIине ккеларищин цевеян лъугьанила бахIарав. Гурин, дун йикIине кколин цевейин чIанила лъади. Кколарин, бихьинчи вукIине кколин цевейин къотIанила росасги.

Гьедин, дун, дица бачунаго, цогияб жоялде регIичIого рогьанила бахIаразул тIоцебесеб сордо. Кинго къабуллъичIила гьезие цоцазе мукIурлъизе.

Чода цере-нахъа кинал рекIинел абураб суалги роцIинабизе кIвечIого, ахирги, радал гьел ратIалъанила.

# Гьабги, добги, добцоябги



**ЦIадаса ХIАМЗАТ**

## ВАСГИ ЯСГИ

**– ВахIай хIалимав Аллагь,
Диде тIамураб балагь,
Беразда къучIби рарав
КъватIул тула сабаблъун.**

**Гъарайха, ХIабибулагь,
ХIакълъун бугеб гIакъуба,
Къалазул хъунтIи квешав
Кашишас толарого.**

**Радал лъадай къокъани,
Къойил балагь тIамаяв,
ТIимгъилъ жанивги къулун,
КъулгIадухъ чIун ватула.**

**Къалъидал магъилъ ани,
Огь, дуй гIумру къокълъаяв,
КъунцIа-кIутIун сипатгун,
Ссанда кIусун вихьула.**

**Кийго ине рес гьечIо,
Росулъ къватIий яхъинчIо,
Рохьдолъа ГIирбангIанги,
ГIабдал цеве камичIо.**

**Кваназе такъва гьечIев
Такъия берциница
Бицунеб гIантаб рагIул
ГIорхъиго букIунаро.**

**ГIабдалилан дунги тун,
Тумазул гьардухъанас
Гьаб бакъул дунялалъул
Дий тIагIам бахъун буго.**

**Валлагь, битIун бицани,
ТIимакIучI вакьан гуро,
ТIерхьун гIарац хъваниги,
ХъаркIас къабуллъиларо.**

**Къварилъи, хIал щвечIого,
Щай гьереси бицинеб,
Гьесул ссун-ссуниялде
Сабрубизе кIвеларо.**

**Роцдаса хIет-рас гъинчIеб
Гъосогъадил тIинчI цадахъ
СагIидиял лугбузе
ГIазаб кьезе кIвеларо.**

ГIизраил малаикас
ЦIан дир рухI босаниги,
ЦIумахIелкил къвалакь ккун
Къо дица хIехьеларо.

ХIатIида цIурмалги ран,
ЦIумлъун воржанхъаниги,
Гьев яримангун цадахъ
Цо босной дун чIеларо.

– Вай муН чIаго хутIаяй,
ХвезегIан гIумру кьеяй,
ГIантаб хабар бицунге,
Цидулгун гени кунге.

РекIел мурад тIубаяй,
Дармидаса йохаяй,
Дуйго балагь гьабуге,
ГьечIел бугьтанал лъоге.

Дие дур хIажат гьечIо,
ХIинкъуге мун дидаса, –
ХIорил къверкъ бихьунилан,
КъвекIаб цIум бортуларин.

КъватIий-рокъое яхъа,
Яхчун чIезе ккеларо, –
Гъосогъадий чан гьаби
Лочнол вазипа гурин.

Дун гIадинав чиясде
ГIайиб гьабизе ккани,
Мунги гьечIин, гьодори,
ГьедигIанго берцинай.

Гьардухъанилан абун,
Дуца инжит гьавизе,
Мун йиго цIакъай купец,
КIаз босизе рес гьечIей.

Дида бугеб хIет-расул
ХIисабал гьаричIого,
Гьеб дурго хвехидаса
ХунчIул чурулей йикIа.

Чияр ургъел гьабизе
Ирга дуде щвеларин,
Черхалда бараб рукен
Хъасулей йикIа дурго.

ХъаркIас къабул гурилан,
Мун гаргадизе ккани,
Дурни щиб гIи-боцIиялъ
ЦIун буго мегIер-гIалах.

Диде хьуллъун ятила,
Йихха-йикаяй гъарин,
Гъорлъан канлъи бихьулеб
Калам гьабулей йигей.

– Огь, Бегунил васасде
Балагьеха, дир яцал,
Жиндирго эбелалъул
Ургъалида чIоларев.

Вай дихъилан чIечIого,
ЧIужуго щай асие,
Бицанщиналда божун,
Бугеб хьул бихьуларищ?

Меседил куркьбалги гъун,
ГIаршалде боржаниги,
Бецçрузалъул тIанчIида
ТIавус кквезе кIвеларо.

ТIолго ракьалъул кверщел
Кодобе кьун таниги,
Тубайдахъ хьиргъу лъугьун,
Лъидаго бихьиларо.

Пайда гьечIин, гьорол гвенд,
Гьабе дуего гIамал,
ГIадалал хабаразул
Хайир дуе ккеларо.

Вахъа дуйго жо гьаре,
Гьабе нужерго пиша,
Дуйго щвараб хинкIги кун,
Харил гъонолъ вегун чIа.

Дуй гIемераб калам щай,
Щолеб гIатI мукъсанлъизе?
ЧIа дурго къадруялда,
КъвачIил ургъелги гьабун.

Гьанже дир ахир калам,
ТIоцебе дуй бицана,
Мунги ахIмакъ гурелъул,
Лъазе ккелеб букIана.

ГьедигIан гIантав дуца
ГIелму киндай цIалараб,
Дун дуе щоларейлъи
Щайдай дуда лъалареб?

– Балагье, дихъ рокьи ккун,
Холей йигей гьанже ай,
Ххвелго гьабичIогонищ
ЧIелейилан ятила.

Дихъ бегьараб хIасраталъ
ЮхIулей йигей гьарин,
ХIал лъазе толарого,
Танкарал жал рицуней.

Бегунил васин абун,
Дуца инжит гьавизе,
Дур эбелалда бугеб,
Элда камураб жо щиб?

Уха ле, гIайиб гуриш –
ГIалимчиясулъуй мун,
ГIеч хисизе хьвадулев
Хьиндаласе гурого.

Кисаха мун дий щолей,
Шагьзабазул меседу,
Дурго къадру цIунун чIа,
Къаси лъалин нилъер хIал.

ХIелун, еццун бицараб,
Берцин гьабун абураб
Ургьиб биччалеб гьечIин,
Гьанже балагьила духъ.

Бицаралда пашманлъун,
Гьебщиналда ракI бухIун,
Мун угьдизе ккечIони,
Кквела гьаб бер бахъизе.

ЛъикI гьелда
кIалги гьикъун,
КIанцIун тIаде вахъана,
Хъасулаго гъваншагун,
Мажгиталъуй вуссана.

Цо-кIиго хантIа бахъун,
Ханжар бакьулъ бухьана,
Лъабго гулла тIамун цIун,
ЩедехI роцтIа бахъана.

Боголил парз борхана,
Хадуб ратибат бана,
ТIекъал къезе гьареян,
Гьари-дугIа гьабуна.

Гьанже балагьилилан,
Гьедун, къватIив вахъана,
Къедаса тIаде ххарун,
Азбаралъув лъугьана.

Рагьдул кIалтIеги вилълъун,
ЛъикI жанив гIенеккана,
ГIунайзатида аскIов
Инсан гьечIевлъи лъана.

НуцIаялда квалана,
Кинго санагIат ккечIо,
Гордоялда къеркьана,
КъагIидаго рекъечIо.

Гьанже яхI хварав чияс
Жаниб гьаракь гьабуна,
Кьижун йикIарай йорчIун,
Йихха-чIваркьун лъугьана.

– Яхъа, яс, къоно ричIе,
КъваригIел бугин дургун,
Къаси гьаб кигIан хекко
Мунго кьижараяли.

Къарал нуцIбиги рагьун,
Гьобол жаниве виччай,
Гьале гурищ доб нилъер
Диван гьабулеб сордо.

– Васав, дургин къваригIел
Къадго тIубан букIанин,
Къасдеги сунде гъундай
Хадув вачIунев вугев?

КъваригIани, ахIизе,
ХIохьочил цIар лъалаан,
ХIажат вукIинчIогури,
ВачIарав щиб гьабизе?

Вилълъа хекко, хазабе,
Хабар халат гьабуге,
Херав эмен ворчIани,
ЧIвалевин мун, гьве гIадин.

ПартIан, дун кьижизе тун,
ТIерхьа дида цевеса,
ТIулил вацазда лъани,
Лъолевин мун ракьалда.

– Ясай, гIумру батаяй,
ГIемер инжит гьавуге,
Гьел мацIал чияй рице,
Цин дун жаниве виччай.

Малайкзаби свказе
Калам гьабун пайда щиб? –
Кинго нахъвуссин гьечIеб
Сапарлъидал аб бугеб.

ЦIум тIаде къабукъани,
Къункърадул тIел биххула, –
Ханжаргун дун вортани,
Тела дур вацаца нух.

Хъурмил махI
чIвараб мехалъ
Чахъдаца авлахъ тола, –
Таманчагун лъугьани,
Лъутила, яс, дур эмен.

– ВахIай, мунищ вукIарав,
Щивдайилан йикIанин,
Щайгурин виччаларев,
Жанив вачIа, дир лачен.

Унго лъугьараб хIалтIи,
ЛъачIагури мун дида,
Макьид йикIадго гурищ
КIалъан ятарай дуда.

Яхъун нуцIа къирана,
КъутIбудал нур баккана.
Къарал гордал рагьана,
Фаизалъул махI чIвана.

Гьанже гьира-шавкъалда
Жаниве лъугьунаго,
Жулица чIвана гьумер,
«Гьав малгIун киве!» – йилан.

КIиабизеги дица
Жувазе къасд гьабидал,
Къвахьан гьодилъги бана,
«Болъонихъ балагье!» – ян.

Гьанже тIокIаб гьолдехун
Хиял лъица гьабулеб,
Хадуб балеб букIараб
Гьогъол хIисаб букIинчIо.

ХIайван гурелъул дунги,
Нух босичIого чIелищ,
Нахъаса кьотIи гьечIеб
Кьебелъи букIана тIад.

РечIчIулаго, чIвалаго,
Жулица вухулаго,
Хадуй лъугьун тушманалъ
Тезе гьабуна авал.

ТамахлъизегIан кьабун,
ГIодов ккезегIан вухун,
ГIечуде аралъуса
Хважа гIадин вуссана.

Ццидай бокьарабищха
Гьабилеян гурони,
Гьеси-гьеси букIана
Бегавуласде ине.

БукIа абе, кIваричIо,
КIудияб щукру буго,
ЧIаго-гIатIго къаси дун
Къайиялде ворчIидал.

РечIчIанщинаб гьецIо щиб,
Гьурмалъ банщинаб жул щиб,
Бадиб-кIалдиб щвечIелъул,
Щибго жо абиларо.





Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гъудуллъи

*БацІцІадаб магІарул мацІ,*
*МагІнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гъудуллъи».***

*Нилъерго гІадат, гІамал,*
*Кицı, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гъудуллъун ккве* ***«Гъудуллъи».***

